

MY ENEMIES BECOME FRIENDS

[Pdf by chigubhu//chigugugu+27749726167](#)

WRITTEN BY

DR KD MAZANI

+27 84 048 8648

TAMARI MURENGA

+263 71 276 8826

AND

PATIE

+27836691280

CHAPTER1

<https://chat.whatsapp.com/GIhsr6sCA2U0VKHNMAXbIQ>

"Tapiwa,Tapiwa,Tapiwa"

Ndakacheuka kumashure ndichitarisa kuti ndiyani arikudana zita rangu, neizwi rainakidza kunzwa, imo muchakasara chesango mandainge ndiri.Ndakaona ari uno musikana munaku naku ainge anemhino refu kunge muBritish chaiye, kana ririvhudzi raiva rakareba zvekutokunda chero muswe webhiza.

Ndakaita zvekuyeverwa ndakamutarira
kudaro, asi pandakati ndimutaudze inzwi
rangu rakaramba kubuda
zvachose,ndakambozvibata bata pahuro
ndichifunga kuti zvimwe inzwi rangu
ringadzoka asi zvakashaya basa rakaramba
kubuda.Panguva iyoyo musikana uyu
akaramba achifamba kuswedera pedyo
neni,akasvika akamira nechepamberi pangu
ndobva asimudza ruoko rwake akatanga
kuita kunge munhu arikubhabhaisa kumeso
kwangu;

"Ko nhai Tapiwa, unogonyarara sei
ndichikusheedza asi hausu kundiona here?"

Akadaro achinyemwerera,ndakaona mazino ake akachena kuti mbeembe kunge mazaya echando,ndakangoti nechemumoyo pamwe ndivo vayaya vanogeza mazino avo nemukaka.

Mazino ake ekumusoro ainge ainesaka raiva rakavhurika zvekuti chero ukaisa tsanga yechibage yaigona kukwana,raitoita kunge vende chairo asi zvaisaratidza kuti pakabva zino.

"Ko ndiwe ani nhai uye urimwana wepi, urikudei!!?"

Pandakataura mashoko aya ndaifunga kuti
inzwi rangu haribudi sezvaranga raita
pekutanga asi panguva iyoyo rakabuda
ndobva ndaita zvekudanidzira chaiko.

"Ndinonzi Thelma,"

Akadaro achiringa ringa kuita kunge munhu
arikutarisa kuti hapana arikutiona here.

"Urikudei pandiri Thelma uye watumwa
nani, handikuzivi ini, mudunhu muno
hamuna munhu akaita sewe?"

"Hongu ndinozviziva kuti haundizivi asi
bvunza amai vako vanondiziva."

"Asi iwewe haundishuriri here,ko
ndinogobvunza sei kuna amai vangu ivo
vakafa kare kare."

Ndakanzwa hana yangu ichitanga
kurova,mumaziso mukatanga kujenga
misodzi ndava kunzwa kuda kuchema
chaiko nekuda kwekurangaridzwa amai
vangu vaiva vakafa kare kare ndisati
ndavakutomboziva kuti upenyu chii.

"Usachema Tapiwa wanzwa,ndiripano inini ndatouya kuzokuudza kuti ndinokuda nemoyo wangu wese"

"Haaa usandiona kunge fuza wanzwa,unofunga kuti handizvioni here kuti mudunhu muno hapana anondida kubva zwashaya vabereki vangu ndangova zindonga chaiye saka ndisiye zvangu ndiende kugomo kundonamata ndichitaura naMwari nekuti ndiye ega anondida."

Pandakapedza kutaura mashoko aya
ndakakaruka ndabatwa ruoko nemusikana
uya akandisweddedza pedyo naye ndobva
aita kundimbundira akatanga kundikisa
pamuromo wangu,ndakanzwa
zvichinakidza ndakasekerera ndobva
ndamubatawo ndakaita zvekumonera
maoko angu muchiuo make.Ndainzwa
kunakirwa nekukiswa veduwe uye zvaiva
zvinhu zvandainge ndisati ndamboita
muupenyu hwangu hwese.

Ndakazovhundutswa nembwa dzaihukura
panze, ndipo pandakapepuka kuhope
kwandaiva ndichinyemwerera.Ndakaringa
ringa mumba asi hapana munhu
wandakaona,ndaingoona chete chaedza

chaiva mumba ndakashaya kuti chabvepi
ihwo huri usiku,jimbwa dziya dzakabva
dzamira kuhukura.Ndakasimudza musoro
ndikatarisa kumusuwu ndikaona
wakavhurika uye musuwu wacho pasitorina
zvachose.Ndakambozvirova rova
ndichifunga kuti zvimwe ndichirikurota asi
ndakazoono kuti hadzisi hope nguva
yandakanzwa manzwi evanhu vechirume
aitaura panze.Ndakasimuka nekukasika
hana yangu ichirova zvakaipa,pandakasvika
pamusuwu ndakaona panze pakaita kuzara
varume vamwe vakabata matemo vamwe
mabhembra,ndakada kudzokera mumba asi
zvakashaya basa ndakanga ndaonekwa
nechekare, ndakanzwa umwe wevarume
ava achidanidzira;

"Amuka munhu uya varume, mushonga wataisa watadza kuseenza hapachina zvimwe zvekuita kunze kwekumuuraya."

Kwekutizira chaiko ndakashaya nekuti varume vese vakabva vatoregedza zvavaiita ndobva vaita zvekundikomba chaiko asi handina kana umwe wandakaziva nekuti vainge vakazvivhara kumeso kwavo nemadhende. Rakangouya rino zihwitakwi rerume ndobva rangonditi dzvii muhuro zvinesimba.....

flash back

Rimwe zuva achitova manheru ndakabika
sadza rangu,ndapedza ndakafunga
kupakura rababa kuti ndivape but
ndakazoono kuti zuva rainge rava kutodoka
ndisati ndapfigira zvipfuwo zvakababa vangu
ndipo pandakasiya ndavhara mapoto
ndikanotora zvipfuyo kumashanga
kwazvaiva.

"Nxaaa mazimbudzi aya anobhowa,manje
nekuwanda kwaaakaita ndinomagona here
ndiri ndoga kudai."

Ndaitaura zvangu ndega ndichinetseka
nekuisa mbudzi muchirugu madzo,misodzi
yangu yakatanga kubuda ndavakutochema

munongoziva kana uchiri mudiki pfungwa
dzinenge dzichakati sarei, kanhu kadiki diki
unogona kungochema. Neniwo
ndaizvinyanya ndofunga ndainyanya
kurererwa mutireyi ndichibatwa kunge zai
pauduku hwangu ndakazotanga kuona
kuipa kwazvo gore rainge rafa mai vangu.
N dofunga baba vangu vakandinzwa
kuchema kwandaiita, ndakanzwa vava
kundisheedza. Ndakasiya mbudzi dziya
dziripanze ndikamhanya mumba maiva
nababa ndichida kundonzwa kuti varikudei;

"Gara apa mwana wangu."

Vaitaura izvi varipanhowo sezvo vainge
varimurwere,ndakagara pachituro
chavainge vanditendekera ndikazvipukuta
kumeso kwangu ndaida vasaona kuti
ndambenge ndichichema

"Ko urikuchemedzwa neiko panze apo?"

Ndichinyemwerera zvenhema; "Aiwa baba
handisi kuchema ndanga ndichiimba
zvangu"

Baba vakatendeudza musoro wavo ndobva

vatarisa kwandainge ndakagara,ndakatarisa
maziso avo ndokuona anyanya kuita
machena chena hana yangu ichibva
yatanga kurova.

Ndakasimuka pandainge ndakagara
ndikandopfugama pedyo navo ndikavabata
pabendekete.

"Usatya zvako mwana wangu ndichiri
mutano ini.....Ndakunzwa hangu
uchichema panze apo, moyo wangu
ukarwadza zvisingaiti ndikatanga kufunga
kuti dai madzikoma ako ose varivapenyu
kutura kudai ingadai muchibatsirana
mabasa"

Ndakafunga kuti zvimwe baba vangu asi dzadambuka kani ,ko madzikoma avaitaura aya ndeepi futi inini ndaiva ndakabarwa ndirizai regondo.

"Murikutii baba,madzikoma vamuri kutaura ndivanani?"

"Hatina kukuzvara uriwega mwana wangu,une madzikoma vashanu asi havasisipo vese panyika ino vakashaya.Panguva yakaitika zvese izvi taigara kuMhondoro pedyo nehama dzedu,takatsvaka chaitidyira vana vedu

tikanzwa kuti ihama. Takazoronga kutama namai vako kubva kuMhondoro tikauya kuno Gokwe,takagara makore anokwana matanhatu tisina umwe mwana nekuti taiva tatozviudza kuti hatichada kubara vamwe vana zvachose nekuda kwemarwadzo ekuzvarira muvhu.Mai vako vaitonwa mapiritsi ekuti vasaita pamuviri asi takazoshamiswa mugore rechinomwe tabva kuMhondoro maivako vachindiudza kuti vazvitakura.Nguva yakasvika ndobva wabarwa iwewe tikangokutumidza kuti Tapiwa nekuti takakupiwa naMwari tisina tarisiro yazvo.Taiva tisina tarisiro yekuti uchararama asi nhasi hona wavakutoita grade 7 ,mai vako pavakashaya vakasiya vandiudza kuti ndikuchengete asi neniwo handizivi kuti nguva yangu inokwana rini saka unofana kusara uchimira semurume

mwana wangu.Vachauya vavengi vachida
kuzokurwisa kunyanya hama chaidzo
dzikaziva kuti uri....."

Baba vakabva vangoti zii vachitaura kudaro
apa maziso anga achibhenengurwa
asisabwairi.

"Baba,baba,baba baaaba,yoweee amaiwe
nhai Mwari mandifungireiko inini."

Ndakatanga kuchema veduwe kusvika

mbabvu dzava kurwadza,ndakanyatso ona
kuti baba vangu hapachina ndaiva
ndangosara ndega.Ndakaona kuti chero
inini wacho ndichararamirei,ndakasimuka
ndikamhanya kutsapi kwaigara mushonga
wataiisa pamombe kuti dzisarumwa
nezvishambe ndichida kunwa zvangu ndife
ndivigwe pamwe nababa vangu.

Ndakatora rogo yacho ndikaidira mukagaba
ndikatanga kufamba kudzokera mumba
manga mafira baba,nguva yandakasvika
pamusuwo ndakanzwa inzwi kumashure
kwangu.

"Tisvikewo pano apa"

Ndakacheuka ndikaona varimambo vanga vatosvika kuzoona baba semazuva ose.

"Chii chawakabata muruoko rwako Tapiwa heee,ko sei ndichinzwa kunhuwa kwerogo pano?"

"Yoweee maiwe handina chandichararamira inini panyika pano baba vangu vafa Mambo amai kani ndosara na....."

Handina kuona kuti mambo vakasvika
pandiri sei ndakangozokaruka ndabvutirwa
mushonga uya.Veduwe ndakachema
kusvika ndafenda,ndakatorwa
ndikaendeswa kuhospital ndikandogara
vhiki rose ndichirapwa, pandakazodzoka
ndakangozoratidzwa guva rababa vangu
vatochengetwa ndisipo.Zvakatora makore
kuti ndizvigamuchire,dzimwe nguva
ndaitoenda kungochema ndiripaguva ravo
shungu dzangu dzaiva dzekuda kuziva
hama dzangu kuti dzirikuMhondoro kwacho
kupi uye ndaisaziva kuti ndofamba sei kuti
ndisvikeko.Ndakagara pamusha apa ndega
ndisina kana hama zvayo yandaiziva,munhu
1 aitombopota achindifunga ndimambo
vemudunhu redu vaimbopota
vachindivigirawo chikafa saka upenyu
hwangu hwaingova hwe hwaku mukwaku.

Back to my story

Ndainge ndichifunga zuva rakafa baba vangu nguva yandainge ndamirira kuurawa nevarume vainge vandikomba.Ndakambofunga kuti hadzidaro here dziri hama dzababa vangu dzavakafa vataura pamwe vauya kuzondiuraya hameno,ndikambofunga kuti zvimwe anenge machinda amambo sezvo vaindivengera kufarirwa namambo kwandaitwa.

Pandakadzvinywa huro ndakanga
ndisisagone kana kufema zvakanaka
ndaitonzwa kuti mweya wekufema pano
handisisina,ndakaedza kuda kutaura
ndichida kubvunza kuti ndimi vanani asi
inzwi rakaramba kubuda.

"Mati ndomumonyorora here kana kuti toita
wekugura musoro nebakatwa."

Raidaro zirume riya raiva rakandibata huro
apa unzwe zinzwi racho raitotyisa kurinzwa.

"Aiwa usamuraya hatidi ropa mumaoko
edu,musungei netambo mumuvhare
kumeso nemucheka uyu."

Ndakasungwa makumbo zvese nemaoko
netambo ndobva ndaita zvekumonerwa
kumeso nemucheka ndikasara
ndisingachaoni kana chinhu.Ndakatakurwa
ndikafambiwa neni mufambo wakati rebei
usiku ihwohwo apa ndaisaziva kuti
ndirikuendeswa kupi.

Ndakasvika ndobva ndaita zvekurasirwa
pasi kunge shamba,ndakarwadziwa hama
dzangu asi wekuchemera ndipo painge
pasina.Ndakarara pandainge ndarasirwa
usiku ihwohwo ndichingochema asi
ndakashaya akandiyamura,ndakazonzwa
kurira kweshiri ndikaziva kuti kunze
kwainge kwachena.Ndakamboedza nepese
pandinogona napo kuti ndizvisunungure asi
zvakashaya basa kusvika ndangozosiya
nazvo ndikarara zvangu ndakadaro
ndangomirira zuva rekufa.....

End of Chapter 1

_ *MY ENEMIES BECOME FRIENDS* _

↑ ♂ ♂ ♂ ♂ ♂
↑ ♂

*WRITTEN BY*

DR KD MAZANI

+27 84 048 8648

TAMARI MURENGA

+263 71 276 8826

AND

PATIE

+27836691280

CHAPTER2

<https://chat.whatsapp.com/GIhsr6sCA2U0VKHNMAXbIQ>

Theлма /Ruvheneko

Mukangondibata chete ndonoudza dunhu
rose huipi hwenyu kuti mapedza vana vose
vepachikoro pano muchivaita vakadzi,
mweyayi chaizvo wakugarai baba imi.?
Munonatsa kundiziva zvakanaka here kana
kuti munongoita manzwira,? zvino
chingondigumhayi muone chete nxaana
zirume rinazvo risinganyare mongomisa iro
zidumbu ndizvo zvamandidanira muno
here.?

Handina kudavirwa mibvunzo yese
yandainge ndabvunza,rume raingozhinya
rakamira pakona apa mudzipa huro wanga

watobviswa pahembe nechekare.Hazvina kundimisa kupopota nekuti ndaiva ndavakutotyira upenyu hwangu, nyangwe dai ndaida kuridza mhere ndaigoridzira ani ipo panze panga pati nyungu kureva kuti vamwe vese vanga vamhanyidzana kuenda kudzimba dzavo.

"Nxaaaaa hapana zvamunogomera apa makapedza hwenyu hupenyu munoda kunyangadza hwaani ndofunga ndiwo mapiritsi amunomwa sei musingakuri baba imi honai zera rangu nerenyu zvinopindirana papi?

Him: "Iwe chisikana wakuzondigumbura
manje wataura zvakawanda
ndakakunyararira, ita tione zvinoita ndine
zvakawanda zvekuita.Usafunga kuti zvauri
mwana waMambo woda kutonga nepano
pachikoro, pano panoti ini ndini nditori
Mambo wepano wanzwa kaa, vadzidzisi
vese hapana anoti pwee ndikataura kozoti
iwe musvika zuro uriani nhai?Bvisa skirt
yako nekukasika usade kuita
seuzingazvizive apa nhasi ndoda
kukunzwise zvausati wanzwa
mfana,ndinonzi Muchekakwese ini kana
wanga usati waziva rimwe zita rangu."

Headmaster ava vaitondishura chokwadi vakabva vafamba vachiuya kwandaive ndiri ndakatangawo kutenderera netable yaiva muoffice mavo ndichitiza kuti vasandibata. Pavakandivharira mativi ose ndakasara ndave pa mhene chaipo, hana yangu yakatanga kurova nekuti ndakaziva kuti pangu pandiperera ndava kutoitwa nyama yemagora.

Pavakada kundi haka nemazioko avo ndakangovafuridzira mumaziso avo ndikanzwa rume robowa kunge mombe irikuurawa. Ndakatora makey emusuwo

nekukasika ndikabudamo chimbi-chimbi
kuitira pasava neanondiona, munongovaziva
vanhu imi kana votaura vanozotaura
nepasipo voti takamuona Thelma achibuda
muoffice mahead zuva rodoka zvaizobuda
here apa ndirimwana wechikoro. Handina
kuzombomira pachikoro apa
ndakangonanga kumba munzira mose
ndainetseka ndichizvibvunza kuti; _Saka
zvandafuridzira headmaster hachakwanisa
kuona zvachose here?_ Ndakambozvituka
kuti ndaive ndazviitireyi asi ndaizoti
ndikarangarira vana vechikoro
vavakamanikidza kurara navo ndaibva
ndanzwa kufara ndichiti ndavagona nekuti
vaiva nehutsinye, kubva riini ndichingonzwa
hunhu hwavo asi kana zvinhu zvisati
zvakuwira unenge uchingoti inhema.

Vazhinji mungade kuziva kuti headmaster
ndaive ndavaita sei kuti vaite bofu eheka
tokuzivai vamwe mungazofamba
muchifuridza vanhu muchiti vanoita
mapofu, imika itai mushe

Chinzwaika.....; ndichikura ndakangokura
ndiri mwana akanyarara ndisina nguva
yekutaura kana kutukana nemunhu
vaindiona vaiti ndinodada nekuti ndiri
mwana waMambo. Asi aitova manyepo
zvawo ndaitove nezvaindinetisa kubva
ndichikura, chero kumahumbwe
kwandaitamba nevamwe kwaitika zvinhu
zvisinganzwisike dzimwe nguva ndaigona
kutiza vamwe ndondotamba ndega zvinhu

izvi zvainetsa vanhu vazhinji vakaona
kukura kwangu. Ndakazoudzwa nekufamba
kwenguva ndati kurei kuti ndaive nechipo
chandaiva ndakazvarwa nacho
ndakafumbata mumaoko angu. Chipu ichi
chaikura zvichienderana nekukurawo
kwandaita, musazoti huroyi ndapota hangu
tangai manzwa kunoenda nyaya .

Munhu akatanga kuziva chipu changu ichi
ndibaba vangu (Mambo) ndobva
vatonditumidza rimwe zita rekuti
Ruvheneko asi ini ndaisarifarira hangu
ndaيدا rangu Thelma rinodanwa chero
nemunhu asina mazino. Nguva zhinji baba
vaitondidana kumatara avo nekuti
ndaionesva zvakawanda kunyangwe
zvisingaonekwi nemaziso enyama asi inini

ndaizviona.

Izvi zvakakonzera kuti ndivengwe mudunhu
redu nenyaya yekuti ndaisashaikwa pose
panotonga mambo kana irinyaya yekutonga
dzimhosva ndaitokunda chero vanasoro
jena, chero vaya vaiti kana vaiparamura
mhosva voedza kuenda kun'anga kuda
kuzvichenesa mazita avo vaingoti vasvika
chete pandiri vaikotama votozopedzisira
vadura nezvimwe zvavakaita makare kare
ndisati ndazvarwa

Ndaive musikana akanaka uye chimiro
changu chakasiyana nerwudzi rvedu
rwechitema chero mhino yangu yaiita kunge

isiri yechibhoyi nekuti yainge yakamira kuti
twii kuita munongedzo chaiwo.

Pandaifamba pese hakuna mukomana
aimira kuda kuedza kundipfima anenge
akamira saani anopfimba mwanasikana
wamambo ndofunga ndaityisa hameno.

† ♂

Mai vangu zvaivanetsa kuti ndikakura
ndakadaro ndaizowanikwa nani asi ini
ndaitozvida, munongoziva kuti vanamai
vakatoona mwanasikana aputudza vanenge
vachitova neshungu dzekuda kuziva kuti
wava naye mukomana here asi inini
zvekuita mukomana hazvina kumbogara
zvauya mupfungwa dzangu.

Back to my story

Mazuva akafamba kubva musi wandakapofomadza naheadmaster handina kumbozodzokera kuchikoro sezvo zuva ravakada kundibata chibharo raiva rekuvharwa kwezvikoro saka ndaizoenda kundodini hangu. Hameno kuti nyaya yavo yekuti vapofomadzwa nechavasina kuziva yakasvika munzeve dzaMambo sei nekuti ini handina wandainge ndataurira. Zvino Mambo nekuziva kuti mwanasika wavo anogona zvose vakatumira machinda avo kunotoro headmaster wedu ndokukokorodza dunhu rose kuti mukuru uyu awane rubatsiro.

Nyaya yakataurwa kubva zuva richibuda kusvika ronovanda muna maivaro asi painge pasina chabuda,vashoperi vese nen'anga dzemudunhu vakamboedza kukanda hakata pasi asi hapana kana umwe akaziva chaiva chapofomadza Muchekakwese.

Ini ndaive ndakagara munhanga mangu hangu asi ndichinzwa zvose zvaitaurwa kudare ramambo ndipo pandakazonzwa imwe n'anga huru yedunhu ndiyo yakazotaura ikati.

"Ko mazvinetsereiko kutsvaga muroyi nepasina baba ava vanoziwa zvavakaita kana voda kuona ngavakumbire ruregerero kune mwanasikana waMambo"

Vanhu vose vakaita mahon'era kuratidza kushamisika nazvo,pakabva patumwa machinda amambo kuzonditora munhanga mandaiva apa hapana aiziva kana kufungira kuti zvose zvavaitaura ndaizvinzwa kunganwe ndaisavapo padare pachu. Ndaifamba ndichiimba nziyo yandaiti kana ndaimba chaunga chose chaisa runyararo

zvekuti chero nhunzi chaidzo
dzaitombomira kufamba.Ndakasvika
pachita chevarume ndikakotamisa huso
hwangu pamberi paMambo nen'anga yavo.

Headmaster akanzi ataure zvose zvaakaita
vanhu vachinzwa; akatanga kutaura kuti;
"vanasikana avapedza nekuvaita vakadzi."
Vamwe vabereki vaiziva kuti vane
vanasikana vaidzidza pachikoro apa
vakabva vada kurova head asi vaimiswa
nemachinda amambo.

Pavakazondinakidza ndepavakati;

"Thelma ndaitoda zvekumuroora asi

haataurike naye zvekumhanya ndosaka
ndakafunga kumubata chibaro, dai
ndakangomuhwina chete kutaura kudai
ndiinaye"

Ndakanzwa kufara panguva iyoyo nekuti
chokwadi chandaيدا chakabuda pachena.

Pakapedza Muchekakwese kutaura mhosva
dzake Mambo vakabva vati;

"headmaster anofanira kusungwa"

"Hongu mambo wangu kusungwa
ndinobvuma asi ndokumbirawo kuoneswa"

Akadaro head akarereka musoro

zvautosiririsa, unombozoti ndiye uya here
aingwara ngwara arimu office make achida
kudya zvaasina kurima. Ndakabva
ndamufuridza maziso ake akatanga kuona.
Kubva pachitiko ichi vakomana vese
vakanga voti vakandiona munzira
vaimhanya kutiza chaiko kuita
sevachatyoka makumbo ndaifa zvangu
nekuseka nemiwo imbopafungai kutizwa
nemunhu wausina kudzingirira.

Mazuva akafamba pasina mumwe munhu
ambopara mhosva ndofunga vainge
votya, mumwe musu ndainge ndakatoneta
kunze kwaipisa zvekuti kana ukange uine
mhanza seyaVharazipi rikakurova

panhongonya waigona kufenda.Ndakatora bonde rangu ndikandorara hangu pasi pemushuku waiva pamba pedu,jope dzakakasika kunditora semunhu anga arukurukutika nezuva,ndakabva ndatanga kurota;

"Thelma mhani usadaro hona zvauri kuita topedzisira taita zvisiri izvo."

Ini: Mira kani Tapiwa ndirikuda kubvisa kapundu kari kumusana kwako.

"Bvisa hako asi usandichekenyedza kana kundibata apa pawanga uhibata"

Nguva yandakada kumubvisa kapundu kacho ndakabva ndapepuka hana yangu yakarova kuti mukomana wandairota ndichimubata bata aive aniko. Hope idzi ndaidzirota zuva nezuva asi handina wandaiudza apa kutsvota kwazvo ndairota munhu wandisingazi asi kuhope ikoko ndaimusheedza kuti Tapiwa.

Handina kuda kuzorara ndakaramba zvangu ndigere pamushuku apa ndobva ndatanga

kufunga zvose zvaitika muupenyu hwangu
ndakabata rushaya;

_Ko izvi zvose zvandinoita zvinosvikepi
nhai?vamwe vanhu vangara
vachikatyamadzwa vamwe kutonditya
chaiko nekuda kwazvandinoita vamwewo
ndivo vanoti kunyepa saka ndichasvika rini
zvichidai kurarama ndisina anondida kana
shamwari zvayo._

_Kunyangwe zvazvo Mambo vaive
vakaudzwa kuti muchabara mwana
musikana anenge ane chipo asi achityiwa
nedunhu rose nekuda kwezviri pandiri.Asi

ndoona sekuti nditori musununguri
wevanhu nekuti kuberekwa kwangu
kwakasandura zvinhu zvakawanda
maNembudziya muno nekuti maive
nekushereketa kwakanyanya
zvaitozivikanwa Zimbabwe yese. Zvino
zvandiri kudai kufumura chero varoyi
vazhinji vamwe vakandorasa magona avo
ndoona sekuti ndizvo zvimwe zvinokonzera
kuti vazhinji vandivenge ini._

_Mumasango anoyera ndini ndoga
ndinopinda ndisina kana matyira,dzimwe
nguva vabereki vangu ndivo vanobatira ura
mumaoko kana mhandara yavo yapinda
mumasango anoyera chero murima rakadii
ndnoifamba.Vavengi vanomboronga kuda
kundipfuudza vachindigaririra. munzira

dzangu asi ndinobva ndazviona ndichiri
kure ndongosimudza chamupupuri zvokuti
munhu wese anotadza kuona,
pachinozodzikama ndinenge ndaenda kare
ummm zvinhu zvacho chero neni
handichanzwisisi kuti zvichasvikepi ini,
kureva here kuti....._

Ndakazogurwa ndangariro dzangu nguva
yakasvika mai vangu nababa vachibva
kumusangano kwavanga vamukira kuenda
makuseni.Ndakangokwazisana navo
ndobva ndaenda zvangu munhanga mangu
semunhu aisada vanhu vakawanda chero
chikafu chaingouya ndiri mumba
mangu.Handina kana basa randaiita
kungava kubika kana kuenda kumunda

ndaisatoziva kuti badza chairo
rinoshandiswa sei.

Rimwe zuva ndakafunga kubvunza mai
vangu maererano nehope dzandairota
nekuti zvaive zvanyanya.

Ini: Mhamha ndine hope dzinondinetsa zuva
nezuva asi kana ndichirota zvoita sezvinhu
zvirikuitika hope idzi dzakasiyana nehope
dzamunoziva.

Mai: hope dzomboita musiyano wakaita
seiko nhai Ruvhe usada kundinakidza iwe
ndakakuudza nyaya yako yekuvata zuva
rakacheka nyika chiona manje wakurota
hope dzisiri hope manje

Ndaiita kusvotwa chaiko kana mai vangu
vachindisheedza kuti Ruvhe vachitadza
kungonditi Thelma. Ndakatoona kuti mai
vangu hapana chavaimbonzwisisa
pamusoro pahope idzi ndikasiyana nazvo
asi mumoyo mangu zvaindinetisa
ndichishaya kuti zvinoreveiko uye Tapiwa
wacho ndiyani.

Manheru emusi iwoyo wandakabvunza mai vangu zvehope. ndakarota futi mukomana uya ndichimuona ari musango raityisa. Ndisati ndataura naye pakabva pasvika vamwe mai asi handina kuona kwavakabva nako ndakangoona vatomira pamberi pangu.

"Iweeee Ruvheneko"

Ndakavhunduka ndirikuhope kudaro nekuti zita rekuti Ruvheneko raisazivikanwa

nevazhinji kunze kwamai, nababa vangu
nemachinda aMambo.

Ini: Ndimi ani imi uye mabva nepi?

"Ndinonzi Shuvai ndini mai vemukomana
uyu akasungwa."

Ini: Saka ndimi here mamusunga kudai sei
muchishungurudza mwana wenyu?

"Kwete, ndinotodawo rubatsiro rwako
ndapota sunungura mwana wangu upenyu

hwake hwese hurimumaoko ako."

Ndakatarisa mukomana aiva akarara pasi
ndokuona

kumeso kwake kwakamonerwa mucheka
mutsvuku waiita kunge wemashavi,maoko
nemakumbo zvose zvainge zvakasungwa
apa achiita kuzarirwa nekufema kunge
munhu oda kufa.

"Asi inini handigoni kusinungura mazitambo
aya mai"

Ndakataura mashoko aya ndakatarisa
Tapiwa panguva yacho ndakatarisira
mhinduro kubva kuna mai vake asi handina
kupindurwa,ndakasimudza musoro kuti

nditarise pavanga vakamira wanike
apachina munhu asi ndakazoon pane
bakatwa.Ndakatora bakatwa riya ndobva
ndakwanisa kucheka tambo yemumaoko
neyemakumbo,nguva yandakada kuti
ndisinungure kumeso ndakabva ndapepuka
apa dikita rakati chakwata muviri wese apa
ndichifemera mudenga kunge munhu
azarirwa.....

End of chapter 2

M&PP love you all

*MY ENEMIES BECOME FRIENDS*

↑ ♂ ♂ ♂ ♂ ♂
↑ ♂

*WRITTEN BY*

DR KD MAZANI

+27 84 048 8648

TAMARI MURENGA

+263 71 276 8826

AND

PATIE

+27836691280

***CHAPTER* 3**

<https://chat.whatsapp.com/GIhsr6sCA2U0VKHNMAXbIQ>

"Chiradza imbosvika pano ndimbokurume nzeve, pane zvandafunga zvandiri kuda kuti tikurukure pano zviri kundiremera. Mukati memoyo wangu handina kunyatsogadzikana nekuda kwezviri kundinetsa"

"Nhai Mambo wangu mukataura zvekuti

pane zviru kukunetsai tinodzoka totya kaa.
Nekuti ndinoziva muri munhu
asingapererwe zvekumhanya inga imimi
ndimi chipanga mazano chedu wani, zvino
zvazvinoda kudaro pamuti munyoro ko
kuzoti pane wakaoma. Zvisinei hazvo
ndavakutongoseenzesa shumo yevakuru
yekuti kutsva kwendebvu varume
vanodzimirana saka taurai henyu Mambo
wangu ndakateerera pamwe ndinogona
kukubatsirai. Ndinoziva munovimba neni
ndosaka masarudza kundiudza zviru
kukunetsai, takabatsirana mune
zvakanwanda handifunge kuti apa
ndingatadze sunungukai henyu"

Ndakadaro ndichikotamisa uso hwangu
pamberi pavo ndobva ndabvugama pasi
negumbo rimwe.

"Nyaya iri kugara ichindishungura siku
nesikati yakaoma handizive unoiona sei,
tarisa ini ndakura handina kure
kwandichasvika ndichiri mupenyu
ndinogona kungomuka ndakaomera
mumba.Zvamunoziva mese kuti ini handina
mwana mukomana wekuti ndingasiire
humambo Mwari vakandiseka vakasandipa
mudyi wenhaka. Nguva yese iyi ndaive ndiri
kupishana nepfungwa kuti ko ndikatora
hangu Tapiwa uyu ndomuita mwana wangu
kana ndichinge ndazofa osara achigara
nhaka. Ndinoona sekuti mwana akanaka

netsika dzisina ani nani zvake mudunhu muno. Tarisa uone kubva pakashaika baba vake hapana chandakambonzwa vanhu vachitaura kuti azoita zvakaipa, nguva zhinji pandinoenda kumba kwake ndinotoita kunge ndakagara nemwana wangu. Saka ndanga ndiri kufunga kutaura naye,hanzi zano pangwa uine rako hameno rangu iri kuti unoriona sei? "

Ndini zvangu Chiradza ndainge ndiri kukurukura na mambo wangu uyu vandaive ndane nguva ndiri mukuru vemachinda ake. Mashoko avakataura akauya sechibhakera

mukati memoyo wangu. Ndaisambofungira kuti Mambo vangafunge kuita zvinhu zvakadaro ini ndaive ndabva nawo kure nguva yese ndaitofungira kuti pamwe vachasiira ini tsvimbo sezvo paive pasina chavaisandiudza pazvese zvepadunhu apa vachiratidza kuti vaivimba neni. saka mashoko akataurwa handina kunge ndakamatarisira kubva kwavari.

Ndakatanga kushandira mambo ndichiri mudiki ndisati ndane ruzivo rwakanyanya pane zvehumambo asi nekufamba kwaiita

mazuva nemakore ndakapedzisira
ndavakuziva zvese kusvika ndazoitwa
mukuru vemachinda amambo Mujinga. Izvo
zvandaigara ndichishuvira muhupe hwangu,
handina zuva randakambofunga kuita
zvakaipa kana kuita zvemusoro wangu.
Ndaitedzera zvese zvandinenge ndanzi
ndiite ndizvo zvakapa kuti mambo
vandiudze zvese zvinenge zvavanetsa
nedzimwe nyaya dzavanenge vachida kuti
dzisazivikanwa nevanhu hapana
chandaisaziva pamusoro pavo asi hapana
zuva randakazvitaure kune vanhu
sekuvimbisa kwandaive
ndakavaita. Ndaiedza nepese pandinogona
napo kuzvininipisa pamberi pavo nekuti
ndaيدا kugara ndichiita zvinovafadza
ndichifunga kuti nerimwe zuva
vachazondiudza kuti vaizondisiira

humambo hwavo sezvo vaive vasina
mwana mukomana.

Pandakaudzwa namambo kuti vaive
vafunga kutora Tapiwa semwana wavo
ndakapererwa nezve kutaura panguva
yacho ndakambotora nguva ndakavatarisa
nekuti ndainyatsonzwa kuti ndikataura
ndinogona kushaisha kutaura nekuti vaive
vandırwadzisa kusvika pamoyo chapo.
Nezvese zvandaivaitira vaisafanira kudaro
dzimwe nguva ndaitomira mira kuvavharira

nyaya dzavo dzimwe dzavanenge
vadvinyirira vanhu pakutonga asi apa
vakange vavakutoda kundirasisa zvavo.
Ndakatoona kuti vaive vasina mugoni
ndakange ndichizvinyepera kuti nekufamba
kwenguva vachatarisa zvese zvakanaka
zvandaivaitira vondisiira huMambo nekuti
hapana chandakange ndisisagone. Ndakada
kumborega kuvapindura asi ndakazokasira
kufunga kuti havafanirwe kuzviona kuti
ndabatikana ndipo pandakazoti;

"Ini sekuona kwangu Mambo wangu,
zvamataura zvakanaka chose. Asi

zvamunoziva mwana uyu wakaita zvekubva kudunhu rekwavo kwatisingazive vakauya kuzogara kuno vaisava vemudunhu rino.Uye mukanyanya kutarisa sei patakavagamuchira muno pasina kutora nguva vabereki vaTapiwa vakabva vafa uye kubva pakuchengeta kwatakaita mai vacho nababa vacho hapana kana hama yavo imwe zvayo yakauya.Hongu kuna mai takazvinzwisisa nekuti takaudzwa kuti ainge asingazive hama dzake sezvo akakura achichengetwa kunherera ko dzababa vacho kee.? Saka ndanga ndafunga kuti nditsvage vanhu vanokwanisa kutsvagurudza nezvavo kana tichinge tavakunyatsoziva zvizere munomutora henyu asi musawana wamunoudza nekuti zvinogona kuzoenda nepamwe."

Ndakataura ndichiedza kuzvidzora hasha dzandaive nadzo nekuti ndakatoona kuti hapana imwe nzira yandingavamise nayo kuita zvavainge vari kufunga ndaiziva kuti ndikasadaro zuva raigona kutodoka zvatozara vaisanonoka kuita zvinhu zvavo zvavanenge vafunga.

"Asi handione chakaipa paari zvangu tagara nguva yakareba nayo mudunhu rino nhasi

ndipo patinozoita zvekutsvagana nezvinhu
zvakare here nhai Chiradza.Kutaura kudai
ini handisi kukwanisa kugadzikana nekuda
kwe izvozvo saka tofana kuzviita
nekukasika nekuti zuva rekufa
haritaure,saka ndinofana kuzofa dunhu rose
ravakuziva"

Mambo Majinga vakatotaura zvavo
vachisekerera izvo zvakapa kuti
nditovedzere kurwadziwa.

"Ini handione zvichiita hanzi kumhanya hakusi kusvika regai nditange ndamboita tsvagurudzo dzangu. Makanganwa mazuva aye zvakazoitika here mukapedzisira movengana naMambo Nembudziya nenyaya yenyu yekuda kungoita zvinhu musati mavane ruzivo rwakakwana ndipei nguva inga munondiziva kuti handidi kuti pazoitika chakaipa kwamuri"

Ndakatombonzwa kusununguka nekuti apa aive aratidza kunzwisisa asi kuti ndaizoita sei kuti zvinhu zvacho zvizoenda nepamwe ndizvo zvaive zvasara.

Handina kuda kuzoramba ndiri paanga ari Mambo ndakabva ndatobuda ndikanogara kwandaiwanzo enda kana ndiri kuda kuva pangu ndega. Ndakamboedza kufunga kuti ndoita sei kuti Tapiwa asapihwe huMambo hwandaida ini asi ndakashaya ndakatomboopererwa. Ndakaita mazuva ndichiedza kufunga kuti ndoita sei asi zvaibva zvaita kunge nepfungwa dzacho dzisisa shande. Zvakapa kuti ndigare ndakanyarara ndisina vandinotaura naye,ndaiti ndikabvunzwa nevamwe vangu dzimwe nguva ndaibva ndati ndiri kurwara.

Ndakazona rimwe jinda raMambo rainzi
Staben ndiye ainditeedzera pahukuru
tainyatsowirirana asi zvimwe zvinhu
ndaisamuudza zvaitika kana zvekuti
Tapiwa aida kutorwa ndakange ndisina
kumuudza. Chakandishamisa akasvika
achiratidza kusuruvara pachiso chake izvo
zvaisa gara achiita mazuva mazhinji aive
munhu aigara achifara,kana pandaifunga
nhamo dzangu aimboedza kuda kufara neni
akapedzisira atosiyana nazvo, akangosvika
nekutopaumba asika kama nekundikwazisa;

"Saka nguva yese iyi ndosaka wanga uri kugara wakanyarara hako nekuti waiziva zvirikuda kuitwa naMambo. Nhasi ndaenda kunomubvunza ndaisafungira kuti angadaro ini kuda kutora mubva kure watisingazive kuda kumuita Mambo panzvimbo yekutora mwana vemuno. Chokwadi izvi zvinopa kuti dunhu riparare dai tatafunga zvekuita kuti tisatorerwe humambo hwedu nezviuya izvo vaisava vemuno ava"

Akadero Staben achiratidza kurwadziwa

ndakatoona kuti saka ndaisava ndega
munhu airwadziwa nezvaive zvataurwa
Mambo.

Chakandinetsa kuti iye sei
anyanyorwadziwa nezvazvo
ndikambozvibvunza kuti asi aive ari kuda
kuita mambo here nekuti aigara akataura
nezvazvo nguva dzese dzandaiwanzo taura
naye. Asi ndakapedzisira ndatoona kuti
zvekuswero tsvaga zvakawanda hapana
zvazvaibatsira asi kutaurirana kuti zvisaitike
izvozvo. Ndakamuudza zvandaifunga nekuti

ndaisafara nazvo asi ndaishaya kuti
ndoitasei.

"Saka wanga wafunga kuti tizviitase nhai
Staben?"

Ndakamubvunza kudaro nekuti inini ndaiva
ndatopererwa saka ndaidawo kunzwa
pfungwa dzake.

"Ini sekuona kwangu ndoona kuti
kutopfuudza kamwana aka ndizvo

zvingatotibatsire hapana imwe nzira nekuti
zviri kuratidza kuti Mambo havasi kudzoka
kumashure nenyaya yavo. Asi hatifanire
kubata ropa isu tinotsvaga nzira kana
kuenda kune imwe n'anga inogona kundipa
mushonga vekuti munhu akaufemedza
haazomuke zvikaramba totsvara nzira
yatingashandise kukaparadza"

Mashoko akandikatyamadza akataurwa na
staben asi kuti ndirambirane nazvo
zvakandirambira nekuti paive pasina imwe
nzira yekuti ndingashandise kuti humambo
hwandaida hutorwe ndakatarisa ini nguva
yese ndaive ndakatarisira.

Takazobva paye tataurirana zvekuita,
mumoyo mangu makange matove
nemufaro ndaive ndakutoona ndatove
Mambo munguva pfupi inotevere nekuti
ukanzwa munhu mukuru ototanga kuraira
nhaka zvinoreva kuti mazuva ake ekufa
anenge oswedera. Musi uyu ndakabva
ndatove neimwe pfungwa yandaisafungirira
muhupenyu hwangu pamusoro paMambo
nekuti vaive vandiratidza kuti ini zvese
zvandaivaitira vaisazviona asi ka Tapiwa
kasina chavakambova batsirwa nacho
ndiye aionekwa semunhu nxaanaa vaitoona
kunge takapusa nhai.

Nguva yaiita staben nezve n'anga yake ini ndaitoparadza hupfumi hwana Tapiwa zvishoma ne zvishoma izvo zvisina ani nani aizviona. Uku mambo vaiti vakandibvunza kuti ndapapi nenyaya dzangu ndaibva ndatonyepa kuti ndavakuda kutopedza kuita tsvagurudzo dzangu vasiri kuziva kuti ndaitoronga kuparadza pavaive vakatarisira.

Takazotaimira chikomana chakarara rimwe zuva ndipo pandaive ndavimbisa mambo kuti kwangosara mazuva matatu apere ndaiziva kuti kupera kwemazuva matatu iwayo panenge pasisina munhu. Musi uyu mambo ndakavaudza kuti ndavakutoenda kumusha kwemukomana kunozvionera ndaizodzoka mazuva matatu adarika ndane mhinduro yakazara vozoudza vanhu. Ndaive ini na Staben nevakomana vataive tarongana nawo izvi ndakaitira kuti pasazove neanonyumwa vakomana vataive navo ndaiziva kuti vaisataura kuna mambo .

Takatanga nekushandisa mushonga
wemvura yakagezeswa munhu akafa
tichisvika pamusha paTapiwa, umwe
takapa imbwa dzake dzose dzikafa,umwe
tikamuisa muimba yake
yaanorara.Takatanga kutora zvipfuyo zvake
tichizviunganidza panhu pamwe.

Tirimubishi kudaro takazoonna kamunhu
kamira pamusiwo kachiratidza
kuvhiringika,zvakashamisa munhu wese
nekuti taiva taudzwa kuti mushonga uyu
tikauisa mumba mune munhu akarara

haamuke chero ukada kumusimudza ukaita
zvoise zvaunoda naye haafi akamuka.

Hatina kuda kuperera ipapo takabva
tamusunga zvekuti aisakwanisa
kusunungura pataive takasunga takaita
zvimwe zvakange zvataurwa nen'anga ya
Staben tikaenda kunomukanda kure
nemusha raitove sango raityisa richiera
zvekuti taiziva kuti aizofa chete nenzara
kana kudyiwa nezvikara zvesango hapana
aizokwanisa kumubatsira ipapo. Sango
ratakandorasira Tapiwa yainzvimbo
yaisasvika vanhu nekuti kwaiera, isusu
takaenda nekuti taiva nemushonga
wataishandisa.

Ndichibva ipapo ndainzwa kufara kuti zva
Tapiwa ndaiwe ndatopedza nazvo chaiwe
chasara ndezvandaida kuita kana ndasvika
kumuzinda ndaiziva kuti zvaisazondinetsa
zvese zvandaive ndaronga nekuti hapana
chandaisaziva pamuzinda apa. Hatina
kudzokera musu wacho takapedza mazuva
matatu aye ataive tataura tisina kudzokera
kumuzinda vamambo tikadzokera zuva
rataive tataura kuti taizodzoka asi
zvatakazosvika tichiona zvakandishamisa

End of chapter 3

Team # Patie,Tamari&Doc

Loves you

_ *MY ENEMIES BECOME FRIENDS* _

↑ ♂ ♂ ♂ ♂ ♂

↑ ♂

*WRITTEN BY*

DR KD MAZANI

+27 84 048 8648

TAMARI MURENGA

+263 71 276 8826

AND

PATIE

+27836691280

***CHAPTER* 4**

<https://chat.whatsapp.com/GIhsr6sCA2U0VKHNMAXbIQ>

*Tapiwa*

Ndiri munhu aifarira kunamata nguva zhinji chero zvekutsanya ndaizvigona, dzimwe nguva ndaitoita zvekundorara mugomo ndichinamata nekuti ndiyo chete nhaka yandaiva ndakasiirwa namai vangu.

Ndinorangarira pavaiva vachirivapenyu, ndaiva mudiki zvangu asi nguva zhinji vaimditora toenda tese kugomo tichindonamata,taiti tasvika ikoko vaibva vandiudza kuti ndozvaunofanira kugara uchiita mwana wangu nguva dzose,

ndainge ndakarovedzwa nzira kwayo
yekufamba nayo saka zvekunamata
hazvina kuzogara zvabuda mandiri.

Asizve dzimwe nguva miyedzo ndiyo
inotipedza simba pakunyengerera, kusvika
kana pakushaya zano wopedzisira watuka
Mwari wacho kunyanya kana upenyu
hwanatsa kukuumera sezvandanga ndaita
ini.

Ndirikutura izvi nekuti zvakaitika pandiri
nguva yandakasiwa ndakasungwa
musango, ipapo handidi kunyepa hama
dzangu ndakatadza kana kushama muromo

kuti ndinamate nekuti ndaing
ndisingachanzwisisi ndikatanga
kuzvibvunza momoyo mangu kuti;

_koMwari wacho haandipiwo rugare
nei?pfuma yandakasiirwa nababa
yaingotsakatika zvishoma nezvishoma
ndichingonamata kuna Mwari kuti chero
pfuma ikapera hazvina hazvo mhaka asi
chengetedzaiwo mweya wangu._

Ndaigara ndichikumbira mazuva ekurarama
kuna Mwari nekuti shuviro yangu yaiva
yekuzoda kufa kana ndazvarawo vana
vakawanda kutsiva madzikoma angu
andaiva ndakanzwa kuti vese
vakashaya.Kana muri mudunhu ndaisadiwa
nemunhu wese asi ndaingovimba naMwari

zvakaaro uye ndiine tarisiro yekuti rimwe remakore anotevera ndichazomuwanawo mukadzi wekuroora.

Zvino apa ndaive ndatopererwawo ini ndikatombofunga kuti zvimwe Mwari wacho haako ndikatoona kuti kufa kwangu kunenge kurinane. Chinhu chaiva chotonyanya kundirwadza apa kusiiwa kwandakaitwa ndiri mupenyu nevanhu vandaisaziva asi ndaingofungira hangu kuti pamwe ihama dzangu dzaiva dzakatzwa nevabereki vangu kuMhondoro. Dai vakandiuraya zvaitova senane ndaienda kuna mai nababa ndonozorora ndosiya zvenyika zvekurarama ndichigara misodzi iripamatama misi nenguva.

Muupenyu hwangu ndaishuvira kusekawo
nevamwe asi wekuseka naye
ndaimushaya,dzimwe nguva ndaisekera
kuhope kana ndarota musikana uya aizviti
Thelma, kana kuti kuseka nembwa dzangu
manje zvadzanga dzaurawa ndaizodini

† ♂

Ndakatanga kuchema zvaiva neruzha
ndichiti mhuka dzesango dzindinzwe dziuye
dzindidye, nekuti ndainatsa kunzwa kuti
ndirimusango chaimo nekuda kwekunzwa
kwandaiita mhuka dzichibhon'a.

Ndakatanga kunzwa kubhon'a kweshumba uye yairatidza kuti inenge yaiva pedyo neni,yaiti painobhon'a neniwo ndaibva ndabhon'a ndichiitevedzera, chandaida chete ndechekuti itsamwe iuye indidye zvese nemapfupa pasawana kana anozoono mutumbi wangu.Ndakanzwa kufamba kwayo ndikaziva kuti yava pedyo,yakasvika pandaiva ikabva yatanga kundifembedza muviri wose.Ndaiva ndatononokerwa nekufa ndipo pandakati regai ndipfakanyike kuti iyone kuti ndirimupenyu pamwe yaigona ichifunga kuti handisi nyama.

Handina kuziva kuti pandiri kupfakanyika
kudaro ndava kutoivhundutsa yakabva
yatiza,dai aiva munhu zvimwe ndaimuudza
kuti huya undiuraye manje zvayainge
irimhuka yesango ndakangosiyawo
zvakadaro,yakabva yaenda zvachose kana
kumbozodzoka.

Chokwadi zvanga zvachindiomera apa
panzvimbo pandaiva ndakarasiwa panenge
paiva pabare chaipo (nzvimbo isinga meri
bundo) nekuti zuva raiita kundigocha kwete
zvekutamba ndaitsva neremudenga
kozotizvee pasi pachopainge popisa kunge

pamboveserwa moto ukabviswa.

Nguva dzakafamba kusvika ndanzwa kuti zuva radoka nekuti ndainge ndisisanzwe kupisa kwaro.Nzara ndiyo yakada kutanga kundishungurudza asi semunhu anga ajaira zvemutsanyo handina kana kugara ndaiteerera,ndakaona kuti zvekufa zvacho zvirikunonoka ndipo pandakangodana zita ramai nababa vangu ndichivaudza kuti ndioneiwo muno muchakasara chesango mandiri.

Ndakati ndapedza kutaura navo kudaro hope hameno dzakazobvawo nepi,

ndofunga semunhu anga anyanyisa kutsva
ndizvo zvakaita kuti ndirare.

Ndakarara kudaro pane zvakaitika asi
handizivi kuti ndairota here kana kuti
ndaizviona nemeso,asi ndotongoti ndairota
hangu nekuti ndaiva ndakavharwa kumeso.

Ndakaona Thelma achimhanya kuuya
pandaiva ndakarara akaita zvekukwinya
nguwo yake kudarika mumabvi,akasvika
akapfugama pandainge ndakarara achiita
kufemereka zvairatidza kuti munhu aneta
nekumhanya muviri wake wakaita kudikitira
neziya;

Thelma: "Tapiwa"

Me: Iwewe futi wadzoka,nxaaa unoziva kuti uneutsinye here?, pega pega paunouya pandiri ndinobva ndawirwa nedambudziko kana uchiti unondida ndinunure.

Ndakadaro ndakamutarisa muhuro make,ndaiva ndava kutoyeverwa necheni yaaiva akaisa muhuro iine mufananidzo wemoyo asi nechepakati pemoyo painge pakanyorwa kunzi Ruvheneko.Paakaona

kuti ndakatarira muhuro muya akabva
abvisa cheni iya nekukasika ndobva
aikanda achiita kunge arikuirasa ikapfuura
nepakati pemhanda dzemuti wemuhacha
asi handina kuona
kwayakanodonera.Ndakarwadziwa
zvisingaiti paakairasa nekuti ndainge
ndaichiva ndaitoda kumukumbira kuti
andipe ive yangu;

Thelma: Tapiwa,inini handisi muvengi wako
ndirimudiwa wako wanzwa? ndanzwa
kuchema kwako ndirikure zvisingaite asi
kuti ndisvike pano ndaratidzwa nzira namai
vako uye vati ndizokusunungura nekuti
urimumaoko angu.

Me: Ko sei uchiramba uchindirangaridza
mai vangu vakafa kare kare, Thelma
ndinokumbirawo kuti usiyane neni uye
regera mai vangu vazorore murugare chii
chaizvo chaunoda pandiri iwewe.

Thelma: Handiti waona kwandakandira
cheni yanga irimuhuro mangu?

Me: Ndati siyana neni mhani, waita rombo
rakanaka kuti wawanika ndakasungwa, dai

zvisizvo nhasi ndaizotanga kuita utsinye pauri.

Thelma: (Achinyemwerera) Ndiwe munhu asingaite utsinye iwe uye baba vangu pamakore mashoma anotevera vachange vodyidzana nedunhu renyu rekwaMajinga ruvengo rwese rwuchapera.....Handisisina nguva Tapiwa pauchabva pano unofana kufamba uchitevera divi randarasira cheni iyo,usaneta kufamba kusvika pauchaona payadonhera.Ndaona kuti maziso ako aida uye waifarira saka pauchaiona uinhonge,usashamiswa nezvichaitika ipapo uye nezvese zvauchaona usawana

waunoudza uye usazvitora siya zviripo
wobva woenda kumba kwako.

Me: Ko zvawaona kuti cheni yako ndaifarira
wadini kundipa panekuirasa kwawaita woda
kuzondipinza basa nekuitsvaka.

Thelma: Byeee byeee Tapiwa wofamba
zvakanaka ndinokumbirisa kuti
pauchafamba pese usacheuka kusvika
wasvika pacheni nekuti nzvimbo yauri
inoera ukangocheuka chete unobva
warasika zvachose wotadza kuziva kwauri
kuinda. Ndinokuda wanzwa ndiwe wega
unondinzwisisa uye ndiwe unondifarira,

shuviro yangu ndeyekuti ndive mukadzi wako.

Ndakanatsa kuona Thelma achisimuka kubva pandainge ndiri,ndakaedza kumusheedza kutodi ndichiti auye andiuraye asi haana kana kucheuka .

Ndakabva ndapepuka ndichitodana zita rake asi chakandishamisa ndakanzwa maoko nemakumbo angu zvose zvisisina kusungwa asi kumeso kwangu kwanga kwakavharwa.

Ndakasunungura mucheka waiva kumeso kwangu nekukasika ndichiti zvimwe ndichaona Thelma wacho aripadhuze asi handina kana munhu wandakaona kunze kwemuti wemuHacha waiva nemhanda dzandainge ndaona kuhope.

Kunze kwainge kwotochena, utunga hwava kutotsvuka zvairatidza kuti zuva rava kubuda, ndakambogara zvishoma ndichida kurangarira zvose zvanga zvichiitika kuhope ndipo pandakazosimuka ndikatanga kufamba ndichitevera divi ranga rarasirwa cheni naThelma. Veduwe ndakafamba munongonzwa imi kusvika tsoka dzava kuzvimba apa ndaigona

kunzwa kumashure kwangu kuchiita kunge
kune vanhu vanenge vachitaura,dzimwe
nguva ndonzwa kunge kunemhuka
irikundimhanyira asi nekuda kwekuti
ndakanzi ndisacheuka handina kugara
ndambotarira kumashure.Zuva rakati kwirei
zvekuti ndakatofungira kuti kunenge kuma
10 dzemakuseni ndipo pandakaona chinhu
chaipenya mberi kwangu apa chaitota
kunge chichanditeya mumaziso.

Ndakasvika pedyo nechinhu ichi ndipo
pandakaona iri cheni iya yaiva yakanyorwa
kunzi Ruvheneko,nguva yandakada kuti
ndiinhonge ndipo pandakanzwa kunge
ndaita dzungu ndikamboona rima
kwenguva pfupi nguva yandakapengenuka

ndakaona cheni iya isisipo asi mberi
kwangu ndakaona danga raiva rakaiswa
zvipfuyo zwababa vangu padivi pachopane
chiruguchembudzi nemakwai.

Ndakarangarira zvandaiva ndarota kuti
"ndisazvitora kana kuudza munhu" ndipo
pandakatanga kufamba ndavakuenda
kumba uye apa ndaiva ndavakunatsa kuziva
kwandiri kuenda. Ndakasvika pamba pangu
ndokuona rangova dongo, ndakaona kuti
pano hapasisina zano ndobva ndabereka
tsoka ndakananga kumba kwamambo kuti
ndindovataurira.

Ndakasvika paiva nemachinda amambo ndobva ndakumbira kuona Mambo asi vakandirambidza vachiti nezera rako iroro unoda kutaura kuti chii naMambo,kana une zvaunoda unofanira kutaura naStaben,obva osvitsa kuna Chiradza zvobva zvozoenda kunaMambo.

Me: Saka Staben wacho ndinga muona sei?

"Parizvino havapo vakambobuda asi tovatarisira kudzoka nhasi saka unozouya mangwana."

Akadaro umwe wemachinda achitoratidza
kuti arikurevesa uye aisambondibvumidza
kupinda kwacho. Semunhu aizvinipisa
handina kuita nharo navo ndakabva
ndatovapfugamira ndichivatenda
ndikatanga zvangu kufamba ndichidzokera
kudongo kwangu, eheka ranga ratova dongo
ka nekuti hapana kana imba imwe yanga
yasara ine denga kwanga kwangosara
mudhuri chete.

Ndichangoti fambei zvisihoma
ndakazonzwa ndavakusheedzwa

nemachinda aya anga andirambidza
kundoona Mambo,ndakadzoka kwavari
hana yangu ichirova ndichifunga kuti
zvimwe pane zvandakanganisa.

Ndakasvika ndikapfugama sezvandanga
ndaita pekutanga;

"Usatipfugamira hako,wanzi naMambo huya
vakuona nguva yawanga uchitaura nesu
pano."

Ndakavhurirwa gate ndobva ndapinda asi
ndakasiya machinda aya achikakavadzana
umwe achiti;

"Saka urikufarira here
nezvawaita,waregerei kutaura kuti anga
asina kuvinga imi chiona manje
wavakupinza mwana muduku panguva
yakaoma."

"Haiwawo dei kakatourawa iye
akazviwanepi zvivindi zvekuda kutaura
naMambo nezera rake ireri"

Ndakavasiya vachikakavadzana kudaro apa
inini ndaiva ndabatira ura mumaoko ndava
kutoty kuti zvimwe ndapara
mhosva.Ndakasvika pedyo nepaiva
pakamira mambo apa nguva yese
yandaifamba vainge vakangonditarira
zvekuti ndakatanga kudedera nekutya
zvikati zvanga zvasanga nenzara;

"Sununguka Tapiwa,nditevere huya kuno"

Vakadaro mambo vachitendeuka,
ndakavatevera kumashure kwavo apa raiva
zuva rangu rekutanga kusvika pamuzinda
wamambo kubva

zvandakazvarwa.Ndakasvika ndobva
ndapinzwa mune imwe nzvimbo yaiyevedza
asi tisati tataura zvizhinji vakabva
vasheedza mumwe muchinda wavo
vakamutuma kuti andoudza vanasikana
vavo kuti vauye nechikafu,hameno kuti
vainge vaona sei kuti ndaiva ndakarohwa
nenzara yemazuva maviri ese.

Me: Mambo ndauyawo nenyaya yangu
handizivi kuti mungandipawo nzeve dzenyu
here?

Mambo: Mira chikafu chiuye tidye wobva
wozonditurira zvawafambira,ndoona sekuti

zviripo zvakuremera chete mwana wangu
nekuti hausati wamboita zvivindi zvekuuya
pamuzinda wangu.

Me: Aiwa Mambo zvekudya izvi nde.....

Mambo: Tapiwa,! inzwa ini nhasi ndichadya
mundiro imwe newe saka hapana
kwaurikumhanyira.

Vachingopedza kutaura mashoko iwayo
chikafu chakabva chauya sadza rezviyo

nenyamba yehuku,haiwa ndakaribinha
sadza kwete zvekutamba.Zvose zvokuti
ndirikudya mundiro imwe naMambo
ndakatozozvikanganwa, ndaguta ndipo
pandakatanga kufunga kuti ko vazviitirei
kudya neni Tapiwawo zvake asina kana
nechaanacho?

Mambo: Chitaura nyaya yako manje mwana
wangu.

Me: Mambo wangu muchiona ndauya
pamuzinda wenyu kudai,musha wangu
waparadzwa uye zvipfuwo zvangu zvose
kusanganisira nembwa zvayo inongohukura

handisisina.

Mambo: Heee,muno mudunhu here?
zvavaitika rini izvozvo?

Vakadaro Mambo vachinja chiso
zvairatidza kuti vaiva vagumbuka.

Me: Mazuva matatu apfuura kutaura kudai
ingadai ndakafa ini asi Mwari nevadzimu
vakandirwira.

Mambo: Tapiwa urikutaura chokwadi here?
Kureva ka kuti munhu uyu akaziva kuti
machinda angu andinovimba nawo havamo
mudunhu muno ndosaka vaka.....

Mambo havana kuzopedza kutaura
pakabva pasvika vamwe varume vaviri.

Mambo: Yaaaaaa Chiradza na Staben
magona masvika imi,musati mataura kuti
makafamba sei kwamabva kasikai izvezvi

kufamba nedunhu rese muchitsvaka munhu
akapamba pfuma yese yaTapiwa uye
musadzoka pano musina kuwana munhu
iyeye ndirikumuda pano apa,

Vakadaro mambo vachirova rova pasi
neruoko,varume vaya vaibvirwa havana
zvizhinji zvavakataura vakangokotamisa
uso hwavo vese varivaviri ndobva vafuratira
vakaenda.....

.....

End of Chapter 4

*MY ENEMIES BECOME FRIENDS*

↑ ♂ ♂ ♂ ♂ ♂
↑ ♂

*WRITTEN BY*

DR KD MAZANI

+27 84 048 8648

TAMARI MURENGA

+263 71 276 8826

AND

PATIE

+27836691280

<https://chat.whatsapp.com/HYxyImhoKL12uFvsLPusi0>

CHAPTER5

Thelma/Ruvheneko

Ndakaita hasha panguva yandakapepuka
ndikaita sendichazvidambura nguwo
dzangu dzese nekuda kweshungu.Ndaiva
ndoita kunetseka mumoyo ndichizvibvunza
kuti; koseiko ndichingoratidzwa munhu
wandisingazivi kuhope dzangu.Dikita
randaiva naro ipapo zvainatsa kuratidza
zvega kuti zveshuwa ndirikushandiswa

usiku ndakavata,kubva ipapo ndakatanga kufunga kuti Tapiwa uyu anenge muvengi wangu chete.Chimwe chinhu chakaita kuti ndirambe ndichifunga kuti pane varikundirwisa usiku ndimai vandairota vachizviti ndivo mai vaTapiwa wacho asi chaindisvota ndechekuti vaiti vakataura neni ndikada kuvabvunza zvakawanda wanda vanobva vanyangarika.

Ndakashora vadzimu vangu panguva iyoyo,inga zvizhinji vaindionesa wani ko apa vairega nei kundionesa kuti ndizive kune vanhu ava kana varivavengi tinatse kurwa chaiko kwete zvavarikuita zvekuuya vachizviita makwai iwo arimapere.Ndichiri pakati pekufunga kudaro ndakasimuka

pabonde pandainge ndakarara ndokuenda kundotora girazi kuti ndizvione kupeso kwangu ndichipukuta dikita nekubvisa mbovha. Pandakasimudza girazi nguva yangakangoti baa kuona chiso changu ndakavhunduka ndikatodonesa girizi racho pasi rikaputsika. Ndakabata muhuro mangu nekukasika ndokunzwa kuti zveshuwa ndainge ndaona izvo, muhuro mangu makanga mava necheni yandisina kuziva kuti yakabvepi uye ndakapfekedzwa nani.

Ndakamira pamusuwo ndobva ndaringa ringa panze ndichida kuona kuti pane aripo here asi hapana wandakaona. Ndakafambisa ndikainda panzvimbo yaiwanza kutongerwa mhosva

dzavo nababa vangu,maiva nezigirazi
zuguru raivamo rekuti waiti wakamira
waizviona kubva kutsoka kusvika
kumusoro.Izvi vaizviitira vaya vanenge
vachitongwa ndipo paaindomiswa otongwa
nyaya yake achizviona pagirazi
ipapo.Ndakasvika ndikamira ndobva
ndanatsa kuongorora cheni yaiva muhuro
mangu ndokuona pane runyoro rwaiva
rwakanyorwapo,ndakaswedera pedyo
pedyo ndipo pandakaona pakanyorwa kunzi
Ruvheneko.Zvakandishamisa zvekuti
ndakambofunga kuidimbura dimbura asi
nekuyevedza kwayaiita ndakakonewa
kuidimbura kwacho.Yaipenya penya ichiita
kunge yakazorwa mafuta,yaiva ine ruvara
rwegoridhe nechepakati payo ine
mufananidzo wemoyo
wemunhu.Ndakavhara cheni iya kuti

isainekwa chero nani zvake,nguva
yandakacheuka kuti ndibude mandaiva
ndakangoti fambe zvishoma ndipo
pandakabva ndadhuma namai vangu
vachiratidza kufara zvandainge ndisati
ndamboona kubva zvandakaberekwa navo
izvo zvakandipa chivindi chekuti
ndivabvunze;

Ini: Ko manzweiko chakufadzai kudaro nhai
mai vedunhu. Zino renyu rinoyera kuriona
pose pose pamwe mukandiudzawo
ndingakubatsirai kupembera tifare pamwe
chete.

Ndakadaro ndichibata bata muhuro mangu

ndichida kunzwa kuti zveshuwa cheni yakavharika here.

Mai:Ruvhe usada kundinyenga mukanwa iwe, kuita seusingazive zvandiri kufarira ipapa ndirikutokuona nemeso angu kuti wapedza nenjere dzangu kare. Saka chindiudzai nhayi mwanasikana wangu mumwe chete ega zai regondo mwana wandakapihwa nevadzimu ndarasa mbereko ndatozviudza kuti handichabari.

Vakadaro vachiita kundinyengerera asi kutaura shuwa handina kuziva kuti chii chaivafadza zvakadaro,zvimwe

ndosioneswa asi apa ndaiona rima rega
rega zvekuti ndakambofunga kuti pamwe
cheni irimuhuro ndiyo irikukonzeresa.

Ini: Ndingazive zvose asi handisi Mwari ini
ndingabve ndaona zvamurikufunga zvimwe
ndinopotsawo semunhu wenyama.

Mai: Ndinokuziva usingapotsi mwana
wangu,simba rako iguru kwazvo nekuti
chero paunofamba mikono yese yevarume
inodedera,tsoka yako painotsika panosara
pakadhinda kunge pafamba mhukahuru
varidzi vesango vasingatyiswi nemapepa
kunge mhembwe.

Ini: Chiregai kudetemba mai vedunhu ndikupindurei zvamurikuda kuziva handiti munoda ndiite fungira mumoyo kunge rwendo rwembwa here? Musazoti sandizvo nekuti ndakupai mukana wekutaura zviri mupfungwa dzenyu asi imimi mukaramba.

Mai:Ndinozviziva kuti uri kuziva zvandirikuda kuziva chindiudza chakushaisa zorooro remoyo wako mwanangu. Ndine mazuva akati wandei ndichikuona kuti pfungwa dzako dzirikuresa asi ndaishaya mukana wekutaura newe zvino nhasi pandakuona uchipinda muimba yababa vako iyo haa pane zvikuru zvichaitika chete.

Ndakaona kuti mai vangu vafungira
zvisizvo,nekuti zvanga zvakamboitika
makore anga apfuura ndabva mukupinda
muimba yaitongera baba,hapana kuita
mazuva pakazoita kurwa kukuru
zvakapotsa zvauroisa mai vangu
vakangozopona havo nepaburi retsono.

Me: Kuzvidura zvakaoma amai, asi nekuda
kwekuti mafungira kusiko chiregai
nditaure;... Ndine mukomana wandiri kuona
kuhope dzangu ndichidanana naye asi
chinondinetsa chiso chake handisati
ndachiona mumatunhu andinoziva. Ropa

rake rinoratidza kuti nderehumambo asi iye
arikutamba nhamo ndatsvaga
chakavanzika asi huso hwake hausi kuda
kuti ndiperetere zveraramo yake zvino
ndabva ndapererwa kutaura kudai imwe
pfungwa irikutonditi pamwe pamera
muvengi pakati pedunhu rino arikuda
kuedza masimba ababa achiuya kuhope
kwangu achizviita kunge munhukwaye izvo
kurikutsvaka nzira yekupinda nayo.

Mai: mmmm ipapo pakaoma mwanangu asi
usazvidya moyo hako ndinoona kunge
dzingori hopewo dai dziine cherevo
sekufungira kwaurikuita ingadai vadzimu
vako vakakuratidza kare. Ini sekuziva

kwangu iwewe wainzi ucharoorwa
nemwana wamambo Mujinga zvino
zvavakashaya mwanakomana hameno kuti
pachaitwa sei uye zera rako rati fambei
usina mukomana?

Ini: Mambo Majinga vamurukutaura ava
ndevapi?

Mai: Haungavazivi mwana wangu asi ndiye
watinoganhurana naye,dai kuchiri kare
vachambowirirana zvimwe waivaziva, zvino
baba vako na Mujinga vakazorimirana
kumuganhu hameno kuti zvichafambiswa
sei nekuti ndiro dunhu rawakavimbiswa

nevadzimu vako kuzogarako? Tinofanira kubvunzira kuvadzimu kuti poitwa sei,nekuti ungatochembera usina kuroorwa zvevadzimu hazvipikiswe zvavachataura ndizvatichatevedzera.

Ini: Vakambotsidziri na chiiko?ko iwo mudzimu unozoti ndoroorwa seiko nemwana wemuvengi wababa vangu. Ko vakazova vapambi vakatora dunhu redu?

Mai: Mambo Mujinga sekuziva kwangu

haana moyo wakaipa, vane moyo munaku
taitombofambidzana makore ose aya
apfuura sekutaura kwandamboita asi
zvazopera nekuda kwevarungu vakauya.

Ini: Mai munenge mune nhorondo
chaiyo,natsai kunditsanangurira zvese regai
nditoita zvekugara pasi,baba havambotauri
ka zvizhinji pamwe dai ndaiva
mwanakomana zvimwe ndakaudzwa.

Ndakadaro ndichitogara pasi muvhu
chaimo pasina chakawaridzwa.

Mai: _Pamakore gumi adarika pakauya vachena vachida kuvaka dhamu pakati pemakomo Zvino vakakumbira mambo Nembudziya asi mambo Mujinga haana kusumiwa nyaya iyi. Mambo Nembudziya akabhadharwa muripo vachena vava vakavaka dhamu ravo kusvika vapedza. Chakazonetsa ndechekuti mvura yakapwa vakatadza kuziva kuti zvafamba sei?Vachena vava vakauya vachitaura chishamiso chavaive vasangana nacho sezvo zviri zvinhu zvavainge vasati vambosangana nazvo kune dzimwe nzvimbo kwavaivaka. Mambo paakapirwa nyaya iyi zvakamushamisawo asi akashaya wekubvunza.Pasina mazuva mambo

Mujinga akatumira machinda ake vakati;_

_ "Tatumwa na Mambo Mujinga zvanzi
Mambo Nembudziya zvino
zvamakatengesa dunhu kuvachena
wakasuma aniko? Kana vasina kuuya
kuzondisuma pano hapana chavanobata?_

_ Mambo akabva arangarira kuti nzvimbo
yaive atengesa yaive pamuganhu emakomo
maviri yaitora nzvimbo yaMujinga yotorazve
yake Nembudziya. Nekuda kwe nyadzi
Nembudziya haana chaakapindura kuna
Mujinga, machinda akadzokera akanoudza
mambo wavo kuti Nembudziya haana

zvaataura._

_Mambo Mujinga akabva afunga kuti
Nembudziya aikapamba nzwimbo neune
asingazive kuti kwaitove kukanganwa kuti
matunhu aya ndiwo waive muganhu
wavo,kubva zuva iri hushamwari hwakabva
wapera. Vedunhu raMujinga
vaisayambukira kudunhu rino,isuwo vakuno
taisayambukira dunhu raMujinga kana
waingoonekwa chete waibvako
uchimhanyiswa nemachinda amambo. Asi
kare mvura yaiti ikasanaya vaibatana
voenda pakati pemakomo avo vokumbirira
kuvadzimu vavo mvura yaibva yanaya.
Nzara ikabata dunhu rino tainopihwa
mhunga nezviyo kwaMujinga ndipo ka

pakazofara mudzimu ukati vana venyu
vanofana kuzoororana manje iye zvino
yangova aziva kwake aziva
kwake. Mushure mechiitiko ichi munin'ina
waMujinga akabva angotsakatika nevana
vake zvisina ani wakaziva kuti chii chaiva
chavadya, ndiwo mamirire akaita nyaya
dzacho mwana wangu._

Vakati vapedza kutaura neniwo ndakaita
kutura befufu nenyaya yekuti ndanga ndaita
nguva refu ndakanyarara.

Me: Nyaya yenyu yakarema zvino vachena
ava zvavakatadza kuzobata mvura

vakazodiko?ko sei? Mambo asina
kuvaudza kuti vaende vanokumbirazve
kwaMujinga nekuti dhamu ravaida kuvaka
raibata matunhu maviri ka?

Mai: Izvo zvava kutoda baba vako
vachipindura vari ivo izvozvi ndinototya
kuvabvunza kuti mwanasikana wedu
achaitawo sei? Ende kuti uchiroorwa
kwaMujinga handifunge zvikaita ini nekuti
haana mwana mukomana uye nababa vako
hazvionani huso.

Ndakazvishairawo neremuromo,ko ivo

vadzimu vacho vakambozvitaureiko
vachiziva kuti Mujinga haana mwana
mukomana, ko mai Vangu zvavati munin'ina
wamujinga katsakatika nemhuri yose
zvakambofambawo sei?

Ndaifunga zvose izvi mumoyo mangu asi
ndaيدا kuzozvitsvaga nenzira yangu uye
muchinyarari. Takazoparadzana namai
ndavakuenda munhanga mangu ndipo
pandakasvika ndikakurura cheni yangu
ndikambotamba nayo
ndichiyeverwa, pandakange ndaneta
kutamba nayo handina kuidzoseru muhoro
ndakabva ndaiviga hope dzikabva
dzatobata. Pandakapepuka atova manheru
ndakashamiswa futi zvakare ndichiona

cheni iya yadzokera muhuro kubva ipapo handina kuzoibvisa.

Mazuva akafamba newangu mudiwa
Tapiwa tichisasana kuhope kudaro, ndaita
kunge ndinaye kana tichinge tasangana
kuhope. Ndakapedzisira ndavakutonakirwa
nazvo ndisingachafungi zviya zvekuti
muvengi wangu. Iye airatidza kunditya asi
ndaizomupofomadza nerudo orasa njere
zvekuti aitozonyanya kundida kupfuura
zvandaimuita. Nguva zhinji ndaiswera
ndoga ndichifunga nezvemukomana wangu
uyu kuti ndichamuona sei uye
kupi. Chaidinetsa hope dzandairota
ndaitadza kudzidudzira kusvika
ndashanyira n'anga yamambo wemudunhu

redu ndichida kuti
andijekesere. Ndakangosvika ndikapfugama
nechekunze kwechivanze ndichiombera;

N'anga: Chii chanetsa mwana waMambo
zvamatishanyira rungwanani rwakadayi
famba zvako wakasununguka uuye kuno
zimhandara.

Ndakafamba ndikaenda kwandaisheedzwa
ndobva ndasvika nekutovapira nyaya;

Ini: Ndine hope dzandiri kurota ndashaya
dudziro yadzo saka ndati regai
ndinobvunzira kuvadzimu vedu.

N'anga; hazvina dudziro *Nevanji* nguva
ichakwana muchaziva zvakavanzika
musazvidya moyo nekuti zvine chirevo
endai munogara murunyararo
chingokumbirai kuna Nyadenga kuti aite
kuda kwake.

Ndakabvako munzira mose ndaitaura

ndoga chero vandaisanga navo
zvaitovanetsa vaitofunga kuti zvimwe
ndava kupenga. Zvokuti dayi ndaisava
mwana wamambo vaindisvororodza kana
kundibatirana vakandiisa kunzwimbo
dzinochengetwa vakarasika njere. Mumoyo
mangu ndaida kubvunza baba vangu kuti
sei vakatadza kuyanana nemumwe wavo
asi ndaityira kure.

Rimwe zuva ndakagara pasi pemuti
achitova masikati ndakanyangirwa nehope
ndokurota Tapiwa achidyiswa.
mushonga,mai vake vakangouya kwandiri
ndobva vangomira mberi kwangu misodzi
yavo ichierera.Pandakapepuka ndakaita

zvekuvhunduka ndichiona mberi kwangu
kune munhu aiva akabata bakatwa raiva
rakatsvuka ropa.....

End of chapter 5

_ *MY ENEMIES BECOME FRIENDS* _

↑ ♂ ♂ ♂ ♂ ♂
↑ ♂

_ *WRITTEN BY* _

DR KD MAZANI

+27 84 048 8648

TAMARI MURENGA

+263 71 276 8826

AND

PATIE

+27836691280

*CHAPTER* 6

<https://chat.whatsapp.com/HYxyImhoKL12uFvsLPusi0>

*CHIRADZA*

Ndakatanga nekupukuta maziso angu ndichiti pamwe ndiri kukanganisa kuona zvaive pamberi pangu asi ndichisvinura ndakaoona kuti ndakange ndisiri kukanganisa kuona. Aive Tapiwa zvake ainge akagara pamberi pamambo izvo zvakandinzwisa hashu pamwe chete nekuvhundutswa, ndakazvibvunza mumoyo mangu kuti; zvakange zvambofamba sei isu tainge tamusiya akasungirirwa zvekuti aisakwanisa kuzvisunungura. Pandakati ndicheuke kune mumwe wangu Staben ndakaona zvimwe chete aitoratidza kuti akange ari kutoshamisikawo nekuona munhu wataifungidzira kuti akafa akatogara patafura imwe naMambo.

Ndakanetseka mupfungwa dzangu kuti angave ani akamusunungure isu takange tanyatsosunga tikaisa futi mushonga wekuti adyiwe nezvikara zvesango,ko imo musango rinoera kudaro akabuda sei nekuti raisava sango raingopindwa usina kupiwa mvumo nesvikiro redunhu.

Ndakambofungira kuti asi pane munhu akatiteera kana kuti akazodzokera pakati pavarume vataiva navo asi zvakandirambira nekuti hapana mumwe akamboshaika kwataive taingova tose uye tichironga pamwe. Ndakaona kunge ane zvaanoshandisa chete ndosaka zvatakaita

zvese zvakaramba asi zvakandirambira
nekuti kana dai pane zvaibata bata
takazviona patakaradza imba yake.

Ndiri mukati mekuedza kufunga kuti chii
chakanga chanyatsoitika zvese
zvandaiedza kufungira zvichiramba
ndakazonzwa mambo vavakuti taifanira
kunotsvaga munhu akaparadza zvinhu
zvake ndakambopererwa neremuromo. Kuti
ndirambe zvaisaita ndakatonyatsonzwa
nekuti vaizopedzisira vanyumwa,panguva
iyi ruvengo rwakabva rwachinyatso

kuwedzera ndichiona pakamwana kacho
kachitondisekerera wena, dai aiziva zvaiva
muhana mangu haazi aimbondibudisira
zino.

Tapiwa ndiye akanga avakupa kuti
titsvagiswe zvinhu zvatainyatsoziva,hanzi
nevakuru kugona mbavha kuichengesa apa
Mambo vakaita kunonzi kugona mbavha
kuitsvagisa zvayaba woiudza kuti ukadzoka
usina zvinhu izvozvo hapameri bundo, haa
ndiko kunonzi kugonekwa kwatakaitwa
apa,ndakashaya kuti taizopa buda sei.?

Takabuda takadungamidzana ndakatoona
kuti tese takange tiri kuzvitongesa
chandakangofarira ndechekuti Tapiwa
haana kumbobvira aziva kuti tisu takange
tamurasa kusango tichida kuti afe.

Ndakatora vakomana vandaive ndaenda
navo tichibva tatobuda,takambotenderera
nedunhu zvenhema tichiita kunge
tirikutsvaka izvo kwaani kwaiva
kungovharawo kuti mambo vazoona kunge
taitsvaka zveshuwa.

Takapedza kutendera dunhu atova manheru zuva roda kutodona,takabva takananga musango umu mandaive ndafunga kuti taizoonesana kuti tingazvifambisa sei asi zvichidarika chete ndaida kuzopedzerana naye chete. Zvaisaita kuti Tapiwa aite mambo ini ndichiri mupenyu ndakange ndakabva kure naro dunhu iri saka handaibvumira kuti mumwe munhu ozongonyuka otonzi mambo izvo ndakange ndatopikira pasi nekudenga kuti kana ndichifa ndinofa ndaedza chete.

Tiri munziri kuenda kuchisango hapana
aitaura nemumwe ndoona kuti vese
vaitoona kuti pakange pasina kumira
mushe apa zvoti nzara yandakange
ndavakunzwa ndakatoona kuti mambo apa
vakanga vasisandikoshese nekuda
kwaTapiwa ndiye anga atova pamoyo pavo.
Kurikare zvaisaita kuti ndingonzi buda
pasina chandaisa mumukanwa ndaitogona
kuurairwa mombe yogochwa tofamba
tichidya nekuti vaiziva kuti dunhu ravo iguru
zvaisaita kufamba musi umwe wodzoka.
Saka apa ndakatoona kuti akange atouya
nekuchinjisa zvinhu zvese,dai aiziva kuti
arikuzvicherera guva haazi aimbodaro
aitofanirwa kutiza odzokera kwavo
kuMhondoro.

Tichisvika handina kana kumboda
kupoterera ndakabva ndatotanga kutaura
zvataive tapindira musango nekuti pese apa
pataifamba nedunhu inini chete naStaben
tisu taiziva nyaya vamwe vaingotevera;

"Vakomana muchiona kudai zvinhu hazvina
kumira mushe, mukomana uye tasvika ana
mambo kuti zvakafamba sei handitozive.

Saka tiri kuda kuti tibatsirane kuonesana
kuti tingaite sei tanzi tinofanira kutsvaga
munhu akatora zvinhu zvake neaida
kumuuraya ndosaka mationa tichipinda
musha nemusha naStaben tanga
tichinyepera kutsvaga zvinhu
zvatinoziva. Manje handizive kuti
mungakwanise kundibatsirawo here nezano
nekuti ndapererwa ini"

Munhu wese akaratidza kuvhunduka
nemashoko andakataura, panguva yacho
pakatomboita runyararo kuita kunge
vakange vasina kunzwa zvandaive
ndavaudza.

"Ini ndoona hangu kuti tikadzokera kumba mangwana manheru toti tatsvaga tikashaya pamwe munhu wacho ndewe kunerimwe dunhu tinogona kubudirira. Asi panyaya iyo yekuti mukomana akadzoka zvandishamisa kuti zvakafamba sei isu takanyatso sunga zvamakaonavo mega. Kutu nditi pane munhu akatiteera izvo zviri kundirambira nekuti kuye hakungofambe vanhu asi chandiri kungofungira kuti mwana uye ane chiri paari chete nekuti hazvisi zvega izvi"

Uyu aive murume wataive naye apa
airatidza kuti aive akangwarira pane vamwe
vese. Ndakabvumirana nepfungwa yake
nevamwe ndakaona kuti vaitenderana
nezvaitaura ndakatoona kuti ndizvo
zvakanakira kuisa musoro pamwe chete.
Asi chandakandinetsa pandakatarisa kuna
Staben airatidza kuti pfungwa dzake
dzaisava panzvimbo imwe chete kana
zvatakange tataura ndakatoona kuti anenge
asina chaakanzwa. Ndakazoita vekudeedza
ndipo paakazoita kanenge kakuvhunduka.

"Zvese zvamuri kurongana apa handione
zvichibudirira ini nekuti mambo
ndinonyatsovaziva kuti kana vataura chinhu
chinofanira kuitwa nemazvo kana iri
mbavha inofanira kubatwa saka apa
handizive kuti muchazvifambisa sei nekuti
ini ndoona kuti mambo vanogona
kupedzisira vanyumwa nekamuitiro kenyu
aka. Imboedzai henyu asi ini
musandiverenge nekuti ndine zvakawanda
zvandiri kufunga nezvazvo. Kana mavakuda
kutitidzokere kumba munondiudza toenda
asi ini chiregai kundipinza munyaya dzenyu"

Akadaro Staben achibva atorara zvake nemadede achitoruma ruma chitanda chaiva mumukanwa make zvichitoratidza kuti pake akange atopedza asisade zvekunetsa. Ndakazviudza kuti ndaizopedzerana naye chete nekuti apa zvakange zvavakuratidza kuita kunge ini ndini ndakange ndauya nepfungwa yekuuraya Tapiwa asi ari ndiye akange atondifurira pandaiedza kufunga kuti ndoita sei? Ndakanzwa kurwadziwa nemashoko akataurwa naStaben asi ndakazozvidzora nekuda kwevanhu vataiva navo ndikazviudza kuti ndaizomuona chete kana tavapedu tega apa aigona kuzoonererwa

nemaziso evanhu.

Ndakazoudza vanhu kuti tose ngatizorore
titsvage chekuti tingadya musango mataive
imomo nekuti nzara yakange yavakuruma
uye kuneta sezvo tainge tisina kumbopihwa
nguva yekuzorora na Mambo.

"Ko tinozvinetserei nekufunga kuti
tingadyei,handiti pachikomo apo ndipo pane

pfuma yaTapiwa here? tadini tangondotora hwai imwe tikarara hedu tichigocha."

Akadaro zvakare mukomana uya anga ambotaura pekutanga,ndakaona urimuono hwakanaka nekuti mhuka chaidzo taigona kushaya kana imwe yekubata.Ndakatuma mamwe machinda matatu kuti vandotora hwai vamwe ndobva vatosara vachivesa moto.Hwai yakauya rino zigondohwe ndobva tauraya tikatanga kugocha hedu tichidya yakadero isina kana munyu.

Tapedza kudya ndakazvambarara zvangu ndakatsamhira musoro padombo pfungwa

dzikabva dzatanga kushanda ndichifunga
kuti ndoda kuzozviitira zvinhu zvangu ndega
pasina zvekurongana nemunhu nekuti
anogona kukupandukira sezvavakuda
kuitwa naStaben, hope
dzakangozonditorawo ndikarara kusvika
kwaedza ndisina kana kupepuka.

Takamuka tose tikaenda kurwizi
kundogeza, vamwe vakakasira kudzokera
nekuti vaida futi kundouraya mbudzi yekuti
tizoswera tichidya. Ndasara ndega kudaro

ndaitova bhizi kugeza,ndakaona umwe
musikana manaku naku akasvika parwizi
pedyo pedyo nepandaiva achizochera
mvura nechirongo apa ndaiva ndisina kana
kusimira asi haana kuita basa nazvo.

Chimwe chinhu chakandishamisa
ndechekuti munhu uyu abva nepi uye
ndewepi angazochera mvura musango
rakadai.Ndakapfeka mbatya dzangu ndobva
ndamhanya kuenda kwaari asi nguva
yandanga ndavakusvika akabva
angonyangarika.Ndakatanga kunetseka
ndichiringa ringa asi handina munhu
wandakaona ndipo pandakazoona cheni
yegoridhe yaiva pasi,ndakatsa kuitarira
ndisati ndainhonga ndobva ndaona paiva
pakanyorwa kunzi

Ruvheneko.Yakandiyevedza cheni iyi chero
zita racho ndakarifarira ndobva ndazviudza

kuti pamwe vadzimu vangu vaita zvose
izvi,ndakanhonga cheni iya asi ndakazoon
isiri cheni nguva yandaiva ndaibata
muruoko rwangu.Raitova danda
zvaro,chiitiko ichi chakandinetsa asi
mumoto mangu ndakati handina
wandichaudza nyaya iyi kunze kwen'anga
yaStaben ndiyo yandichandobvunza.

Ndakazodzokera kwanga kune vamwe
tikaswera tiripo ndakange ndakutorwadziwa
nekugara ndirimusango kubva

zvatakatanga nyaya dzaTapiwa.Chero mukadzi wangu chaiye ndaiva ndisisina nguva naye, izvi zvaisangoenda zvega chete Tapiwa aizadoripa neropa rake chete.

Mumoyo mangu ndaingoziudza kuti mambo tikasvika tichivaudza zvandaive ndafunga vaibva vabvumira neni nekuti hapana chandaitaura vakasachinzwa sekuziva kwangu. Dzimwe nguva ndini ndaitovapa mazano kana vachinge vapererwa saka apa ndakatoziva kuti vaizobvuma chete.

Zuva rava kupinda muna mai varo takabva
tatanga kufamba tichidzokera kunoudza
Mambo zvatakange tataurirana. Uyu Staben
ndiye wandaisaona mushe kunyarara kwake
kwakange kwavakutondikanganisa zvaanga
avakundifungira chaizvo ndanga
ndisingachazvinzwisise. Ndakataurira
mamwe machinda kuti tipfuure nekumba
kwaTapiwa tichimutarisa kuti ariko here asi
hatina munhu watakaona.

Takasvika tikaona Mambo vakagara nemunhu wandaisada kuona apa vairatidza kufara zvaitooneka kuti nyaya dzavo dzaipindirana izvo zvakaita kuti ndirwadziwe zvekuti dai ndakange ndine simba rekuvadzivisa ndakazviita nguva iyoyo. Apa kunze kwakange kwatosviba vamwe vachiratidza kuti vakange varara zvakatondishamisa kuti chii chakange chiri kutaurwa naTapiwa namambo munguva dzeusiku.

"Ndazviziva hangu kuti hamunonoke nemhinduro yangu, mamubata kupi munhu wacho? nekuti ndoda kuti andiudze kuti godo rake chairo rimbora rei kusvika pakuda kuuraya munhu asina mhosva kana waakatadzira anozvigarira ega. Huyai naye pano munhu wacho matogona masvika vanhu vaenda kunorara ndoda kumugadzirisa ndega. Atokupai here zvipfuyo zvacho?"

Aiva mashoko aibva mumuromo maMambo nguva yavakationa,

takangotarisana kumeso na staben
pavakushaya anodavira. Mambo yaisava
mhosva yavo nekuti vakange vajaira kuti
nguva zhinji vakatituma kunotsvaga
mbavha taitodzoka taiwana manje apa
takange tisina chatinacho.

"Mambo wangu masango matema aya
taedza kutsvaga kwese kwese asi hapana
chataona kumwe tanga tichiita
zvekubvunza asi zviru kuratidza kuti tsotsi
redu iri raita zvine uchenjeri kana kuti haasi

vemune rino dunhu nekuti hapana patisina
kupinda tichitsvaga. Tatosvika pakupererwa
ndosaka maona tadzoka kwamuri kudai
kuti tikuudzei handizive kana mune
zvamafungavo"

Ndakatotaura kudaro mushure mekunge
ndaona staben avakuda kutaura
ndichifunga kuti anogona kutitengesa
nekuda kwezvaakange arikutiitira.

"Mune chokwadi here nezvamuri kutaura vakomana chii chiri kumboitika pamuri zvekutadza kubata munhu akatora zvipfuyo zvakawanda kudaro. Ndinoda kumuona pano munhu wacho munofanirwa kudzoka pano kana muchinge mamuona ndiko kuti tiwirirane nekuti zvipfuyo izvozvo hazvingangoende mahara zvotangira pana Tapiwa here kutsakatika kwezvipfuyo vamwe vese muchimbovabata munofanira kutomukira mangwana moona kuti mungaita sei kana kutora zvimwe zvikomana apo zvinokubatsira kana muri kukundikana imi nekuti ndiri kuda munhu iyeye pano andiudze chikonzero chaita kuti ade kuuraya mwana uyu ari apa. Chero dziri hama dzake kwamaive makaenda munouya nadzo pano ndinoda kuziva chiri kuita kuti

vadaro ndovaranga ndirini uye rimwe dunhu
randirikufungira nderekwa Nhembudziya
kana mashaisisa muno motoendako asi
ichatondoita hondo chaiyo"

Mashoko amambo akandipedza simba ini,
ndaifunga kuti zvichangopera ipapo asi
akatoramba achiwedzera munyu izvo
zvakandirwadza kana kuti ndaizoita sei
ndakashaya. Handina kuzombopindura
ndakangoerekana ndakufamba ndichibva
pavaive Stabeni akabva ateera kumashure
kwangu achitokweva makumbo ake.

Tichibuda mumba makange muna mambo
tichangoti fambei ndakanzwa staben ava
kuti.

"ini hangu kana pane zvimwe zvamuchada
kuita handipo nekuti mangwana mambo
ndiri kuda kumuudza zvese zvakaitika
nekuti hapana kwatinosvika nekunyepa
kwamuri kuita uku ndinoda kuzvichenura
kana uri mutongo wandichapihwa
ndinotambira nekuti ndiri kuziva kuti
zvandakaita zvakaipa"

Ndakamira pandaive ndikanyatso mutarisa kuti akange ari kurevesa here zvaakange ari kutaura nekuti iye ainyatsoziva kuti kana ari mambo vaigona kutourayiwa nekuti taida kuuraya munhu kaa dai akatofa kutaura kwaaita apa. Takabva tatotanga kunetsana ipapo ndakutomupa mhosva kuti ndiye akange andituma kuti tiuraye Tapiwa hapana chatisina kutaura tikapedzesera takurovana chaiko,pakangoita rimwe jinda rakabva ramanya richiti ravakundoudza mambo kuti vanhu vourayana.Ndakaona

kuti zveshuwa nyaya yaipa,kana mambo
vakazobvunza kuti murikurwirei zvaiva
pachena kuti Staben aizotaura
chokwadi.Ndakangovhomora bakatwa
rangu kuti ndibaye Stabena afe.....

End of chapter 6

_ *MY ENEMIES BECOME FRIENDS* _

↑ ♂ ♂ ♂ ♂ ♂

↑ ♂

_ *WRITTEN BY* _

DR KD MAZANI

+27 84 048 8648

TAMARI MURENGA

+263 71 276 8826

AND

PATIE

+27836691280

*CHAPTER 7 *

<https://chat.whatsapp.com/HYxyImhoKL12uFvsLPusi0>

Tapiwa

"Dunhu rino ndorisina kugara raita
nhire,ndinotoziva kuti zvandadai kutuma
Chiradza naStaben vanodzoka vabata
munhu akakubira pfuma yako uye mutongo
wacho wandichamupa uchange wakati
ome."

Vaidaro mambo vaita kubuda masiriri
zvairatidza kuti vagumbuka uye vaisada
zvisina basa mudunhu mavo.Ndakapotsa
ndataurira Mambo kuti zvipfuyo ndazviona
kwazviri asi ndakazoyeuka zvandaiva
ndarota kuhope.

Ini: Saka kana mukamubata muchamupa mutongo wakaitasei?

Mambo: Ndinomutongera rufu chairwo ko handiti iwewe aida kukuuraya.

Ini: Asi inini Mambo wangu, ndaisada hangu kuti afe asi akadzosa chete mazen'e angu pfuma zvayo haina basa Mwari achandipa imwe.Ndinotenda Mambo nekugamuchira chichemo changu uye zvee nekudya

kwamandipa ndinotenda zvikuru,Mwari
nevadzimu venyu vakuitirei zvakanaka.

Ndakadaro ndichiombera ndava
kutosimuka kuti ndidzokere kumba kwangu.

Mambo: Ko urikusimuka kuda kuenda
kupi,hatisati tapedza kukurukura ka ndine
zvizhinji zvandinoda kutaura neni.

Ini: Ndanga ndati sezvo ndapedza nyaya

yangu ndingadzokera zvangu kumba kwangu.

Mambo: Aiwa Tapiwa, hauna kwaurikuenda nhasi kusvika vanhu vandatuma vadzoka zvichida muvengi wacho, aida kukuuraya arikutokuona saka handitombodi kuti ubve mumaoko angu. Ndichataura naChiradza mukuru wemachinda angu kuti ambokutora andogara newe muimba yake.

Ini: Zvose ndinobvuma mambo, ndisingazivi kuti vanhu vanozozvifarira here izvozvo nekuti vazhinji havandidi vamwe

vanotondipa zita rekuti mubva kure sezvo
ndisiri wedunhu rino.

Mambo: Ino nzvimbo inoti ini,hapana
anopikisa zvinenge zvabuda mumuromo
mangu chero ndikada kuti nhasi Tapiwa
iwewe wava mambo hapana anozviramba.

Ndashaya kuti ko sei mambo
vavakundifarira zvakadai,asi chinhu
chandaiziva pamachinda avo ese hapana
kana umwe zvake aindifarira.Mumoyo
mangu ndakangoti sezvo zvataurwa
nemuridzi wenzvimbo hapana

chandingapikisa.ndakagara namambo
Mujinga kusvika zuva ravakudoka
tichingotaura nyaya vachindibvunza
zvakanwanda wanda pamusoro pehama
dzevabereki vangu dzaiva dzakasara
kuMhondoro.Ndakavaudza chokwadi kuti
"inini handina zvizhinji zvandinoziva
pamusoro pehama dzangu asi
chandinoziva chete ndechekuti ndirimwana
wekwaMadondo.Hama dzangu dzaisafarira
baba vangu izvo zvakazopa kuti vabve
ikoko vachiuya kuno."

Mambo vakanetseka zvikuru kuti ko sei
hama dzababa vako dzakava neruvengo
kusvika pakutadza kana kuzochengeta
umwe wavo.Vakatanga kufungira kuti

zvinogona kudaro variivo vakauya
kuzoparadza pfuma yako asi vakazofunga
futi kuti kana zvirizvipfuyo vaizoenda nazvo
sei Mhondoro kure kure kwakadaro.
Chaisaziva mambo ndechekuti pfuma
yangu yainge yagara ichibiwa asi munhu
wacho aitora padoko padoko zvekuti
ndaingoti pamwe zvipfuyo zvangu
zvirikurasika izvo kwete.

Chikafu chemanheru chakauya nemusikana
anga ambotivigira masikati,paakadzokera
tava kutotanga kugeza maoko kuti tidye
ndiyo nguva yakabudikira mukadzi
waMambo achifamba nevamwe vasikana
vaviri vaiva vakapfeka zvipfeko

zvakananana, zvaiyevedza uye zvine ruvara
rwaipenya penya. Pakati pevasikana ava
pakaita umwe wandakafananidza
naThelma zvekuti ndakapotsa ndada
kumujambira asi ndakazvidzora sezvo
ndaiva pamba pevaridzi. Vakasvika
vakapfugama vese vakaita zvekuteverera
asi mukadzi wambambo ndoiva mberi
kwevasikana ava.

"Ndauya mambo wangu"

Vakadaro mukadzi wamambo achikotamisa
uso hwake pamberi pemurume wake.

Mambo: Waita zvakanaka chose,saka wanga wavataurira here zvese sekuudza kwandakakuita.

"Hongu ndavataurira zvese uye hapana apikisa ndisingazivi kuti murandakomana ati chii?"

Ndakanetseka panguva yavakati muranda komana vaitendeka inini.

Mambo: Ndanga ndisati ndataura naye hangu nekuti kuuya kwaazoita pano anga atofambira dzakewo. Saka Chiradza naStaben vanga vasati vadzosa mhinduro pakufamba kwavakaita vachindoferefeta.

Zvakanaka mambo wangu saka isu regai tidzokere, saka arikundorara kupi Tapiwa sezvo kwasviba kudai anga achadzokere here?

Mambo: Haana kwaachadzokerera, ndanga

ndafunga kuzomuisa kwaChiradza nekuti
ndiye munhu mukuru uye anoziva nyaya
yese sezvo ndakamuruma nzeve.

"Zvakanakai mambo wangu,chidyai chikafu
chenyu chingapora"

Vakakotamisa uso hwavo kanokwana
katatu ndobva vasimuka vese
vakadzokera.Veduwe hapana chinhu
chakaoma sekuti vanhu vanotaura nezvako
uripo asi usingazivi musoro wenyaya
yacho.Ndakatanga kunetseka asi kuti
ndishame muromo ndibvunze zvakaramba
nekuti ndainge ndabatwa nekutya.Mambo
vakapedza kugeza maoko avo ndobva

vanditambidza dishi kuti ndigeze,nguva
yandakada kugamuchira semunhu ainge
achihuta ndakashaya simba rekubata dishi
richibva radonhera pasi mvura yese
ikateuka.Ndakafunga kuti zvimwe mambo
vachanditsamwira asi vakatoseka zvavo
vachindibvunza kuti;

"Ko sei urikubvunda kudaro nhai mwana
wangu?"

Ini: Kwete mambo wangu handisi kubvunda
asi ndine nhetemwa.

Mambo: Usatya kana kudedera nekuti pano
pauri ndipo pamusha pako uye
wakasununguka kutaura zvese zvaunoda
hapana anokubvunza.

Ini: Ehwoi mambo wangu.

Ndakazoratidzwa kwaiva nechirongo
chemvura ndiko kwandakazowana imwe
mvura yekugeza maoko tikabva tatanga
kudya asi hapana aitura neumwe panguva

iyoyo.Hongu ndakadya hangu asi sadza
racho harina kupinda hana yangu
ichingorova, ndaisada kuti mambo vazvione
kuti ndirikutya.

Patakapedza kudya mambo vakaona kuti
ndainge ndavakukotsira, ndakazoratidzwa
imba yekundorara ndobva ndaita
zvekuperekedzwa nevasikana vava vaviri
vakasiya vawaridza bonde pamwe chete
nekundipa zvekufuka.Chakandinetsa
pavasikana ava ndechekuti hapana kana
umwe akataura vaingoita zvavaiita
vakanyarara izvo zvakandipa kuti
ndifunganye zvakawanda.

Zvakatora nguva kuti hope dzangu dzibate
manheru aya nekuda kwendangariro asi
munongoziva kuti hope hadzina mugoni
dzakangozonditora ndiripakufunga
kudaro.Ndakatanga kurota ndichiona
varume vaya vanga vatumwa naMambo
vachiita kunge ivo pachavo
varikurwa,ndainge ndirikure navo zvisingaite
asi pandakaona vavakubudisirana
mabakatwa ndipo pandakaita
zvekumbururuka ndichibva pandaiva
ndobva ndasvika ndichindomhara pavaiva
ndikabata bvumo ranga ratosara padoko
doko kuti ribaye pachipfuva peumwe
wacho.Zvakashamisa vanhu vazhinji
vaivapo pakaitika chiitiko ichi zvekuti
ndakaona vanhu vazhinji vachiuya mberi
kwangu vachindigwadama.Murume uya
aida kubaya umwe akabatwa neshungu

akange avakuda kurwisana neni asi
panguva yaakada kundibaya ndakabva
ndambururuka ndichimutiza ndobva
ndanowira kunzvimbo yandaisaziva asi
pandakadonha pacho ndakaita
zvekugamhiwa naThelma.

Ndakapepuka ndichinzwa kurira
kwemajongwe ndikaziva kuti kunze
kwainge kwaedza. Handina kunyanya
kunetseka nehope idzi nekuti ndaitoziva
kuti kana ndikarara chete handishayi
chekurota chinenge china Thelma
mukati. Shungu dzangu dzanga dzavakuda
kuziva kuti Thelma wacho ndiyani asi
vekubvunza chaiye ndaimushaya.

Pandakada kubuda panze
ndakasanganidzana nemusikana uya
wandaifananidza naThelma akamira
pamusuwo pangu,paakandiona
akanditendekera neruoko achindiraridza
pekufamba napo;

Ini: Nhai mwana sikana,handizivi hangu
kana ndichityora mutemo asi
ndokumbirawo kubvunza.

Akaramba akanditarisa kumeso haana

kundidavira,akabva atendeka zvakare kuti ndifambe.

Ini: Ndinokumbirawo kuti kana ndatadza usandoudza mambo ndingaitwa kanyama kanyama.

Ndakadaro ndichifamba mberi kwake iye arikumashure.Ndakaona umwe wacho musikana arimberi kwangu achindisheedza neruoko kuti ndiende paanga akamira pedyo neimba yaMambo yandaiva ndakagara navo nezuro.Ndakasvika paya ndikatendekerwa kuti ndipinde mumba,ndokuona mambo vatovamo

nechekare chikafu chatoiswa patafura kuti tidye.

Ini: Mamukasei mambo wangu?

Mambo: Ndamuka zvakanaka,gara hako panzvimbo yako apo.

Ndakandogara pandainge ndaratidzwa ndobva ndamirira kunzwa zvichataura mambo nekuti ndaida kuziva kuti machinda avo anga adzoka here.Mambo havana

zvavakataura kunze kwekunditambidza
komichi yaiva nesvutugadzike yainge
yakarungiwa mukaka zvese neshuga
nechekare. Takadya tikapedza vashandi
vakauya vakazorongedza mandiro
avo, ndakanzwa mambo vava kukosora
kosora vachigadzira pahuro pavo;

Ndirikuzviona Tapiwa kuti urikunetseka
mupfungwa dzako nekuda kwenhaurirano
yawakanzwa ndichitaura namai vako.

Ini: Hongu mambo wangu,kana ndiine chandakatadza ndinokumbirawo kuti mundiudze.hapana kana munhu arikuda kutaura neni pano kunze kwenyu imimi.

Mambo vakaseka zvandisina kuziva kuti vasekei,handifungi kuti mubvunzo wandainge ndabvunza waisetsa ini.

Mambo: Hongu hapana munhu anemvumo yekukutaudza pano kunze kwangu asi usatya sekutaura kwandakaita nezuro zvizhinji tichataura kanaChiradza adzoka.

Ini: Zvino havasati vadzoka here?

Mambo: Handizivi kuti vabatwa nei,kana vakange vashaya zvipfuyo zvako mudunhu rino ndichavatuma kwaNembudziya kudunhu ratakaganhurana naro anogona ari Chief Nembudziya akatumira machinda ake kuda kuedza masimba angu.

Ini: Madini mangosiyana nazvo mambo,hazvizodyari ruvengo here

zvika zokonzera hondo inozouraisa vanhu vakawanda, zita rangu ndiro rinosviba kuchinzi ndiwe honzeri.

Ndakadaro ndichitofunga hope dzangu dziya dzekurwisana kwakaita machinda amambo, ndakangoti nechemumoyo pamwe zvine chirevo sezvo Mambo vanga votaaura zvehondo.

Mambo: Ndine hope dzandarota ndichiudzwa kuti kana pasina kurwa kwaitika pakati pangu na Nembudziya chokwadi hachife chakabuda uye iwewe unofanirwa kuti uendeko kuhondo kwacho

saka izvezvi ndoda kukuendeswa
kwaunondodzidziswa kuseenzeesa bvumo
nemuseve.

Ini: Inini handina kudzidziswa hondo namai
vangu,chavakandidzidzisa chete kunamata.

Mambo: Handisi kuda munhu anondipikisa
Tapiwa,chisimuka izvezvi hona watomirirwa
apo.

Ndakasimudza musoro ndichitarisa

kwavanga vatendeka ndokuona varume
vatatu vanga vakamira.Ndakasimuka
ndobva ndabatwa ruoko ndikaendwa
neni,ndakasvika ndikapuwa bvumo
nemuseve ndobva ndatanga kudzidziswa
ndichiudzwa mapotsererwo ebvumo
nemuseve.Hapana aitura neni nemuromo
zvese taitaura nemaoko kunge mbeveve.

Avamanheru ndakadzosewa kwaiva
namambo apa ndaiva ndaita kuneta
chaiko.Mambo vakabvunza machinda
aindidzidzisa kuti ndanga ndichigona
here,mhinduro yevarume ava yakafadza
mambo zvikuru.Pakadzokera machinda
mambo vakabva vandiratidza bvumo,uta
nemiseve dzavakati ndizoshandise kana

tava kuenda kundorwa.Vakatanga kunditaudza nyaya dzaisetsa vachindiudza mazita emiseve yavo mishanu yavainge vandipa.

Chiradza naStaben vakasvika tiripakati pekufara asi vakagumbura mambo nekuti vakadzoka vasina chavanga vawana.Ndakamboda kuvanzwira tsitsi ndikambofunga kuti ndivaudze sango raiva nezvipfuyo zvangu asi ndaibva ndakasika kufunga zvandainge ndakaudzwa naThelma kuhope.

Vakanzi vadzokere zvakare kundotsvaka usiku ihwohwo asi mambo pavakasara

vakabva vachinja moyo vakanditi
ndimhanye nditevere machinda asati asvika
kure kuti vadzoke.

Ndakamhanya veduwe asi ndirimunzira
ndakasangana nerimwe jinda raitomhanya
richiita kunge ririkuinda kwanga kuna
mambo.

"Heyy ndiwe ani arikumhanya usiku uno?"

Akadaro murume uya atondibata ruoko
rwangu zvine simba.

Ini: Ndatumwa namambo ishe wangu,zvanzi
Staben naChiradza ngavadzoke nekukasika.

Manje nehondo irikoko unodzoka wafa
mufana wangu ,ngatidzokei tose tondoudza
mambo kuti vanhu vourayana.

Ini: Kwete ishe wangu hazvingaiti kuti
ndidzokere munzira ndisina kusvitsa
shoko,zvitori nane kuti imimi
mundiperekedze ikoko tozodzoka tose.

Ndakadaro ndichizvipa zvivindi nekuti

kurwa kwanga kwataurwa apa ndanga
ndakurota,takamhanya nemuchinda uya
zveshuwa takasvika zvinhu zvisina kumira
zvakanaka vanhu vatobudisirana
mabakatwa kuti vabayane.Mamwe
machinda ese ainge atiza amira nechekure
asi ini ndakamhanya ndobva ndasvika
ndichijamba ndikakasika kubata bakatwa
rachiradza risati rabaya
Staben.Pandakandomira nechekure ndini
ndaiva ndabata bakatwa muruoko,Chiradza
akada kumbopaparika achindinga asi
ndakatiza ndichitodanidzira kuti zvanzi
namambo muuye kuimba yavo yekutongera.

Pavakanzwa izvi vese vakabatwa nekutya
ndobva vatanga kundinyengerera kuti

ndidzose bakatwa uye ndisaudza mambo
kuti vanga vachirwa.

Semwana aiteerera uye asina zvaaiziva
ndakabvuma zvese zvavanga vanditaurira
ndipo pakazoyanana vaviri ava tikabva
tazoenda kuna mambo tirivatatu.

Mambo: Chiradza,ndaisa mukomana uyu
mumaoko ako akangodzoka chete afa
nekubaiwa ziva kuti iwe nemhuri yako mose
maparara,ndaona kuti muno mudunhu
hamusimo maita mhandu asi pakurota
kwangu kwandakaita mhandu irikudunhu
raNembudziya saka tora machinda ese

epano pamuzinda mupinde munzira muende kundovarwisa motora zvipfuyo zvavo zvose. Pauchange uchifamba iwe ndopachange pana Tapiwa kusvika madzoka.

Mambo vakati vachipedza kutaura pamuzinda wavo pakaita bata wabata vanhu vachigadzira zvombo zvavo. Ini ndaiva ndatobatawo pfumo nemiseve dzangu ndatongomirira chete kuti tibude kunyangwe zvazvo hana yangu yairova asi panga pasina yekutamba. Takazobvapo nguva dzava kuma 9pm ndobva tapinda munzira takananga kunzvimbo yekwaNembudziya kwandaisaziva

.....

End of chapter 7

_ *MY ENEMIES BECOME FRIENDS* _

↑ ♂ ♂ ♂ ♂ ♂
↑ ♂

_ *WRITTEN BY* _

DR KD MAZANI

+27 84 048 8648

TAMARI MURENGA

+263 71 276 8826

AND

PATIE

+27836691280

*CHAPTER 8 *

<https://chat.whatsapp.com/HYxyImhoKL12uFvsLPusi0>

Thelma (Ruvheneko)

Ko zvatifuraira nhayi madzitateguru edu

kana pane chatakatadza chinoda kuripwa tinoripa hedu, zvimwe takatyora mutemo nekusaziva. Saka musativanzira budai pachena.Itai moyo murefu vana vasaparara musha wose zvawazara ropa varikufa vasina mhaka,kutouya kwamuri kudai kupererwa nezano tinotambira mhosva dzedu dzose asi tinzwireiwo ngoni. Zvamakati ndimi mbereko muchabereka dzinza rose kana magumbuka zvakadayi mosunungura mbereko vana vanoshaya mubvumbamire here nhai?.

_Ruvheneko enda unoudza vakuru vako kuti zvatakawirirana gore riya pakati pemakomo anoyera,vave papi ndakati kudii

kana varamba kusunganidza ndangariro dzavo vaudze kuti ndaona ropa radeuka zhinji kwazvo,vangafamba kwese kwavanoda asi kana vasina kuzadzisa chitsidzo pfuma yavo ichaparara uye vasazofunga kuti vadzimu vadambura mbereko._

Ndakapepuka kubva kuhope ndokuona aizve ko zvakamira mazirume aive akasviba asi akayamwa mukaka akaguta dzaiva hwitakwi chaidzo dzevarume.Mumaoko avo vaiva vakabata mapfumo asi aiva pedyo neni aiva akabata rine ropa nyoro, handina kutya nezvandaiona asi ndakarangarira mashoko andaive ndasanganidzana nawo

kuhope.Ndakasimuka pandaive ndivete asi
ndaive ndatangirwa murume uya akabva
andinongedzera bvumo rake zviya zvekuti
ukaita zvekutamba tinokuparadza.

"Hapana kwauri kuenda kasika
kutiudza....."

Haana kuzopedza kutaura mashoko ake
nekuti ndaiva ndaita kuguta
neshungu,ndakabva ndangomufuridza
mumaziso make ndokusiya achitsokota
maziso ndakamhaya kumatumba amambo
kwandakasvika mambo vakaita
kuzviunganidza ndakasvikopfugama

pamberi pavo ndokuvabvunza chainge
chatora nzvimbo. Asi vakatadza kupindura
nehukasha wavaive nawo uye murume
mukuru aitosvimha misodzi,mhamha ndivo
vakazoti.

"Inga unovata dzehumambo isu ziso redu
riripauri. hona musha wababa vako wapinda
vavengi varikuparadza nevasina mhaka.
Mambo wekudunhu ratakapira gotsi arikuti
takapamba hupfumi hwevanhu vake.
Machinda ose ndiko kwaaenda kunorwisa
kuti vana vedunhu rino vasaparare."

Handina kumirira kuti vapedze kutaura,

ndakabuda ndirichahwiriri ndakananga
mudunhu umo maingonzwikwa yohwe
yohwe vanhu vachitiza nehupenyu
hwavo.Ndakangobata cheni yangu yaiva
muhuro ndikanzwa mhere mhere yevaitiza
machinda ekwedu akatangawo kutiza
mushure maizvozvo kwakauya
chamupupuri,chakatanga kumhanya neni
ndirimukati macho pachakazopera
ndakabva ndaona umwe mukomana aive
akavata pasi asi aigomera nekurwadziwa.

Ndakamubatsira akasimuka asi ropa raiita
kuchururuka nechepafudzi paive abaiwa.
Aitadza kana kumira simba rapera,patainge
tavakufamba akatendeka kurutivi rwake
pandakatarisa ndakaona miseve mishanu

nebvuma raiva nemufananidza wemusoro
wemunhu kwarinobatwa nako.Ndakatora
zvinhu zviya ndokubva ndamubatsira
kufamba asi tisina kwatasvika ndakanzwa
avakudana zita rangu, zvakandivhundutsa
nekuti ndaisamuziva asi paaakasimudza
chiso chake ndakamumbundira muropa
imomo zvekuti kana dai paisvika munhu
aigona kushaya kuziva kuti ndiyani akuvara.

Ndakaona kuti ndikaenda naye kumuzinda
mambo havaimbomutambira,ndakaenda
naye kumba kwesvikiro remudunhu avo
vandakawana vakaita kuzvivharira
mudzimba.Ndakasvika ndikavatsanangurira
zvanga zvaitika ndikavaudza kuti haafani
kufa ndiye ahatiudza kwavabva.

Ndakamusiya ndamurapa nemushonga
wechivanhu ndikamuti ambozorora kana
amuka taizotaura.

Ndichibvapo ndakabereka tsoka
ndakananga kumba, ndakasvika baba
vangu vachifa zvavo nekuseka
zvikatondishamisa, ndakavabvunza kuti
vaive vafadzwa neyi mudunhu mabva kuita
hondo yadeura ropa revamwe. Ndaifunga
kuti ivo vachandidavira asi vakangozunguza
musoro wavo nekutosimuka ndakatadza
kuziva kuti zvaimboreveko.

Mhamha ndivo vakazondiudza kuti
mudumbu Maita mashura kwangonyuka

shumba yatanga kumhanyisa vavengi.
Semunhu aiziva zvazvaireva
ndakangosimuka chinyararire
ndokunozvivharira munhanga mangu ndine
zvandaيدا kuona kuti pane chirevo
chandingaratidzwa here pamusoro
paTapiwa wandainge ndasanganidzana
naye apa nguva yese ndaiita
zvekungomurota.

Hapana chandakakwanisa kuratidza kana
kunyeverwa asi handina kugumira
ipapo,manheru vanhu vavata ndakamuka
chinyararire ndokuenda kwandaive ndasiya
Tapiwa kuti ndinonatsa kutaura
naye,ndaiziva kuti mushonga wandanga
ndamuzora unopedza marwadzo

nekukasika.Ndakasvika akagara hamheno
zvaifungiwa nekuti haana kundiona
pandakapinda mumba. Ndakazoita
zvekudana nezita ndipo
paakavhunduka.Ndakamutarisa pachiso
chake ndikangoona ndava
kunyemwerera,ndakaona achiratidza
kusununguka ndipo pandakatanga
kumutaudza.;

"Waibaiwa nebvumo uchibvepi uye kuno
wauya nani? ndakakupa meso anoona wani
uye chenjedzo zuva nezuva ndaida ufambe
negwara kwaro unoda kuteura ropa risina

mhaka mangwana unoitungamira sei dunhu
uchinonoka kufunga kudaro."

Ndakataura mashoko aya nekuti pane
zvandaiva ndaratidzwa nguva yandakapinda
mumba.ndaive ndakapfeka chiso chebasa
nekuti ainge andibhowa nekuita kwake.

_Munhu anganzi endai munorwa musina
humbowo wezvamuri kutsvaga, manje
zvaaive ofa kufira chigarro chaasati
agadzwa inga zvaiti ndakadzidziswa
kunamata nevabereki vangu akaregerei
kunamata kuti apihwe maziso emweya._

Ndaifunga izvi ndakamirira mhinduro yake
apa maziso angu ainge akatarira bvumo

riya remufananidzo wemunhu ndikaona rine chirevo chikuru.

Tapiwa:~ Iwe chisikana usada kundinzwa wanza, unoti zvawandinhonga une kodzero yekutaura zvaunoda kwandari ndinokudevedzera machinda ekwedu akuparadze. Umbori ani anongonyuka pose pose kunge hohwa, muhope dzangu wandishaisa zororo mundangariro dzangu ndiwe watonga . unombodeiko muupenyu hwangu kana une zvaunoda handichina chandiinacho ndangove ini sekuona kwauri kuita ndini zvose pandiri pano.

Ini: Usada kundinakidza chikomana
machinda ekwenyu kutaura kuno vari
kumbeya nesango shumba irikudzvovera
mumakotsi avo izvozvi vachanoudza
vamwe kuti dunhu rino harisi rekutambira
mahumbwe,iwewe ndirikuda kukuyamura
nekuti upenyu hwako huri patambo.

Tapiwa: Avo havana mhaka vangori
vatumwa, vatumwa namambo tine hupfumi
hwakapambwa ndiwo hwatirikutsvaga saka
mambo arikuti pfuma iyi yakapambiwa
nedunhu rino.

Ini: Hooo urikuti zvako havana mhaka,ko akubaya wamuona here?

Tapiwa: Aiwa handina chandaona ini,ndangozoonna ndava pasi.

Ini: Anonzi Chiradza ndiye akubaya, anga achida kubaya pari pamoyo asi apotsa. Shuviro yake yanga iri yekuda kukuuraya awane zvekunonyepa kwamambo,kutaura kudai arikufungidzira kuti iwewe waparara

asi midzimu yako ichiri kukuda. Chiradza
uyu arikuda humambo saka iwe kana uri
mupenyu hapana chaanowana ndiye
akatora hupfumi hwako ndinofunga
wakaona pane zvipfuyo zvako. kana
wakatevedzera zvataitaura muhope. Hapana
waunofana kuudza pane zvipfuyo kusvika
iye nyakuzvivigapo adura, parizvino
wotogara pano. wakahwanda hapafanire
kuva neanokuona kunze kwababa vepano
nekuti ukangoonekwa nemachinda
amambo ungaitwa kanyama kanyama.

Ndaifunga kuti acharamba zvandaive

ndamuudza asi akagutsurira musoro
akanditarira, ndakaona musodzi yava
kubuda ichierera mumatama ake. Moyo
wangu wakabva warwadziwa,

Kumuona achichema ndakapfugama paive
akagara ndikamupukuta musodzi yose
akabva anditarisa nemaziso anga
akatsvuka. ndakaramba ndakamutarisawo
mumeso ake ndaida kuona kuti anondida
here sekumuda kwandaiita?

Tapiwa: Chiso chako chakanaka
mwanasikana zvabva zvanyungudisa moyo
wangu. maoko ako akapfava zvokuti
pawabata matama angu ndanzwa ropa

kumhanya netsinga zvichiita kutekenyedza
kana ririvhudzi ramira zvandisati
ndambonzwa muupenyu hwangu.

Mashoko ake akaita kuti ndinyungudike
ndakamubata huro kuti chiso chake
chisvedere pedyo neni. Waingonzwa
kufemereka kunge vanhu vambenge
vachimhanyiswa. ndakamutsvoda
ndokumirira iye kuti aitewo zvimwe
chetewo, paakanditsvoda ndakanzwa
muviri wangu kusununguka. Takatsvodana
zvisina ani nani akamboona imba yaive
yakaita runyararo miromo yedu ndiyo
yaingotaurirana chete. dayi pasina zvirigo
zviri pandiri ndaimuti azadzise chirevo

tirerukirwe manje zvaive pandiri
zvaisanditendera.

Tapuwa: Waba moyo wangu chisikana,
ndaive nechishuwo chekukuona rakacheka
nyika, urimukadzi wandakapihwa na
nyadenga iwewe. Zvino zvauri mukunda
wamambo ndokutora seiko uye
ndoindepiko newe ini ndingori hanya zvayo
isina chainacho.

Ini: "Ndiri mwana wamambo hongu. uye
hapana chandisina kana chandinoshaya,
chandinoda moyo wako chete kuti uve

wangu ndoga tozadzisa zvirototo zvedu, ini
wangu moyo ndakakupa kare mudiwa
nguva chete ndiyo yandainge ndakamirira
sekuvimbiswa kwandakaitwa nesvikiro
redunhu rino.

Hatina kana kurara musu uyu, ndakazobuda
mumba umu kunze kwava kutochena
ndobva ndadzokera kumba kwedu. Mazuva
akafamba newangu mudiwa tichisasana
mai vakambondibvunza kuti "sei ndiri
kugara ndichifara kudaro" Handina
zvandakada kuvataurira asi
ndakangonyemwerera ndakavatarisa.

Rimwe zuva mambo vakazosheedza dunhu rose vachida kuti vataure nezvechiitiko chakanga chaitika mudunhu. Nguva yose iyi vainge vakamira zvekuungana. sezvo vaitya kuti hondo inodzoka zvakare saka vanhu vainge vakanzi vatombogada mudzimba kwemazuva gumi nerimwe (21 days lockdown).....

*Tapiwa*

_Vakomana dunhu rataive taenda rakatakura. machinda eko anorwa zvisina ani akaona. Izvi zvakonzera kuti tikande mapfumo pasi ndokutanga kutiza nehupenyu hwedu. Chiradza kubaya kwaakaita Tapiwa ndakamuona hangu avakuda kukata museve wepiri ndipo pakangonyuka shumba,vakomana pakamhanyiwa hapana aida kusara. Ndakaseka Chiradza obowa iyo shumba yacho inenge yaitoziva kuti ndiyo mhandu.Takasvika mambo vavete pavakanzwa kuti tasvika vakabuda vachimhanya munhu wavakatanga kubvunza ndi Tapiwa. Chiradza akabva ati adyiwa neshumba ndakamupa ziso rekuti urikumbozama kutiiko iwe. Mambo haana chaakataura akangopinda mudimba make chinyararire ndakasara ndikabvunza

Chiradza Kuti sei? anyepa zve
zvikanzi....._

Ndakabva ndango pepuka ku hope idzi
nguva yandairota Staben achirondedzera
nyaya iyi kumachinda aya
ekumbondirambidza kupinda paghedhi
ndichida kundoona mambo. Chakandisvota
ndapepuka kudaro ndechekuti handina
kunzwa zvaida kutaurwa naChiradza, nguva
yandainge ndichiri kushushikana nezve hope
idzi uye kuda kuziva kuti upenyu hwangu
huchazodini ndipo pandakanzwa ndava
kusheedzwa nasekuru vandaigara navo
kudunhu rekwa Nembudziya.....

End of chapter 8

T. P.M love you all

_ *MY ENEMIES BECOME FRIENDS*_

↑ ♂ ♂ ♂ ♂ ♂

↑ ♂

_ *WRITTEN BY*_

DR KD MAZANI

+27 84 048 8648

TAMARI MURENGA

+263 71 276 8826

AND

PATIE

+27836691280

***CHAPTER* 9**

*CHIRADZA*

<https://chat.whatsapp.com/HYxyImhoKL12uFvsLPusi0>

Ndakanzwa hasha pandakakanganiswa

kubaya munhu wangu. Nekuti ndaitoona
kuti kutaura kwaaida kuita kwaigona
kukonzeresa zvakawanda, kuvengwa
naMambo ozosvika pakupa Staben chigaro
changu kana kuurawa chaiko nekuti
zvaisadiwa mudunhu kuti pawane
anopanduka waiurawa rakacheka nyika.
Chandaiziva ndechekuti mambo aisatarisa
kuti ndiyani waingotonga munhu
zvinoenderana nezvaanenge atadza zvisina
kunzwira tsitsi mukati.

Zvino Tapiwa paakanditadzisa kubaya
munhu ndakabva ndatofunga kuti
ndingopfuudze ari ndiye ndikabva ndatanga
kumuteera zvaakazotaura ndizvo
zvakazondidzora uyezve Staben anga
avakuratidza kunzwisisa,takazoyanana

tikabva taenda kwataidiwa.

Tichisvika kwaive na mambo ndakava nemufaro kuti Staben haana kuzoratidza kuti akange achiri kuda kutaura chokwadi mushure mekunge taudzwa zvekunorwisa vanhu vakange vasina mhosva. tichiziva hedu kwaive nezvipfuyo zvaTapiwa. Sekuziva kwangu kuvengana kwanga kwagara kuripo pakati pematunhu maviri aya saka zvaisaita kuti tirambe dai taive nechikonzero zvaibuda manje apa pakanga pasina matiziro zvandainyatsoziva ndega.

Takatora zvinhu zvedu zvekurwisa
nevamwe varwi vataiziva kuti vaimira mira
pakurwisa vanhu chakazondifadza
ndechekuti chero Tapiwa akanzi aifanira
kuendavo izvo vakanonoka vataura. kana
zvekuti ndaifanira kumuchengetedza
ndakatozvirasira kure ndikazviudza kuti uku
ndiko kwandaizodzoka ndamupfuudza
chete handaizoshaya chekudzoka
ndichitaura kuna mambo nekuti vaiziva kuti
chero muchirwa pane pamwe pamunogona

kuzorasana chete.

Takarongana zvakanaka naka nguva
dzatakanga takusvika ini ndakanga ndine
vakomana vamwe Tapiwa aripovo vamwe
vakaenda nerimwe divi. Tiripakati
pekufamba kudaro tichida kukomba musha
wamambo Nembudzi pakaita vamwe
varume vashanu vaifamba vachiratidza kuti
varikubva mudunhu vachiuya kuchisango
kwataiva. Takahwanda kusvika vava pedyo
nesu ndipo patakaita vekubata asi umwe

wavo akatiza,takaziva kuti kutiza kwaita
munhu uyu avakutondoudza mambo
Nembudziya kuti mudunhu maita vavengi
ndipo patakatanga kuvhundutsira varume
vataiva navo tichiti tiudzei kune zvipfuwo
zvedu zvamakapamba.Varume ava
vakaratidza kushushikana zvaingooneka
zvega kuti hapana zvavaiziva. asi hazvina
kutimisa kuvarwisa nekuti taida
kuzondoratidza mambo kuti basa
ramatituma taita.

Takatorana nevarume vaya ndobva
ndaenda kumisha dzavo tikasiya taparadza
ndobva tati mamwe machinda maviri
atanga tabva nawo ngaatore zvipfuwo
zvavo zvese vafane kutinha vachidzokera

kumuzinda wamambo Majinga.

Ndakazobvapo ndina staben nemumwe
wema chinda amambo wedu tikabva
tapinda kumuzinda wamambo apa hondo
yainge yachitanga manje nekuti machinda
amambo Nembudziya vainge vorwisawo
kwete zvekutamba.

Ndakarohwa nehana nezvandakaona

pamberi pangu ndakambofunga kuti
pamwe kwaive kuri kurota nekuti
ndaisatarisira zvakadaro yaive
tsvarakadenga yaive yakazvirarira zvayo
yakazendama pamuti. Ndakanyatso
kumucherechedza chiso chake akarara
kudaro ndikaona kuti akange ari musikana
wandakange ndakamboona kurwizi
akangoita zvekunyuka akatakura chirongo
ndikavhiringika ndichishaya kuti chii
chakange chiri kumboitika. Pandakazoono
vamwe varamba vakanditarisa ndipo
pandakabva ndazvishingisa ndichibva
ndamunongodzera ne pfumo randaive naro
rakanga rine ropa reumwe munhu
wandainge ndauraya.

Haana kutora nguva akange atomuka
ndaifunga kuti achavhunduka kana
kutozviiira nekuda kwema pfumo ataive
takabata asi hazvina kuita sekudaro munhu
akatoratidza kusatya. Pakanga pakutaura
Staben haana kuzopedzisa takabva
tafuridzwa mumaziso tikabva tatoita kunge
taiwe tatosvorwa takatora nguva
tichipukuta maziso zvikazoita papera nguva
asi ndakatoziva kuti musikana iyeye akange
asina kumira mushe.

Takazobva pamuzinda uyu tavakutiza
tikaenda kwataive tasiya Tapiwa apa ndaive
ndine tarisiro yekuti ndikasvika asati
apfurwa nevanhu vaNembudziya ndini
ndaizomupedzisa nekuti ndaisada kuti
tidzokere kudunhu kwedu tiinaye.

Ndakamuona achiedza kurwisavo ndikabva
ndaenda nepakahwanda pandaisaoneka
chero nani zvake ndikabuditsa museve
wangu ndichibva ndamupfura nawo
akanoridza mhere asi haana kudonha pasi.
Pandakada kuti ndimubaye umwe kuti
pasazoitika munana yakamboitika
ndakabva ndanzwa kudzvova kweshumba

zvakandivhunduka nekuti zvaisaitika pese
pese izvozvo.

Ndakambotora nguva ndakamira ndichida
kunyatsonzwa kuti ndizvo here zvandaive
ndanzwa. Pandakazoda kuregedzera futi
kechipiri ndakabva ndaona shumba ichiuya
nekwataive tiri ichiita kudzvova ndakabva
ndatotanga kutandanisana nemhepo nekuti
ndaitoitya zvangu paisamirika ipapo.

Hapana munhu akasara kune vakanga
vasina kuurayiwa takatanga
kumhanyidzana tichidzokera kwedu nekuti
pakange pasisamirike nekuda kwezvese
zvakazoitika ipapo ndakabva ndazviudza
kuti ndaisadzoka futi. nekuti zvaitove
pachena kuti makange musina kumira
mushe mudunhu macho kana kuti nditi
yakanga yabuda nekuti ndakanga ndauraya
Tapiwa here, ndakazvishaira mupanda
wacho ini. Ndakambofungira kuti zvimwe
ndiyo yakanga yambomubatsira kubva
kusango kwataive tambomusiya
tikazoerekana tomuona avakuna mambo

asi ndakaona kuti kwete pamwe dunhu
ratapinda rinoera Tapiwa angoriwo
mutorwa zvake haangamboiti munana
wakadaro.

Zvese izvi ndakazvifunga ndiri pakati
pekumhanya kudzokera kwedu takazosvika
tiri pakasiyana siyana vaya vaitinha zvipfuyo
hatina kuvaona uye hapana akaziva kuti
vakanga vaperera kupi.

Tichisvika mambo vakatoratidza
kushamisika asi ndaiona kuti maziso avo
aimhanya mhanya kutarisa mwanakomana
vavo nechemumoyo ndaitofara zvangu kuti
ndakanga ndazomugona manje Tapiwa
hapana mumwe futi aizoda kuitwa mambo
kunze kwangu. ini ndini ndega ndaiziva
zvakanwanda kana ari Staben aingoda hake
kuzvimisa misa asi anga asingafarirwe
sezvandaitwa. Mambo vakasimuka
pavainge vakagara ndobva vaita kunge
varikutiverenga apa maziso avo anga aita
kutsvuka nehasha, hapana kana umwe
zvake akakwanisa kushama muromo kuti
ataure tose tainge takamira kunge masoja
arikusimudza mureza wenyika.

Mambo: "Nhai vakomana zvamunenge makashota wani uye zvinhu zvamafambira hamuna. Chii chaizvo chiri kumboitika. musandiudze kuti matadza kutora zvinhu zvedu zvakapambwa nekuti ndinoziva machinda eko ari ndonda dzisinga gone kurwisa, ndini ndaitombovabatsira mazuva ataiwirirana, saka ndiudzei kuti chii chiri kumboitika ndisati ndaita zvimwe zvinhu pano apa, arikupi Tapiwa iwe Chiradza?"

Akataura kudaro mambo achiita kupupuma
masiriri nehasha achiratidza kuti akanga
asina kufarira nekudzoka takaita takashota
uye tisina zvipfuyo zvaTapiwa.

Ini: "Ndine hurombo mambo wangu zvinhu
hazvina kufamba semarongerero atange
tazviita. Ndinoona kuti dunhu racho
rakarema nekuti kana ini chaiye handisi
kuziva zvanyatsoitika. Pangonyuka shumba
ikabva yatanga kutidzingirira handizivi
Tapiwa azvifambisa sei patanga

tichimhanya ndakamubata ruoko akabva
adonha, abva adyiwa neshumba hapana
zvandakwanisa kuita nekuti ndaitotyira
hupenyu hwangu asi ndamboedza
kumuvhikira ndikasvika pakupererwa
ndichibva ndatiza nehupenyu hwangu.
Nekuti yanga yavakuda kutondidyawo, asi
kwakaoma uku hakusi kwekudzokera nekuti
mamwe machinda edu atisiya zvinorwadza
changamire wangu. tose tingatoperere
musango madzimai edu dzikasara dzava
chirikadzi".

Ndakapedza kutaura ndichitonyepedzera kurwadziwa asi mumoyo ndainzwa kufara. Pandakatarisa kuna Staben ndakaona achiratidza kushamisika ndizvo zvakanga zvakundibhohwa izvozvo nekuti ndakange ndisisazive paamire chaipo apa ndakatoona kuti aigona kunditengesa chete .

Mambo hapana chavakataura asi vairatidza kubatikana zvikuru asi ndaiziva kuti ndezve nguva diki diki zvinenge zvapera chete nekuti ndakange ndagara naye nguva yakareba. Mambo akatisiya takamira

achibva atobuda,mamwe machinda ese akabva abuwu vava kuenda kudzimba dzavo.Ini ndikasara tangotarisa na staben nekuda kwechiitiko icho takange tisisaziva zvaifungwa namambo nguva iyi, chandaisada apa kuzonzi tidzokere izvo ndakazviudza kuti ndaisabvuma.

Staben: Saka urikutofara kuti zvawaida zvaitaka apa ndiri kuziva kuti ndiwe wamubaya nemuseve wako ndakuona zvangu. asi ndakakuudza kuti ngatichisiyane nazvo hapana kwatinosvika, ko akasara akamuka akadzoka pano unotii

kuna mambo nekuti kamwana kaye
kanenge kane zviru paari chete.

Staben paakataura mashoko aya
ndakamborohwa nehana kuti ko chikava
chokwadi ndaizoita sei. Ndakatoona
ndakupihwa murango wangu na mambo asi
pandakarangarira mabayiro andaive
ndamuita uye akanga asara asina
anokwanisa kubatsira plus shumba
yakatidzingirira yaigona kumudya kana
kusara achipedziswa nevanhu vedunhu
iroro vachiti imhandu. Ndakabva
ndatotanga kusekerera hangu pandaifunga
zvese izvozvo sezvo ndaiziva kuti Tapiwa
haararame,inga vakareva wani vakuru kuti
tsuro haiponi rutsva kaviri zvaitova pachena
kuti apa ndanga ndamuparadza

zvechokwadi.

Ini: Parizvino hapana anodzoka ndiri
kukuudza nekuti ndine chokwadi chekuti
atofa chaiko kana akabuda apa anenge asiri
munhu. Dai uri kutofara kwete kusuruvara
kwauri kuita uku nekuti mhandu yedu yafa.
Chero akadzoka haana kumbondiona
ndichimubaya saka hapana chekutya apa.
asi zvikangosvika chete kuna mambo
ndoziwa kuti ndiwe tinopedzerana chete
nekuti unenge wakuda kuvhiringa zvinhu
zvangu kwandakabva kure ini, saka handidi

anondiendera mberi,usakanganwa futi kuti
ndikazoita mambo iwewe uchava
mutevedzeri wangu.

Staben: "Handisinei zvangu nezvinhu
zvenyu asi chokwadi kana chakuda kubuda
chinobuda chega ini musazondipinze
munyaya dzenyu handisisimo. ndakageza
maoko apa ndakangobvumira kuenda nemi
uku ndisina kutaura nekuti ndaitotya kuti
ungatondiuraire chokwadi sezvawakanga
waakuda kuita imboita asi ziva kuti mambo

handivaudze asi nerimwe remazuva
vachazviziva ndipo pauchazorangarira
mashoko angu.Kana irinyaya yechigaro
chenyembe dzeumambo handinei nacho
zvine makuva izvi saka chero zvaurikutura
zvekuda kuzondiita mutevedzi wako inini
bodo handide hangu.

Aidaro achisimudza maoko mudenga
sezviya zvinoita munhu asarenda
pakurwa,achipedza akabva atobuda zvake
ndisina kana kumudavidza ndikasara
ndakamira ndega.Hazvina kundityisa izvi

nekuti ndakaziva kuti aisambobuditsa
chokwadi nekuti ndaityiwa nedunhu rese
kana paripakurwa nebvumo hapana aiti
pwee.

Ndakazoenda kumba kwangu sezvo
ndakange ndatosuwa mhuri yangu
ndichisvika yakaratidza kufara neniwo
nemufaro wandaive nawo zvakabva
zvatoita kuti ndivauraire mbudzi tikarara
tichigocha nyama usiku ihwohwo. Apa
ndaipemberera umambo chero ndanga
ndisina kuudzwa

asi ndaiziva kuti hapana mumwe aizoitwa
kunze kwangu chete.

Mazuva akafamba mambo havana
kumbotaura nezvenyaya yacho. ndaive
ndavakushaya kuti vakange
varikumbofungi nechiitiko ichi asi
chandaiona kuti vaigara vakabatikana
vasina kusununguka semazuva ese
zvandaivaziva vachiita. Kana nyaya chaidzo
vakange vasisina maigona kungoswera
zuva rese makatarisana asi ndaizvisimbisa
ndichiti zvaizopera chete nekufamba
kwenguva hapana pavaizoramba
vachifunga nezve kamunhu kaisambove

mwana wake kana nehukama pakange
pasina.

Rimwe zuva ndakange ndakatozvigarira
zvangu nemhuri yangu ndichitoedza
kufunga kuti ndoitanga sei nyaya
yehumambo nekuti ndakange ndakutoda
kupihwa humambo ndaisaona chainetsa
kuti vandipe ini ndaive pedyo navo. Panguva
yandaifunga zvekuti ndiitwe mambo
ndakabva ndavhundutswa nekamukomana
kakauya kachiti ndaidiwa namambo. hana
yakamborova ndichiedza kufunga kuti

chingava chii chavaive varikundidaidzira.
Ndichisvika kwavari ndakashamisika
ndinzwa kuti.....

End of chapter 9

_ *MY ENEMIES BECOME FRIENDS* _

↑ ♂ ♂ ♂ ♂ ♂
↑ ♂

*WRITTEN BY*

DR KD MAZANI

+27 84 048 8648

TAMARI MURENGA

+263 71 276 8826

AND

PATIE

+27836691280

[https://chat.whatsapp.com/JQII593ENT9C
YK9IkqAdku](https://chat.whatsapp.com/JQII593ENT9CYK9IkqAdku)

CHAPTER 1 0

Tapiwa

Ndaifunga kuti kutorwa kwandakaita
naMambo Majinga zvimwe upenyu hwangu
hucharerika asi zvanga zvavakutonyanya

kuoma.Handina kumbogara ndaita
zvehondo ini kubva ndichikuta asi mambo
vakatora sarudzo yavo yekuda kundiuraya
muchinyararire nekundituma kundorwisana
nevarume vakuru kwandiri.Ndakamboedza
nepandinogona napo kurwawo
ndichiseenzesa miseve yandanga ndapiwa
namambo asi handina kana umwe
wandakauraya,ndaiti ndikapotsera museve
waingobondera pamuti ndofunga
ndakapotsera kanokwana katanhatu asi
ichingobondera isina kusvika
kumunhu.Hondo yakanga yavakupisa kwete
zvekunyepa machinda aNembudziya ainge
otirwisa zvine simba kuzvika tese tatiza
pamusha wavo tavakudzokera
kwedu.Patakapinda musango takabva tanzi
ngatimirira vamwe vakuru vedu vainge
vasara kumashure asi takanzi timire

takaparadzana umwe neumwe kwake.Hana
yangu yainge yoita seichabamuka nekurova
apa ndichifemera mudenga nekuda
kwekuneta kwandaiva
ndaita,ndakambodemba vabereki vangu
kuti dai varivapenyu ndisina kumbopinda
mutsekwende yakadai.Ko ndaigodini inini
ndirini ndanga ndakonzeresa kurwa uku
chero mamwe machinda ekwedu airatidza
kundishora vachiti ndini ndakonzeresa
kudeuka kweropa nekuda kwekutaaurira
mambo nezvekubirwa kwandakaita asi
vaifana kuonawo kuti kuzoona ndovataurira
ndaiva ndaparadzirwa musha saka
pekugara ndainge ndisisina.

Zvichakadaro takamira musango kudaro
ndakaona rimwe zinyoka raifamba richiuya
kwandiri,kuti ndiridze mhere zvaisaita
nekuti taizonzwickwa nevaitirwisa.Nguva
yandakada kujamba kuti nditize nyoka
ndakangonzwa museve watonyura
nechepafudzi pangu zvekuti dai ndainge
ndisina kujamba ipapo ingadai wakananga
muhuro chaimo kana
pamoyo.Chandakagona chete kuvhomora
museve waiva wandibaya ndobva ropa raita
kuti tsaaaaa richibuda ndiye tatara-tatara
ndichibva ndadonha.Ndaiti zvimwe vamwe
vangu vachazondibatsira asi hapana kana
umwe akacheuka ndakangonzwa mutsindo
wevanhu panguva yaka bhon'a shumba.Dai
ndaiva nemunhu aiva pedyo neni zvimwe
ndakatotaura mashoko ewonekedzo nekuti
ndaiva ndatozviudza kuti ndiko kuparara

kwangu ndavakuenda kwamupfiga
nebwe.Zvanga zvava nekaviri kuti ndaigona
kuzorumwa nenyoka kana kuzodyiwa
neshumba iyo yandanga ndanzwa kubhon'a
kwayo.

Asi kana Mwari vachirikukuda kuti urarame
chero vakakurongera rufu kashoma kuti
ufe,ndakangozonzwa ndava kubatwa
pandakadai ndichivhura maziso wanike
itsvara kadenga iya yandaigara ndichirota
kuhope.Ndakafunga kuti zvimwe ndirikurota
asi nguva yaakazonditora akaenda neni
pane mumwe musha ndipo pandakazoona
kutidaiva ndanunurwa ndikabviswa
pamumvuri werufu.

Ndakaita mazuva ndakavharirwa mumba
naye achiti handifanirwe kutombozivikanwa
kuti ndirimudunhu umu nekuti vanogona
kuzofunga kuti ndirimhandu vakazondiita
nyama yemagora. Rimwe zuva ndichimuka
arimakuseni, manheru acho ndaiva ndarota
Staben achiudza mamwe machinda
pamusoro pekufurwa kwandakaita achiti
ndiChiradza uye mukurota uku zvakabva
zvafanana nezvandaiva ndaudzwa
naThelma kuti Chiradza ndiye aida
kundiuraya. Ndaitofunga hangu nezvehope
idzi ndipo pandakanzwa ndava kusheedzwa
nasekuru vepamusha pandaigara avo vainzi
ndivo vakagarwa nesvikiro redunhu

rese. Ndakabuda mumba mandaiva
ndichiita kuhuta nekuti kubva zvandainge
ndagara apa vainge vasina kumbotaura
neni kunze kwaThelma uyo ainge andipinza
mumambure erudo. Thelma aiti nguva
yaanosvika chete pandiri panguva
dzemanheru ndaibva ndatanga kunzwa
ropa rangu kumhanya nemuviri wese
zvekuti chero nhamo dzangu ndaisvika
pakudzikanganwa.

Zvino ndiripakufamba kuenda kuna sekuru
ava ndaiva ndatofunga zvakawanda ndichiti
zvimwe vavakuda kundiuraya, ndainge
ndavakurwadziwa ndava kuti ndava
kutoparadzani swa naThelma zvachose,
kunyanya panguva yandakaona vakabata

pakatwa muruoko rwavo uku vakapfeka
zvimwe zvipfeko zvaiita kunge
zvakagadzairwa nematehwe embada.

"Ko tenzi wangu zvamurikufamba kunge
murikubvunda hindava, sunungukai henyu
nhasi mudunhu muno makati nyungu
mudzimba mangosara pwere dzega vanhu
vakuru vese vaenda kumuzinda wamambo
uko kune dare ririko."

Vakadaro sekuru asi chakandinetsa
ndechekuti ko sei vaindidaidza kuti tenzi ini
ndirimutorwa wedunhu iri. Nekuda kwekutya
handina kana kukwanisa kuvapindura asi

ndakapotsa ndada kubvunza kuti ko
munogoti vakuru vese varikudare ramambo
ko imimi sei muripano sezvo murumi bhiza
resvikiro, asi ndakatadza kuvabvunza
mashoko akangoperera mukufunga.

Sekuru: Ndirikuona zvose zvamurikufunga
tenzi wangu, inini handiwanzi kuenda kudare
ndinenge ndiripano ndichitaura nevepasi
kana pane chakaipa chandinenge
ndaratidzwa paurongwa hwavanenge
vachiita ndipo pandinozoenda. Saka
nditeverei kumashure kwangu asi tsoka
dzenyu dzinofana kutevedzera nhanho
dzangu muchitsika pandinenge ndatsika
kana mukasaidonha pasi muchifamba
kudaro zivai kuti ivhu renyu rafara nemi.

Ndakashaya kuti sekuru ava vaziva sei
zvirimumuyo mangu,ndipo
pandakazobvuma kuti zveshuwa
vanooneswa.Ndakaita sekureva kwavaiita
ndobva ndavatevera ndichitsika pavaitsika
kusvika ndapinda mukadumba kavo kaiva
kakazara matehwe emhuka nematehenya
emisoro yemhuka dzesango.Ndakasvika
ndikanzi ndirare nenhede padehwe raiva
rakawaridzwa pasi,haa apa ndipo
pandakazoti pangu papera manje.Vakatora
guchu raiva nemvura yaiva yakasanganiswa
nezvimwe zvinhu zvandisina kunzwisisa
kuti zvaiva zvii.

"Dzikamisai hana tenzi wangu imba yamuri ino inoera uye ndafara zvikuru kuti maoko enyu akachena hamusati mamboteura ropa uye hamuna chipomerwa."

Ini: Ishe wangu musandidana muchiti tenzi,zita rangu ndinonzi Tapiwa Madondo ndingori nhererawo zvayo isina wakwake waanoziva.

Sekuru: Musavhunduka musatya nekuti wakakutumai anemi,ndirikuedza kutsvaka

rudzi urwu rwamataura kuti Madondo asi ndirikuona vanhu ava vachidzungudza musoro vachiti havakuzivi.

Ini: Akandituma ndimambo Majinga uye vaisaziva kuti vanhu vavainge vandituma navo dzaiva mhandu dzangu. Hongu ndinobvuma kuti vanhu vekwaMadondo havandizivi nekuti vakatiramba kare kubva baba namai vangu vachiri vapenyu.

Sekuru: Zvandinotaura

hamungazvinzwisisi,imimi hamuna
kutumwa naMajinga asi makatumwa
kuzotonga vanhu vekwaMajinga nevepasi
ndizvo zvandirikuudzwa pano apa,zviya
mutupo wenyu chii?

Panguva yavakandivhunza mutupo vakabva
vandidira zvimvura zvaibva muguchu
riya,ndakanzwa muviri wangu uchiita simba
randisina kunzwisisa zvekuti chero dai
ndainzi simudza vanhu vaiva vakasimba
saChiradza varivashanu ndaigona
kungovasimudza ndikavarasira
kwakadaro.Vakabva vabvisa bhurugwa
rangu kutorikurura chaiko ndobva ndasara
ndisina kusimira.

Sekuru: Ndichakamirira kunzwa mhinduro yemutupo wamunoera sezvo ndirikuedza kutaura nevekwaMadondo asi varikukurambai

Ini: Ndinoera Dziva sekuru,saka ndizvo zvamandibvisira mbatya here, asi mutupo unoonekwa ndisina kusimira kanhi?

Sekuru: Saka hamusi wekwaMadondo

kubva nhasi zivai kuti munoera shumba uye
muri wekwaMajinga,chandabvisira zvipfeko
zvenyu ndechekuti mukunda wamambo
haafani kuroorwa nemunhu asina
kuchecheudzwa.

Apa ndakaita hashu mufunge ndikazviudza
kuti svikiro iri ririkutaura ngano chaidzo,ko
vaizoti ndiri mwana wekwaMajinga sei inini
ndiri mutorwa weko.Ko iyi nyaya
yekuchecheudzwa yavanga votaura shuwa
nezera rangu vanga votoda kundiuraya
chaiko,ndakatozviudza mumoyo mangu kuti
kana zvakadaro zvirinane ndirege kuroora
Thelma wacho pane kuchekwa nyama
dzangu ndiri mupenyu.Ndichiti

mukushushikana kudaro ndakafunga futi mashoko aimbenge ataurwa naThelma ekuti inini ndinofanira kuzoita mambo wekudunhu rwekwaMajinga,ndikati regai ndibvunze ndinatse kunzwisisa kuti sei ndirimwana wekwaMajinga.

Ini: Nhai sekuru ko munozoti ndirimwana wekwaMajinga sei inini vabereki vangu vachibva kuMhondoro uye sei mambo Mujinga vasingazivi kuti ndiri werudzi rwavo.

Sekuru: Ndichazonatsa kukurondedzera zvese zvakaitika uye ndigokuudza zita rababa vako namai vako musiwatichaenda kugomo kuti mundochecheudzwa, uye mapedza kuchecheudzwa kudaro muchagara mazuva maviri murimugomo musina chamunenge muchidya kana kunwa. Pane chiratidzo chamuchazoratidzwa ikoko asi musawana wamunoudza kunze kwaThelma ndiye achazodudzira zvazvinoreva. Musi wamunodzika gomo iri huchange huri usiku uye hamufani kucheuka kusvika masvika pano.

Vakapedza kutaura izvi ndobva vati
ndisimuke ndipfeke bhurugwa
rangu.Ndakaita sezvavanga vareva asi
vainge vandisiya pakaoma chaipo,ndaيدا
kuziva nezverudzi rwangu asi handina
kuzokwanisa kubvunza sezvo vanga vati
zvinofana kutaurirwa kugomo ndikangoti
sezvo ririsvikiro raitaura vauziva
zvavauzviitira asi nyaya yekuchecheudzwa
ndiyo yega yaindityisa.

Ndakazobuda mukadumba aka ndobva
ndanzi ndipinde mumba mandaigara ndipo
pandakazovigirwa sadza resviyo raiva
nenyama yemhuka,ndakabva
ndatambidzwa mbira zvikanzi "ndanzi

ndikupei mbira idzi" handina hangu kuda kubvunza kuti ndiyani akutumai kundipa mbira idzi ini ndisingagona kudziridza asi ndakatadza kubvunza kwacho ndobva ndangotambira.Nguva dzakafamba kusvika zuva radoka,pandakaona kunze kwavasviba ndakatora mbira ndobva ndafunga zvangu kufana kuridza ndichimirira kusvika kwaThelma sezvo aisvika pakati peusiku zuva nezuva ozobuda hake odzokera kana kwava kuchena.

Ndakatanga kuridza zvangu ndichidzidzira ndobva ndatofunga kanziyo kekuimba

kachitaura pamusoro pemudiwa wangu
Thelma.

_*Ruvheneko ndiwe mudiwa wangu,ahiye
ayiii, ndiwe wakatora moyo wangu ahiyee
ayii, ndinoziva uchava mai vevana vangu
ahiyei, ahiye ayiii....Chindivheneka
mukufamba kwangu sezita rako mudiwa
ahiye ayii, mhondoro dzedunhu
dzigozopemberaaa tasvika musvitsa ahiyei
ahiyei,changamire vepamusha pano
muchava ziso redu ahiyeee ayiii*_

Ndaiita kunzwa zvandairidza nembira

zvichipindirana
nezvandaiimba,ndakapedzisira
ndavakutosekerera ndega ndichiimba
kudaro.Handina kunzwa kuti Thelma
akapinda nguvai mumba uye akavhura
musuwo sei ndakatozovhunduka
ndichinzwa munhu avakundivhara kumeso.

Thelma: Haaa mudiwa wangu ndagutsikana
hangu kuti unondida zvaNyadenga
chaizvo,ko wakazvidzidzirepi zvekuimba
kudaro? ko idzi mbira dzaurikuridza
wadziwanepi?

Ndakashaya kana neremuromo nekuti

ndainge ndavhunduka uye
kunyara, akamboda kuti ndidzokorodze
zvandainge ndichiimba asi
ndakaramba. Takazodzima chibani chedu
ndobva tarara zvedu takabvumbamirana.

Ini: Ndanga ndakusuwa Thelma, ranga
ririsei zuva rako? Inini kwandiri nguva
chaidzo hadzindifambiri kana usipo mudiwa
ndiwe husvuri yemoyo wangu
urichidakataka chaicho handizivi kuti
wakandibvira nepi mwana iwewe.

Thelma: Zuva rangu ranga richidakadza
chose, asi mambo vazotuma machinda avo

kuenda kudunhu rekwaMajinga,vanhu
vavatuma vaenda nerunyarararo
kundobvunza kuti hondo yakaitika svondo
rapera yaiva yei uye chii chavari kuda
kwatiri....Tinotenda zvikuru nemashoko
erudo amandiudza neniwo ndimi wandainge
ndakamirira muupenyu hwangu.

Ini: Ndinoshuvira kuva nemoyo
sewamambo wemuno nekuti kurwa
hacusiko kunogadzirisa zvinhu, asi
kunosiya pwere dzavanherera
vozodzungaira vongofamba nenyika
vasisina variritiri.

Ndakataura izvi maziso angu atozara

nehope, Thelma akada kuramba achitaura
nyaya asi ndakazomuudza kuti ngatichirarai,
handina kubvira ndamutaurira zvasara
zvikaitika masikati asipo.

Takazorara tambotsvodana semazuva ese
asi musi uyu ndakanatsa kurara hope
dzeumambo chaidzo handina kana
zvandakarota. Ndakazomutswa
kwavakuedza achiti avakuenda, ndakabva
ndamutsvoda akabuda akadzokera kumba
kwake semazuva ese, ndakasara zvangu
ndikamuka ndikatanga kuridza mbira
ndichidzidzira.

Zuva rakafamba ndisina kumbobuda

mumba kusvika manheru ndaingoita
zvekuvigirwa chikafu ndakavharirwa
kudaro.Ndakangozobuda chete kwatosviba
ndava kundogeza,ndichipedza
ndakadzokera mumba kundoridza mbira
dzangu.Ndainge ndotonyanya kuvarairwa
nembira idzi kana Thelma asipo uye ndaiva
ndavakuenda ndichigona, dzimwe nguva
ndaikaruka ndoimba nziyo dzechinyakare
ndichinzwa kunge pane vanhu
vandirikuimba navo vachindi davidza.Musi
uyu mudiwa wangu akakasika kusvika uye
akauya achimhanya ndobva angosvika
achindibata ruoko akati ngatibudei muno
pane munhu audza baba vangu nezvako
kutura kudai machinda avo arimushure
mangu vatumwa kuzokutarisa.Nguva
yatakangoti tavakubuda takabva taona
vanhu vatosvika pachivanze ndikaziva kuti

pangu paiva papera.....

End of chapter 10

_ *MY ENEMIES BECOME FRIENDS* _

↑ ♂ ♂ ♂ ♂ ♂

↑ ♂

_ *WRITTEN BY* _

DR KD MAZANI

+27 84 048 8648

TAMARI MURENGA

+263 71 276 8826

AND

PATIE

+27836691280

<https://chat.whatsapp.com/JQII593ENT9C>

YK9IkqAdku

CHAPTER 1 1

Thelma/Ruvheneko

Musi uyu nyama dzangu dzainge dzakaita
kurukutika chaiko nekuneta semunhu anga
asina kurara usiku hwacho ndichitaura
nyaya dzerudo naTapiwa.Ndaida
zvekuswera ndakarara zvangu asi

pandakanzwa kuti mambo vainge
vakokorodza dunhu rese kuti vauye kudare
ndakaziva hangu kuti neniwo
ndichatozosheedzwa. Moyo wangu wainge
usisadi zvese izvi kunyanya nyaya
dzekudanwa kumatare tare zvanga
zvakutondibhowa, munhu ega aive ava
kundiitira muupenyu hwangu
ndiTapiwa. Handina chimwe chaiva
chichandifadza kunze kwekuva naTapiwa
apa mufunge kubva musu wandasangana
naye handina futi kana kuzomborota
nezvake, ndakaziva kuti kurota
kwandaimuta vadzimu vaiitira kuti
pandinozosangana naye ndimuzive.

Ndakamuka hangu pabonde pandaiva

ndakarara ndikazamura pamwe chete
nekushama n'ai semunhu anga achine
hope.Ndakapfeka hembe dzangu dzebasa
(dzesvikiro),hembe idzi ndaisangodzipfeka
pese pese ukaona pandinodzipfeka chete
panenge pane nyaya hombe, zvekuti chero
vanhu vemudunhu vaiti vakangoona chete
ndadzisimira hapana aiswedera pedyo neni
uye zvandataura hapana aipikisa.Ndapedza
kupfeka kudaro ndakabva ndagara
ndakapfunya chibondokoto ndichitambisa
cheni yangu yaiva muhuro,hameno
zvakaatika mumaziso mangu ndakaona
kumberi kwangu kuchiita kunge kwaiva
kwakamira murume aiva akabata zvombo
zvekurwisa nazvo asi aiva akasimira
nhumbi dziya dzaipfekwa nevanhu
vechinyakare,kuti mukasike kunzwisisa
zvipfeko izvi ndingangoti dzaiva dzakaita

sedziya dzaipfekwa nana sekuru Kaguvi
nambuya Nehanda avo vaiva masvikiro
enyika yedu yeZimbabwe (mhapa
neshashiko)

Ndakasimudza musoro ndobva ndatarisa
murume uya kuchiso chake asi ruoko
rwangu harwuna kuregedza kubata bata
kwandaiita cheni,handina kana kuvhunduka
kana kutya ndakabva ndamirira kunzwa
zvaanga afambira nekuti chiso chemunhu
uyu chaitova chitsva kwandiri ndainge
ndisati ndambomuona.

"Ndisvikewo pano mhandara sikana mukunda wamambo Nembudziya,mwana sikana ane ganda rinotsvedzerera kunge hurungudo.Ndaona kuti une moyo munyoro uye waratidza rudo rukuru kumwana wangu Tapiwa,makore ake awanda manje, saka yava nguva yekuti azive chokwadi chose uye agoziva kudetemba mutupo wake kuti azokwanisa kutaura nevadzimu vake."

Ini: Svikai zvenyu changamire ishe wangu,ndimi madai kubva nekumakore ndinokutambirai nemaoko maviri semunhu arikugamuchidzwa kasvava,zvino ndinokumbirisawo ndiripasi petsoka dzenyu kuti mundizivise zita remhuri yekwenyu uye nekwamabva.

Ndakadaro ndava kuita kupfugama
ndichiombera irinzira yekuda kunyengerera
murume uyu sezvo airatidza kuti auya
kuzondiudza nyaya pamusoro penhoroondo
yeupenyu hwaTapiwa. Akasimudza bvumo
raaiva akabata ndobva anditaridza
mufananidzo waiva pariri waiva
wakafanana nemufananidzo waiva
pabvumo raTapiwa, akaribaira pasi
zvinesimba zvekuti ndakatombofunga kuti
zvimwe paacharizvomora ndichaona
gomba asi nguva yaakaribvisa pasi
pakangoramba pari zvapaiva.

"Ini ndinonzi.....aaaagh ndichadzoka zvakare ndavakunzwa kuremerwa kugotsi kwangu pane varume varikuuya."

Ndakaita kuzarirwa neshungu zvekuti ndakakaruka ndarova pasi nechibhakira kanokwana katatu nguva yakanyangarika murume uyu asati ataura zita rake uye kwaanga abva. Zveshuwa hapana kupera nguva ndakanzwa pamusuwo pangu pavakurohwa manja (kuombera), ndakatarisa ndokuona ari machinda maviri aiva akatyora muzura (kupfugama) akakotamiswa uso hwavo pasi sezvo vaisatenderwa kunditarisa kumeso kwangu.

Ini: (Nehasha) Ko murikudeiko pano mangwanani akadai?,hamuoni here kuti murikundivhiringa izvezvi honai matoendesa m.....

Ndakazokasira kuzvidzora nekuti ndakapotsa ndavaudza kuti maendesa munhu wandanga ndichitaura naye apa vaisafana kuzviziva sezvo chaiva chiratidzo chitsva.

Jinda 1: Ruregero mukunda
wamambo,tingori vatumwa vakuru vakati
mutumwa haana mbonje. Kana tatadza
nekuuya kwataita mungatipa hedu mutongo
wedu tinogamuchira,chatinotya chete
kupofomadzwa ndapota mukunda
wamambo musatifuridzira.

Ini: Taurai zvamatumwa mukasike
kudzokera kwamabva parizvino handina
nguva nemi.

Jinda 1: Tanzi namambo tizokutorai tiende nemi kudare,kutaura kudai ndimi matomisa zvese dunhu rese ramirira imi.

Ini: Dzokerai mundoudza mambo kuti ndirikuuya,munondovati tawana mukunda wenyu atopedza kupfeka nhumbi dzebasa sezvamuri kuona izvi saka ndirikutevera.

Jinda 2: Hiii mutongo wacho watinondopiwa hatizougoni kana

tikadzokera kuna mambo imi
musipo,mungaita henyu zvamurikuita
takakumirirai kusvika mapedza.

Ini: Ndati dzokerai handisi kuda vanhu
pano,zvandirikuita zvakakosha kudarika
zvandirikudanirwa ikoko.

Ndakadaro ndichiita kunge ndirikuda
kuvafuridzira,ndakaona varume vakuru
vachiita kujamba umwe akatowisa chibako

chefodya yake,ndakaseka zvangu ndobva
ndapfunya chibondokoto zvakare
ndikatanga kutamba necheni yangu
ndichifunga kuti murume uya achadzoka
asi hapana kana
chakaitika.Ndakamboramba ndakagara
munhanga mangu kwechinguva kusvika
ndagutsikana ndega kuti murume uyu
anokwanisa kuzodzoka nenguva yake
kwete yangu yandinoda.Ndakazosimuka
ndobva ndabuda ndikananga kwandaidiwa
namambo,ndakatora chibako chiya changa
chadonheswa ndichida kuti kana ndikasvika
kuna mambo ndikawana machinda anga
atumwa achida kupiwa mhosva yekuti
havana kuuya neni ndozoudza mambo kuti
zveshuwa vasvika asi ndini ndavarambira
honai ndakatobata chibako chefodya
chavadonhesa nguva yandavadzingirira.

Ndakazoshamiswa ndava kunzwa mutsindo
wekufamba kwevanhu kumashure
kwangu,pandakacheuka wanike machinda
aya andanga ndadzingirira.

_Kureva ka kuti havana kwavanga vatiza
vakaenda,vanga vakandihwandira ndivo
chete vatadzisa kuti murume uya
asadzoka._

Ndaifunga izvi ndakavatarisa,ndakaona

zviso zvavo zvichiratidza kutya ndipo
pandakazonyemwerera ndikasheedza
umwe wacho kuti azotora chibako
chake. Handina hangu zvandakada kutaura
navo, takazofamba tose umwe kumberi
kwangu umwe kumashure ini
pakati. Tichisvika padare paiva nevanhu
ndakaona vanhu vese vaivapo vasina
mufaro zvachose vairatidza kunzvisa tsitsi
kana arisemadzimai aitochema.

Mambo: Ndinokumbirawo nzeve dzenyu
mese munhu wanga akamisa zvese asvika.

Vakadaro mambo,zveshuwa pakabva paita runyararo asi pakazosimuka vamwe baba vaiva vechikuru vakatanga vapa ruremekedzo kuna mambo iniwo ndiyo nguva yandaigara pasi.

"Handina kusimukira kushora mhondoro dzedunhu rino asi ndoda kuziva kuti sei vakarega kutinyevera kuti kuchauya hondo sezvavaimboita kare, nekuti honai vangani vana vasara dziripwere dzisisina vabereki uye vamwe vakadzi dzava chirikadzi, chavangosara nacho chete ndiyo misodzi yamurikuona iripamatama "

Akadaro achitendeka mamwe madzimai
aiva aine misodzi pamatama, handina
zvandakataura asi ndakangokwanisa chete
kuimba karumbo kangu. Ndichipedza
kuimba rumbo urwu ndakanga ndatoudzwa
zvese ndobva ndati;

Ini: Ndanga ndirikutaura nemhondoro
dzedunhu renyu, vati varikunzwa chose
chichemo chenyu asi imi vanhu ndimi
musingadi kutevedzera mutemo wedunhu
rino. Makaudzwa kuti hapana anofanira
kurima musi wechisi kana kuita basa ripi

zvaro kunyangwe murume nemukadzi
hamufanirwe kusangana asi imimi kana
murimudzimba umu zuva iri hamusi
kurikoshesa. Vose vamurikuona
vakatsakatika vainge vakatsamwisa
midzimu yedunhu rino makaudzwa zvekuita
asi hamude kutevedzera. Hondo iyi kutaura
chokwadi chirevo chayo chaicho handina
kuchiona, asi imi mambo chitumai
machinda andotaura namambo Majinga
pamusoro penyaya yakamboitika kare kare
pakati pemakomo apo ndine chokwadi
chekuti munoziva nezvechitiko chepakati
pamakomo pandirikutaura.

Mambo vakagutsurira musoro vakanditarira
vachiratidza kubvuma zvandaitaura, ndobva

ndaenderera mberi;

"Kana mukanzwanana nevekwaMajinga ivo vanofana kubika doro ravo ukoko imiwo mobika renyu kuno mapedza mofana kuzorongwa mese zuva rekuenda kumapa (kundopira) asi kugomo uku kunoendwa chete nevabva zera chembere chaidzo neharahwa dzisisina meno mumukanwa.Mune zvamuchazotaurirwa ikoko uye mofana kuzozvitevedzera zvese mukazoita izvi mune kuwirirana muchaona zvichazoitika pakati pematunhu iwaya arimaviri.

Mambo: Tinotenda zvikuru nemashoko echenjedzo amatipa,ndofunga mese mazvinzwira saka tichatuma machinda gumi asi vachaenda murunyararo, chekutanga vanofana kutanga kubvunza kuna Majinga zvichida zviripo zvimwe zvakatadza zvakasingazivi izvi zvaitwa ndirwiswe.Kana akuudzai chikonzero ndipo paanotaura zvaanoda kuripwa nazvo apedza moita yanano yezvedoro tozobika hedu.

Mambo vakapedza kutaura mashoko aya madzimai akaridza mhururu varume vachirova gusvu. Handina kuda kuzogara apa ndakabva ndatoperekedzwa kuti

ndidzokere kunhanga kwangu. Ndiyo nguva yakabudawo machinda anga atumwa vavakuenda kudzimba dzavo kuti vandogadzirira rwendo rwekwaMajinga sezvo vaifana kuenda musii iwoyo.

Rakadoka rikabuda rimwe kureva kuti ranga ratova zuva rimwe,manheru acho ndainge ndakatomira nechekunze kwechivanze ndichitofunga zvangu mbira dzandainge ndanzwa Tapiwa achiridza manheru emusi wopera dare.Zvakandinakidza veduwe zvekuti chero pandakamukumbira kuti adzokorore kuridza akaramba

ndakabatikana zvisingaite.

Ndakamira kudaro ndakanzwa manzwi
evarume vaitaura asi ndaisavaona sezvo
mhindo yacho yainge yakanyaya,

"Munofunga kuti ndinganyepa here
varume,munhu uyoyo ndakanatsa kumuona
tisati tatomboenda kwaMajinga uye
aitofamba kumashure kwasekuru Dzaka."

Ndakaziva kuti sekuru Dzaka vairehwa apa

kumba kwavo ndiko kwaigara Tapiwa.

"Saka wakaregerei kutiudza tisati taenda kwaMajinga kwacho,hona kuneta kwataita wavakutifambisa futi neusiku hwakadaro."

"Muchandivimba hangu tasvika tikamuwana ariko,handiti manzwa muchinda uya anonzi Chiradza chiti zita rake munhu iyeye anonzi Tapiwa uye imhandu."

"Manje namambo vedu haapaponi

tikamuwana asi anenge agamuchirwa sei
nasekuru Dzaka."

Ko sei mukunda waMambo achionekwa
makuseni ega ega achipinda mumba
makuseni koedza,hauoni here kuti
ndozvatsamwisa mambo saka
ndozvichamuuraisa,Ruvheneko varume
chero zvikaitasei kana usiri wekuimba
yehumambo ukangoedza chete kudanana
naye unourawa namambo mbune.

Pandakanzwa izvi ndakaziva kuti umwe
wangu anogona kupinda

padambudziko,ndakamhanya veduwe
zvekuti kune rima handina
kumbozvitara.Ndakangosvika nekutopinda
mumba make ndikamubata ruoko kuti titize.

Mudzimu waTapiwa wanga wadambura
mbereko musu uyu,handizivi kuti vakaitawo
zvekumhanya here kana kuti vakadini asi
tangangoona musha watokombwa pasisina
kwekutiza nako.Ndakambopererwa
nezvekuita takamira pamukova asi panguva
yacho hapana anga ationa.

Tapiwa: Mudiwa kana ndichifa ndofa
ndakabata mbira dzangu nezvombo zvangu

zvandakapiwa navaMujinga.

Ini: Tora Tapiwa asi ndine vimbo yekuti
mudzimu haungatirasi
zvakadai,vakambotisanisirei kana
vachiziva kuti umwe wedu achafa.

Ndakasara ndichitaura izvi ndega Tapiwa
atopinda mukati kundотора zvinhu
zvake,ndiyo nguva yakatanga kubhon'a
shumba takaona varume vaiva vakamira
nechekurudyi kwedu vava kumhanya
vachiridza mhere.Ndakabata cheni
yemuhuro mangu Tapiwa anga asvika
kwakumubata ruoko ndobva tatichitsoka

ndibereke tichienda kudivi kwairira shumba
apa rumwe ruoko rwangu rwakangopata
cheni ndoyaitionesa kwekutizira.

Takasvika ndobva takwira mugomo ,zvino
taiva taneta tongofemera
mudenga,Ndakambofunga kusiya Tapiwa
ega ndidzokere kumba nekuti ndaiva ndoty
kuti kuchema kwaita shumba mambo
vanogona kuda kunditsvaga vachida kuziva
chirevo chazvo.Nekutya kwanga kwoita
Tapiwa haazi aimbobvuma kusara
ega,ndakamboedza kumutaudza asi anga
asinga chapinduri.Ndakashaya kuti ndodini
ndipo pandakamubata ruoko rwake
ndikamugadzika padombo,ndakabvisa
hembe dzangu dzese ndikadziturika

pamhanda yemuti wataiva pedyo nawo.

Pfungwa dzangu dzainge dzafunga
kumbofadza nyama dzedu kunyangwe
zvedu tainge tisati tambozviita asi musu uyu
ndanga ndazvipira zvimwe zvaigona
kudzosa Tapiwa akambokanganwa
kufunganya nezvainge zvatiwira.

Ini: Mudiwa ndirikuzviona kuti
wavakutya, uye wavakufunga kuti zvimwe
upenyu hwako huripatambo. Nhasi
kunyangwe tiripanguva yakaoma kudai
ndafunga kuti tirare tese timbofadza
nyama, ndipe ruoko rwako ndikubvise

hembe

Tapiwa: Thelma hauna here kumbondiudza kuti hatitenderwa kurara tese kusvika nguva yakwana.

Akadaro achinditambidza ruoko rwake kuti ndimubvise hembe.

Ini: Shiiiiiii Tapiwa zvine munyu ndizvo zvineiko tisu tadini nhai Adhamu na Evha wani vakanga varambidzwa wani kudya

muchero wepakati pebindu vakangozodya
wani saka tisu tadini.

Ndakadaro ndava kutomukurura
hembe.....

End of Chapter 11

_ *MY ENEMIES BECOME FRIENDS* _

↑ ♂ ♂ ♂ ♂ ♂

↑ ♂

WRITTEN BY

DR KD MAZANI

+27 84 048 8648

TAMARI MURENGA

+263 71 276 8826

AND

PATIE

+27836691280

[https://chat.whatsapp.com/JQII593ENT9C
YK9IkqAdku](https://chat.whatsapp.com/JQII593ENT9CYK9IkqAdku)

***CHAPTER* 1 2**

*CHIRADZA*

_Zvagara kufa kwemurume kubuda ura,
hapana pandingarega kuenda
kwandadanwa namambo wangu
kunyangwe zvazvo ndichitya
zvandakaita.Nxaaaa nayo hana yangu
chainotadza kudzikama chiii ipapa?._
(Ndakadaro ndichizvirova rova pachifuva
neruoko) _Dai vaine zvavakanzwa
pamusoro pezvakaaitika havazi vaimbo
ndidana seizvi,ndaigona kungokaruka
musha wangu wakombwa ndikatoitwa
zvekuendeswa kwavari ndakasungwa saka
apa vanenge vandidanirawo imwe nyaya
yakachena kwete zvandiri kufunga izvi._

Ndaifunga zvose izvi ndirimunzira kuenga kumuzinda wamambo kwandanga ndadanwa zvechiriporipotyo izvo zvakapa hana yangu kurova. Ndakasvika paiva namambo ndikawana vatomira negumbo rimwe zvairatidza kuti ndaiva ndavanonokera. Ndakashamisika vavakundiudza kuti ndivaperekedze kunoona svikiro remudunhu medu tibvunzire pane zvese zvakange zvaitika mudunhu kubva pachiitiko chekutanga kupadzwa kwepfuma yaTapiwa. Vakati ivo vainge vasisanzwisise chaitora nzvimbo, vairatidza kurwadziwa zvikuru kwazvo nekuda kwekufa kwevanhu vake vakafira patakanorwisana nevanhu vandaitonyatsoziva kuti vakange vasina mhosva.

Handina kumbovhunduka zvangu
nemashoko avo nekuti ndaiva ndatoteya
riva rangu nechekare saka hapana
paraizobata ini muridzi waro.Ndaiziva
zvangu kuti chokwadi hachizi chaigona
kubuda nekuti ndakanga ndabhadhara
sekuru vacho vaisvikirwa kuti vasazotaure
zvavanenge vaona kana kunani zvake,ndiko
ka kuteya riva kwandainge ndaita.Izvi
ndakazviita ndina Staben zuva ratakanga
tada kuparadza Tapiwa pekutanga saka
nesvikiro iri taiva mumuforo umwe.

Chakandinetsa ndechekuti pese apa mambo pavainge vakanyarara ndaifunga kuti pamwe vaisada kuzvibvunzira havo, musi uyu zvakandishamisa kuti chii chakange chavapinda kuti vazofunge kubvunzira zvinhu zvakange zvavane nguva zvaitika.

Ndakavaperekedza takanyararidzana tikatosvika sekuru vacho varipo, vachitiona vakaratidza kuvhunduka asi handina kuita basa nazvo chandaida chete kuti

vateedzere zvatakawirirana kana
vaizotadza ndakagara ndatovaudza kuti
ndaizopedzerana navo kana kuvarambira
zvese pachena. Tichipinda mukamba kavo
vakatanga kudetemba sezvavaiita mazuva
ese, vachipedza vakabva vatanga kutaura
nhema dzega dzega zvekuti ndakapa
kutenda asi chakazondivhundutsa
ndepekupedzisira pavakati: "Ndaona
kwauya nhume dzabva kwamakandorwisa
dzatumwa murunyararo vanoda kuti
mudzokere kuwirirana kwamaiita kare
musaone chamunopokana navo nekuti
yakwana nguva yekuti muchizadzise zviye
zvakataura nesvikiro muri pakati
pemakomo maviri ayo ndinoziva munogona
kutadza kuzvinzwisisa izvozvi asi
nekufamba kwemazuva zvichabuda
pachena zvega musazvidye moyo kana

kufungisisa nezvazvo asi vadzimu vedu
vachatiratidza nzira. Mukafamba negwara
rakanaka uyo achava nekupokana nazvo
ndaona hupenyu hwake hwangova
hwekushungurudzika azoshaya mumiriri"

Mambo: Asika ndichiri nebundu navo nekuti
ndivo vakauraya munin'ina wangu
kusanganisira nerusvava mwanakoma
wake anga asati atombokwanisa mwedzi
zvawo azvarwa, saka vanoti mwana
komana ndichamuwanepi anozoroora
mukunda waNembudziya.

Sekuru: Musatya varipasi varikuti zvose zviriri

mumaoko avo chavanoda chete ndechekuti mutange mayanana.

Zvakandinetsa kuti apa aiedza kurevei nekuti ini sekuziva kwangu zvakataurwa nesvikiro vakatsidzirana kuti mwana vavo achazoorwa nemwana vekwa Mujinga zvaizozadzisika sei iye akange asina mwana mukomana zvaizivikanwa nemunhu wese wemudunhu. Kana ari semunin'ina wamambo wavaifungira kuti akaurawa naNembudziya dzaitova ngano nekuti ndini ndakange ndakamuparadza kare kare nemhuri yake yese. Umambo uhu ndakatobvira kuhuda kubvira kare saka ndaiedza nepese pandogona napo

kuparadza wese anenge achiratidza kuti anogona kuda kuzonditorera umambo sezvandakaita futi Tapiwa. Pandakaparadza munun'una wamambo nevana vake hapana kana mumwe akazviziva nekuti ndakaita zvinhu zvangu ndakangwarira, uye ndakatanga ndataura nebhiza resvikiro.

Ndaiti pamwe mambo achabvunzisisa nezvazvo asi haana, takasvika pakuoneka tikadzokera kumba pasina chataurika, chandakangofarira chete kuti akange audzwa kuti "ngavasarambe vachitsvaga

zvipfuyo zvaigona kuzoita kuti ropa
rakawanda rideuke nekuti zvakange zvisina
kunaka zvipfuyo zvacho ndosaka
zvakatsakatika." Ndakaziva kuti ndakange
ndisisazonetswe nenyaya yezvipfuyo izvi
nyaya yacho yakange yatopera yakadaro,
sekuru vanga vagona basa ndakangoti
nechemumoyo ndichaenda futi
kundovatenda

Ndichisvika kwamambo ndakabva
ndatodarikira kumba kwangu asi pfungwa
dzangu dzaingopishana nekuda

kwemashoko akange ataurwa nesvikiro.
Mashoko aya airamba achingodzoka mune
dzangu pfungwa asi ndakazozvisimbisa
ndichiti pamwe sekuru vangotauravo
zvekuti mambo vasazobvunza nezvazvo
sezvinhu zvaiva pachena kuti
hazvichabudiriri nekuti Mujinga akange
asina mwana mukomana vacho saka zvaiva
pachena kuti ndaigona kutora humambo
zvese nekuroora mukunda waNembudziya.

Zuva ramangwana racho ndipo ndakamuka

ndichiudzwa kuti kwakange kune nhume
dzakange dzatumwa handina kumbotya
kuenda sezvo takanga taudzwa
zvadzafambira chero dzaizotaura zvekuti
havasi vakapamba zvipfuyo hapaizoramba
pachiitwa tsvagurudzo nekuti svikiro
rakange ratovachenura kare ende hapana
aizosimudza musoro kuti zvirambe
zvichitsvagwa.

Ndakasvika ndikaona patoungana
machinda amambo vanoremekedzwa chete
vamwe vese vaizoita zvekuudzwa ndivo
wakange uri mutemo wedu kubva nekare.
Vakange vatumwa vacho akange ari ano
mazirume akasvika airatidza kuti
akayamwa mukaka akaguta apa airatidza

kuti akange afambira zvinhu zvakakosha.
Pavakazopihwa mukana wekuti vataure
mukuru wavo akambotanga aombera
maoko akapa ruremekedzo kuna mambo
vedu ndobva ati;

"Ndinokutendai mambo Mujinga nekutipa
mukana wekutura zvatatumwa namambo
vedu, isu tingori nhume chete saka
zvatichatura zvavakwamuri kuzvitambira
kana kusazvitambira asi mhindiro yenyu
tinoisvitsa sezvamunenge mareva. Hanzu
namambo vedu chekutanga ndinoda

mutiregerere nezvatakaita makore adarika
ayo asi handina kuitira maune asi
hanganwa ndidzo dzakandibata kana
zvichibvira ndaikwanisa kuripa hangu chero
nechamunenge mareva nekuti ndinoziva
kuti ndakakutadzirai asi kwaive kusaziva
ndakazoziva kumashure chandinongoda
kuti tidzokere sepakutanga sezvataingoita
mazuva aye. Chimwezve hanzi imhosva
yeiko yapa kuti mundikute kudaro kuuya
kunondirwisa ndisina chimwe
chandakakuitirai ichingori nyaya yekare iye
here yaita kuti mufunge kuparadza dunhu
rangu nekuti hapana chimwezve chatakaita
chakaipa kwamuri"

Mambo:.. Ndine urombo nezvakaitika asi hachisiricho chikonzero chakaita kuti murwiswe, asi takapambwa zvipfuyo zvedu muno takangofungira kuti zvimwe ndimi makatora saka ndakatuma vanhu vangu kuti vanozvitsvaga. Ndakazorwadziwa nekusadzoka kwakaita mamwe machinda angu kunyanya mwanakomana wangu wandakanga ndakatarisira, ndipo pakange pane ziso rangu nanhasi zvinondirwadza. Kana zvichibvira mukamuona chero mutumbi wake ndinoukumbira pano kuti ndimuradzike ndega ndive nechokwadi chekuti akatisiye nekuti mukati memoyo wangu zvirikundirambira kuti akatisiya dzimwe nguva ndinotimbomurota pamwe

inyaya yekuti arikuda kuti mutumbi wake
ufushirwe hameno. Sekuziva kwangu ini
shumba haidye munhu kunze kwekuti
yatoita kutumwa saka zvinogona kudaro
kuti ariko mwanakomana wangu ndicho
chikumbiro changu kuti ndizive paakafira
chero mapfupa ake ndinoada. Panyaya
yekuti tiyananiswe pane zvakaitika kare
mundoudza mambo wenyu kuti
ndichatanga ndataura nevanhu vangu
mhinduro ndinotumira nenhume dzangu.

"Zvakanaka mambo tinosvitsa

sezvamareva,saka pamwana wenyu wacho
wamuri kutaura nezvake akaitasei pamwe
tinogona kuzosangana naye tokuzivisai
kana tikamuona"

Paikurukura vanhu ava ndakange
ndakateerera ndakanyatsovhura nzeve
nekuti ndaisada kupotswa kana nerimwe
zvaro shoko. Mambo vakatsanangurira
vakomana vaye chimiro chaTapiwa
nezvaakange akaita hembe dzaakaenda
akapfeka hapana chavakasiya, ini
nechemumoyo ndaitoti kupedza zvavo

nguva yavo nekuti kutaura kuno pamwe
akatodyiwa akapera neshumba iye asi
chaindirwadza kuti sei vainyanyo
mukoshesa zvakadaro zvaakange
akafanana nevamwe vese vaive vakafira
musango patakanorwisa.

_Ko icho chambova chii chaita kuti adiwe
zvakadaro, vaimuda ari mupenyu vomuda
zvee nepaaive akafa. Chii chaizvo chinoita
kuti vasakanganwe nezvake._

Ndaifunga hangu izvi mumoyo mangu,
vakazopedza kutaurirana ndikanzi
ndivaperekedze ndinovasiyira kumberi izvi
zvaitirwa kuti tive nechokwadi chekuti
ndizvo zvega zvavanenge vafambira here
nekuti taityira kuti vamwe vanogona kuti
vavakudzokera izvo vachida kupamba
zvipfuyo kana vanhu vedu neungwaru saka
tinege tichida kuva nechokwadi chekuti
vaenda here. Nguva yandaiva perekedza
ndakanzwa mumwe wavo ava kutaura
zvakandivhundutsa.

"Asi ini ndinoita kunge ndakaona munhu anenge mukomana anga achitsanangurwa namambo Mujinga arikumba kwasekuru Dzaka, pandakamuona zvakandinetsa kuti angava ari ani nekuti ini ndinoziva vachigara vega pamba pavo. Pamwe anodaro ariye nekuti chiso chake chaitove chitsva kwandiri handisati ndakambomuona mudunhu medu, ipapo ndakangoti pamwe kuti ndaive kure handina kunyatsoona hangu. Ndavakutozozvirangarira izvozvi kuti anogona ariye apa aitove akapfeka hembe dzakafanana nedzataurwa,zvichida anogona akanyepera sekuru Dzaka semunhu achambera vakatadza kuziva kuti haasi wedunhu redu"

Ini: "Mukomana iyeye handidi kukunyeperai mukamuona munofanira kuto muuraya nekuti haana kumira mushe atori mhandu paari ipapo. Munofanira kutosvika muchimutarisa kana ariye musaverengera nekuti anogona kukupedzai mese muchinyararire. Kuno hatichatode kana kumuona ndiye akaita kuti tiuye kuzokurwisai apa mutauriro waita mambo vari kuda kuti vaone kuti chingava chokwadi here kuti akatisiya kuti tisagare tichimutya nekuti anogona kutidzokera takarivara. Mukasaita zvandareva izvi munozochema mangwana, nesuwo taisaziva hunhu hwake kumashure kwese uku, takazozviziva zuva

ratabva kuzokurwisai uye takaita
zvekuudzwa nesvikiro redunhu.

Ndakangozvishingisa kutaura asi ndaive
ndichizvitongesa kuti asi kuti angava achiri
mupenyu here nekuti ndizvo zvandaisada
kunzwa manje nekuti ini chandaida kudzwa
kuti akatodyiwa neshumba kwete kuti achiri
kutofema. Ndakataura zvakawanda
ndichivatyisidzira kuti Tapiwa imhondi huru
zvekuti navo vakabva vandivimbisa kuti
vakamuona arimupenyu chete vaizomuita
kanyama kanyama vapedza vozovigira

mambo Mujinga mutumbi wake sezvavaida.
Ndakazofamba kusvika kwandaisada kuti
ndisvike ndichida kunyatsova nechokwadi
chekuti vanomuuraya chete vakangomuona
asi ini ndaive nechokwadi chekuti akange
afa chete kana aive asina yaitove munana
chaiyo.

Ndakazoparadzana nemachinda aya
vachitoti vaizosvika vachitoenda kunotarisa
nekuti vaisada kuzoparadzirwa dunhu ravo
vakasvinura sematema, zvakandifadza

zvekuti ndakadzokera munzira mese
mufaro uri kugotsi ndichinyatso ziva kuti
hapana mumwe munhu aizonditorera
zvandaida sekuona kwangu hapana
aimbosumudza musoro.

Ndakasvika kuna mambo vachitoti sei
ndaive ndazononoka kudzoka nekuti vaida
kuti tironge kuti toita sei nemashoko
akange ataurwa nguva dzichiripo
ndikavanyepera zvangu kuti ndanga ndiri
kumboongorora dunhu sezvo ndakanga

ndava nemazuva ndisingafambe.
Vakaraidza kuzvifarira ndikatoona kuti
ndikaramba ndichiita kunge ndinorikoshesa
hazvaizononoka kuti ndipihwe zvanda
zvese. Handina kuzogara ndakange
ndaneta saka ndaida kumbozorora
ndakabva ndaenda kundorara sezvo vanga
vati tozotaura mangwana.

Zuva remangwana ndipo ndakazoenda kuti
ndinotaurirana namambo nezve nyaya
yaivepo ini ndine zvakawanda zvanda
kuzoita zvandaifunga kuti ndive mambo

ndakamboedza kutaura nasekuru
vanosvikiirwa asi havana kunzwisisa
vakaramba kuudza mambo vacho saka apa
paitoda kuti nditsvage imwe nzira
yandingashandisa kuti vazondiita
mambo. Ndaiva ndatova zvangu nayo imwe
pfungwa yekuzondoudza umwe murume
wemudunhu aiita zvekuroteswa uye mambo
vaisapikisa hope dzake saka aizogona
kuuya kuna mambo achiita kunge munhu
arotswa kuti ini ndive mambo.

Ndakasvika kumba kwamambo ndikaona
vari mumba mavo mekutongera
takakwazisana zakanaka naka tichipedza
ndakanzwa vakuti;

"Ndine mashoko andakaudzwa naStaben
madeko akanditadzisa kana kurara usiku
hwese"

Ini: Ndeeyi mashoko aya mambo?iye
Staben wenyu iyeye mumugwarire nekuti
inenge nyoka iya inonzi shukuviri

Ndakadaro hana yangu yavakuda
kutsemuka nekurova ndava kushaya kuti
chingava chii chakataurwa naStaben
ndisipo, nekuti mambo vaiwanza kuti zvose

zvinoda kutaurwa kana ndisipo vaiti
mozotaura kana Chiradza aripo saka apa
sei vakaudzwa ndisipo?.....

End of chapter 12

_ *MY ENEMIES BECOME FRIENDS* _

↑ ♂ ♂ ♂ ♂ ♂

↑ ♂

WRITTEN BY

DR KD MAZANI

+27 84 048 8648

TAMARI MURENGA

+263 71 276 8826

AND

PATIE

+27836691280

CHAPTER1 3

[https://chat.whatsapp.com/JQII593ENT9C
YK9IkqAdku](https://chat.whatsapp.com/JQII593ENT9CYK9IkqAdku)

Thelma (Ruvheneko)

"Tapiwa bata apa, neapa kani mudiwa wangu. ndirikuda kuzviita nekuti ndinokuda usazozvitora neimwe nzira kana kuzondifumura uchiti ndiri nzenza.Ndakaberekerwa iwe ,iwe ukaberekerwa ini. pasina nguva iwe neni tichava nyama imwe izvi zvakagara zvanyorwa kare pasi nekudenga."

"Ndakunzwa mudiwa wangu ndosaka

ndichikuda nemoyo wose rudo
rwaunondipa ndiwe wega, kubva vabereki
vangu zvavafa handina mumwe munhu
akamboita kuti chiso changu chinyevenuke
sezvechiri nhasi,dzimwe nguva ndikafunga
nezvako usipo ndinonzwa mufaro.Handife
ndakakusiya chido chemoyo wangu iwe
neni tichachembedzana. rufu bedzi ndirwo
rwuchatiparadzanisa."

Tapiwa paitaura aitopedzisa kubvisa
bhurugwa rake,ini ndaiva ndakagara
pamusoro pedombo ndangosara ndiri
musvo zvawo,chekunyara panga pasina
sezvo hwaiva usiku.Pfungwa dzangu
dzanga dzatozvipira kuita zvinhu zvandaive

ndisati ndamboita muupenyu hwangu.
chandaida chete kuti Tapiwa asazofunga
zvizhinji. Paakapedza kukurura bhurugwa
rake ainge ava kuita kakufemeruka.
zvakatondinetsa kuti kwakuchiri kufema
kwekuneta nekumhanya kwatanga taita
kana kuti kwaiva kufema kwekutya handina
kuziva. Akaturika bhurugwa rake pamuti
ndobva ambotora kanguva akamira
akandifuratira, ndakamubata muchiuno
ndakagara kudaro ndobva auya akaita
zvekuwira pamakumbo angu akaita
zvekugara. Akatendeutsa chiso chake
ndikamutarisa mumaziso ndikabva
ndanyemwerera akabva atanga kundikisa
zvine simba sezviya zvatanga tajaira kuita
tiri kwasekuru Dzaka asi zvemusiyu
zvanga zvanyanyisa uye hapana anga
achanyara umwe.

Hana yangu yakange yorova nekutya asi
mumoyo ndaida kufadza mudiwa
wangu,akazoita zvekutendeuka nemuviri
wese achisimuka pamakumbo
angu.Akandipusha zvinyoro nyoro kusvika
ndarara nemusana padombo
pataiva,pairatidza kurarika zvakanaka
nekuti ranga rakakura dombo
racho.Ndakaona kuti zvino achisvika chaipo
paanga achida,ndakaruma mazino angu
ndikavhara maziso ndichimirira kunzwa
kurwadziwa ndakatora nguva ndakadaro
ndikanzwa hapana zvandaitwa uye
pamusoro pangu painge pasisina munhu.
Ndakavhura maziso angu zvisvishoma

nezvishoma ndikaona Tapiwa amira akaita kutsamwa maoko ake akabata muchiuo.

Ini: "Ko nhayi mudiwa wangu wandishoreiko asi watyawo kurwadziwa here? inga tabvumirana wani kuti tinofanira kutokwinya zvino ukatetera zvakadai iwe uchida kundiroora unozokunda kundirwira kuvavengi iwe,tose tirivaviri tiri vadzidzwa vetsambo hapana akambozviita futi.

Haana kundidavira akaridza tsamwa

ndobva anyarara,ndakasimuka pandainge
ndakarara apa hameno zvandainge
ndongonzwa munyama dzangu
zvaitondituma kunyanya kuda
Tapiwa.Ndakasvika ndakamubata
pamafudze ake nemaoko ese;

Ini: Ndinokumbirisawo utaure neni
Tapiwa,asi uchiri kufunga zvekutsvagwa
nemachinda kwauri kuitwa kani?Ndiri pano
inini Thelma uya wawaigara uchiona
kuhope ino inguva yako yekuita zvaunoda
neni.

Tapiwa: Haiwawo usada kundiita fuza rako

wanzwa kaa, zuva riya ndakakuvhunza kuti
uri munhu here iwe? ukandinyepera asi
nhasi ndazvionera ndega kuti ndirikudanana
nezveusiku chaizvo uye hakuna
munhukadzi akaita sewe. kunyangwe
ndisina zvangu kumboita musiswa asi
pataitamba mahumbwe ndichiri pwere
ndainatsa kuona zvese uye ndakaongorora
chimiro chemunhukadzi sezvo taitamba
tisina kupfeka. Chindiudza kuti unodeyiko
kwandiri ini ndingori Tapiwa zvake asina
chaainacho chingondiuraya hako zvipere.

Ndakaseka nematauriro a Tapiwa aitura

zvekuti handisi munhu ndaive ndamuita sei?
Kubudirwa ndaibudirwa asi Tapiwa ainge
asati ambondiona ndakabudirwa
nezvekwehu saka apa ndaishaya kuti sei
avakutaura zvakadai kwandiri.

Ini: Mugomo muno hatisi kuzodzika tisina
kuita sechibvumirano chedu ukada kutanga
kudirwadzisa zvichangotanga kudai kuzoti
pamberi apo zvinozodini? dzoka pano
upedzise zvatatanga kana tichityora
mutemo hazvina basa tinobva tangotiza
uye kwatichatizira tinenge tiri vaviri.

Tapiwa: Ndisiye zvangu ndaona ruware

rwoga pamakumbo pako hapana nzira
saka unoda ndidii? saka kuchimbuzi
kwaunosiinda unozvifambisasei
ndatsvanzvadzira asi hapana kana
nechiripo.

Ndakabva ndaziva zvaireva,chokwadi
mudzimu wakange wandigona ivo
vakambondipireiwo mudzimu pandiri yaive
mhosva ndeyekuti ndiri mwana wamambo
here? Ndakabatwa neshungu ndikatanga
kuchema ndakabva ndarangerira mashoko
atete vangu pavaitaura neni mazuva avo
ekufa ava pedyo asi ndaiva ndichiri muduku;

– "Thelma aya ndiwo mashoko angu ekugumisira asi umachengetedze. hakuna murume anofanira kurara newe nekuti wako murume chaiye akada kuzviita nguva isati yakwana haana chaanoona. Anofana kutanga auya kugomo nevakuru kana akange asina kuchecheudzwa ndizvo zvinofanirwa kutanga kuitwa izvozvo. baba vako namai vako vasati vamuziva. Kana akadaro anofana kubvisa mombe yekutanga inotsika irinhema votaura nevadzimu ndiko kuti nzira yako ionekwe ukasadaro haambofe aiona nzira anongoona gwenga roga roga. Zviripauri zvinosema huchapa chero zvikanzi wabatsira munhu usazotarisira muripo

kutenda ndekwewedenga usavharwa
kumeso nekuda pfuma yepasi pano unofa
uri mavhevhe. Chengetedza makomo maviri
aya ndiwe uchava mai vowo gara
semuyanansi usazoti uyu ndiye we kwangu
nekuti murume wako achava mutongi
mukuru uye gore raachagachidzwa
umambo dunhu rake richaita maguta asati
amboitika izvo zvichapa kuti Zimbabwe
yese iuye kuzopemha zvekudya kwauri._

Ndichipedza kufunga kudaro ndakazvirova
ndikazvituka nechemumoyo
ndichizvibvunza kuti ko chii chaizvo

chandanga ndichida kuita. Ndakatarisa
kuna Tapiwa wanike naye anenge auva
akangonditarisa nguva yese yandaifunga
asi chiso chake chairatidza kunditya.
Ndakazoshamiswa ndakunzwa
ndanyoroveswa pamakumbo angu
zvakaninetsa kuti mvura yacho yaibvepi.
kunodai wanike Tapiwa aitozviitira wiwi
akangoti tuzu uku hana yake yainzwika
kurova. Ndakatora hembe dzangu ndobva
ndapfeka, ndaiti zvimwe Tapiwa
achapfekawo dzake asi akangoramba
akamira kunge munhu anamira ndakabva
ndamuzunungusa nduchimutaudza.

Ini: "Ko kuzoti dayi waiona zvandinoona ini

waisvika papi." Haana futi chaakapindura ndipo pandakaona kuti zviripo chete zvaitoitika paari.Ndakapfungama ndakatarira kumadokero ndobva ndatanga kudetemba ndichiombera kune vepasai ndichizvituka uye ndichivakumbira kuti vasunungure Tapiwa nekuti haana mhosva.Pane zvandakanzwa munyama dzangu ndikaziva kuti vepasi vanzwisisa ndipo pandakasimuka ndikadzokera pedyo naye ndakaona ava kundimbundira ndobva ati;

Tapiwa: Ndinotenda nekundinunura kwawaita Thelma wandidzosa ndava kure kure uye kunzvimbo yacho ndaingoona rima rega rega,chirega ndipfeke hembe ndobva

ndavesa moto inzwa mhuka dzesango
dzakunzwika kuchema.

Takavesa moto wedu ndokuvata
takambundirana nemudiwa wangu, pane
nguva yandakapepuka ndikaona pataive
takavata pakagara varume vatatu vaitotaura
zvavo nyaya ndakada kubvunza kuti ndimi
vanani asi ndakatsimbirirwa nehope
ndikavata futi handina kupepuka kusvika
kwaedza.

Ndakaoneka mudiwa wangu ndichidzokera
kumba ndakasvika vanhu vachiri vakavata
asi machinda aingotenderera
nemusha,zvairatidza kuti varikuita basa
ravo nemazvo kuchengetedza muzinda
wamambo. Ndakabva ndateverera
nemadziro ndokupinda mumba mangu
mandaivata uye hapana akandiona. Kunze
kwakazochena kuti hwee zuva ratobuda
mambo akazotuma jinda rake kuti
rindisheedze, ndakaenda ndokusvika
vakagara nasekuru Dzaka.Zviso zvavo
zvainge zvisingawirirani. uye painge
pakagadzikwa sekuru Dzaka zviratidza kuti
vaipomerwa mhosva,handina
wandakakwazisa kana kutaudza
ndakangogara hangu pasi ndakadekara
ndakamirira kutaura kwa mambo.

Mambo: Ruvheneko zvandakudana
rwungwanani rwuno ndati uzvipindurire
nyaya dziri pano muri mose na sekuru vako
ava ndakanzwa kuti makachengeta mhandu
mudunhu rino. uye iwewe hauchabve
kwasekuru machinda angu anokuona nguva
dzaunopinda mumba makuseni ega ega
munenge muchiiteiko.

Ini: Zvamuri imi munoona zvirikumhepo
mapedzerei nguva yenyu muchitidana
maingonotendeka pane mhandu
yacho. Sekuziva kwedu mambo haape nzeve
nyaya isina chokwadi. Musaedze
varikumhepo munorohwa neshamhu
inorwadza.ko nhaiwe Nembudziya

zvandakakuti uchava mai vematunhu
kureva kuti dunhu rako richave
nevapoteri.ko iro svikiro remudunhu asi
rave kurapa vemudunhu rino bedzi here bva
kana zvirizvo ini Ruvheneko
handichabvumidzwi ka kufamba nedunhu
nguva dzeusiku ndichiongorora kuti
vazukuru vangu vakagara zvakanaka here?

Mambo: VaRuvheneko tazviona
makatsamwa nechekare kwamurikubva
kutsvene here? Chidzorai hashu patadzika
mukatirova neshamhu tingaparara aiwa
panzwickwa ticharega kudzitetekera

dzemadziro dzimwe nguva dzeve dzedu
dzinonzwa uye pfungwa dzozvitora
nepasipo.

Ndakazongoti pembenu ndikaona
ndakagara pasi ndakapfunya rusero.
Sekuru vakagara vakanditarisa ndakatyora
huso hwangu ndo kusimuka ndakananga
muimba yangu yekuvata asi nyaya dzose
dzaitaurwa ndaidzinzwa.

Mambo : nhayi vasekuru zvino
mwanasikana wangu zvaabve zera nguva
yake yekuti achinge ave nemba yadarika
gore riya mudzimu wakati acharoorwa
nemwana waMujinga . zvino zvaasina
mwana wacho tichapaita sei,nekuti
ndirikuona kunge ndizvo zvimwe futi
zvirikupa Ruvheneko hashu,gore raanga
akataurirwa kuti achabuda munhanga ndiro
rino saka parizvino handisisina zano.

Sekuru: "musazvidya moyo nambo wangu,
mudzimu wakataura chasara kuzadzikiswa
mazuva arikusvedera"

Vakati vachipedzerana kutaura sekuru

ndobva vaenda, ndakasara ndakaseka
hangu baba vangu vaida mukuwasha
chokwadi dayi vaiziva kuti mukuwasha
wavo agere pedyo navo havazi
vambozvinetsa zvakadaro.Mazuva
akafamba ndichivigira Tapiwa sadza
mugomo maanga ava kugara, zuva retatu
ndakazosheedzwa nasekuru Dzaka kumba
kwavo achitori masikati,ndakasvika ndobva
ndapinzwa mukadumba kavo vakati;

"Ndakudana muzukuru,ndoda kuti nhasi
manheru undотора murume wako tichaenda
naye tondomuchecheudza nekuti
ndakatomuona kare kuti haana kugara
achecheudzwa udiki hwake semunhu
akakura irinherera uye vakamurera vacho

havazirivo vabereki vake.

Ini: Sekuru makazviziva sei izvi,mabva mandirangaridza mumwe murume akambondishanyira rungwanani.....

Sekuru: Shiiiiii nyarara muzuru zvaurikuda kutaura izvozvo hazvitaurwi,ndinoona zvese muzukuru saka iwewe chiita zvandakuudza manheru toita zvose zvichadiwa,ndine vakuru vandichaenda navo uye ndichandomusiya kugomo ikoko. iwewe haufani kuendako kusvika azodzika,pane chiratidzo chaachaona zuva repiri nekwauri

chiratidzo ichi chichaitika tobva taziva kuti
Tapiwa abvumiwa nevadzimu. Asi kana
chiratidzo ichi chakasaitika kwauri
chikaitika kuna Tapiwa chete kureva kuti
anenge asiri iye murume wako vadzimu
vanenge vamuramba.

Ini: Ehoni sekuru zvakanakai ndichaenda
ndondomutora sekutaura kwamaita.

Ndakazosimuka ndavakudzokera kumba
ndobva ndaswera mumba mangu kusvika
zuva radoka. Ndakazobuda ndikaenda
kugomo kwanga kune mumwe wangu

ndobva ndatomuwana zvangu achitoridza mbira pamwe chete nekuimba.

Ndakamboita kanguva ndisati ndasvika paainge ari ndichinakarwa zvangu nezvaairidza.

Ndakazosvika paanga ari ndichitomuomberera maoko sezvo anga ava kunatso kugona kudziridza zveunyangadzi chaizvo, paakangondiona akabva ati;

"Mudiwa chirega hako kuzvitambudza nekukwira gomo zuva nezuva .ndine rwendo rwandichafamba runoda mwedzi wose asi ndichadzoka hangu kana ndikafambiswa zvakanaka."

Ini: Handikurambidzi rwendo rwako kana wabvumirwa nemoyo wako uye vadzimu vako unogona kuenda asi nhasi ndatumwa kuzokutora nasekuru hanzi ndiuye newe ndisakusiya.

Tapiwa: Asi vavakuda kundiita zviya zvekundicherechedza kani.

Ini: Kunonzi kuchecheudzwa kwete kucherechedzwa,ko wakaudzwa nani zvekuchecheudzwa.

Tapiwa: Naivo sekuru asi ndirikutya dai ndisina kuita zvekuzoroteswa handizi ndaibvuma ini.

Akadaro Tapiwa avakutofamba kuti tiende,takadzika gomo redu ndobva tananga kwasekuru.Takasvika vatotimirira saka havana zvizhinji zvavakataura kunze kwekutora tapiwa vakaenda naye.

Ndakasara ndikadzokera kumba kwangu ndobva ndasvikira kurara,ndakatanga

kurota ndichitaura neumwe murume asi
aiva akavanza uso hwake;

"iwe mwana wanditambudza unoda
kundifumura nezera rako iwe iwe manje
munondiona"

Ini: Zvizameyi muone kuti handitye ndine
vakuru vari pandiri ndivozve vanondirwira.
saka musandityira dayi manga muri
mumwe maregera kubata bata ndaona
zvakonzeresa hurwere kuna mambo wenyu.

"Chero akafa hatina basa nazvo anenge
agonera ndiye watiri kuda"

Ndakapepuka ndichidaidzira kuti mambo
wangu ndakashaya kuziva kuti zvaireveiko.
ndakabva ndatobuda usiku ihwohwo
ndakananga kwa Sekuru ndakavaona
vakagara pamusiwo wemba yavo vakabva
vati.

"Dzokerai mukunda wamambo

makachengeta hope dzenyu muchaudzwa
dudziro yadzo rimwe zuva. nhasi
ndikakuudzai muvengi akateya nzeve
manga musingarote asi zvanga zvichitoitika.
Usacheuka kusvika vasvika pamuzinda
wamambo." Ndakaita saizvozvo asi
ndichisvika ndakaona varume vaviri vaive
vakapfeka nhumbi dzekurwisa uye
vakapfugama pamusuwo
wangu.....

End of chapter 13

We love you all

_ *MY ENEMIES BECOME FRIENDS* _

↑ ♂ ♂ ♂ ♂ ♂

↑ ♂

_ *WRITTEN BY* _

DR KD MAZANI

+27 84 048 8648

TAMARI MURENGA

+263 71 276 8826

AND

PATIE

+27836691280

<https://chat.whatsapp.com/JQII593ENT9C>

YK9IkqAdku

CHAPTER 1 4

Tapiwa

NOTICE

***Book redu from chapter 16 richange
ravakutengeswa ne30Rtgs eco or etym R30
cell c**

*Details for paying . Eccocash #

0776800291 Pamela M

Then u send a screenshot pa # dzatamari
dzikumusoro uko.or simply inbox chigubhu
pa # dziripasi apa

*Those in South Africa cell 30 on
+27749726167(*chigubhu)

Tapiwa

Ndainge ndorarama upenyu hwekugara

musango kunge mhuka, ndingangoti mhuka
dzaitova nani nekuti musango ndimo
mumusha madzo. Hongu ndakanga
ndaponeswa na Thelma uyo
akandipukunyutsa mumaoko emachinda
ababa vake vanga vandifungira upenyu
hwekumadokero (kundiuraya). Hupenyu
hwangu hwanga huchiri patambo nekuti
changa changosara chete kwandiri kudyiwa
nemapere kana shumba kunyanya munguva
dzeusiku nekuti ndipo padzainyanya
kufamba. Dzimwe ndaitodzinzwa dzichirwa
pedyo pedyo neni, ndofunga dzaitya kusvika
pandaive nekuda kwemoto wanda
ndavesa. Mudiwa wangu ndiye wandainge
ndototyira kuti pakuuya kwaaiita mugomo
achindivigira chikafu nekuzorara neni,
ndaityira kuti zvimwe anogona kupedzisira
aonekwa mafambire ake vakazomutevera

ndikazoonekwa pandaive ndakahwandiswa.

Kana kurikugeza ndainge ndatova
nemazuva akati wandei ndisati ndasangana
nemvura mumuviri wangu,ndakazokumbira
mudiwa wangu kuti andivigire sipo ndigeze
nemvura yandaiva ndaona munerimwe
bako. Ndakazoshamisika ndava kuona
achiuya neruredzo hanzi bako iri raiera saka
hazvaitenderwa kushandisa sipo pakugeza
kana kushandisa chinhu chinonhuwirira
chete uripedyo nebako iroro. waigona
kuzobvapo wava kumhanya nyoka
irimugotsi mako.Semunhu aive apererwa
asisina zvokuita ndaigodini inini ndaida
kutapudza tsvina ndakabva ndatotamba
inorira kugeza neruredzo rwacho.Munguva

dzemasikati kana manheru Thelma asipo ndaiwanza kuvarairwa zvangu nekuridza mbira dzangu, dzainge dzondivaraidza zvekuti ndaitombokanganwa kufunga kuti upenyu hwangu huripatambo ndaitozviona ndava kungonyemwera ndega.

Zvino ndaiva ndachineta manje ndava kungozvibvunza kuti saka ndichagara mugomo rino kusvika rini, kuti nditize shungu dzaivapo asi kwekutizira ndiko kwandanga ndisingazive. Ndakazofunga kuti ndichibuda munzvimbo yeGokwe ndiende kuMhondoro kundotsvaka hama dzangu zvichida vaigona kundibatsira, zvasekuru Dzaka zvekundiudza kuti handisi mwana

wekwaMadondo ndaiva ndisina
kugutsikana nazvo nekuti ndaiziva baba
vangu varivekwaMadondo saka hapana
pavaimbozondivanzira kusvika vafa kunze
kwekuti kana mai vangu vari ivo vakaita
uchapa vakarara neumwe murume vakaita
pamuviri zvaisazivikanwa nemurume wavo
pamwe ndopandaizonzi handisi mwana
wekwaMadondo.

Zuva retatu ndipo pandange ndafunga
kuoneka Thelma asi haana kuda
kunditeerera zverwendo rwangu chero
kubvunza kuti ndirikuda kuendepi haana
akabva angoti ndirikudiwa nasekuru kuti
vachindondichecheudza sekutaura
kwavanga vaita kwandiri. Handina kupikisa

zvangu semunhu ainge atopererwa
nezvekuita ndobva taburuka gomo tikaenda
kumba kwasekuru. Tichisvika hapana
zvizhinji zvakataurwa ndakangonzi
nditakure zvombo zvangu bvumo nemiseve
kusanganisira nembira ndobva tapinda
munzira

Takafamba usiku ihwohwo apa kunze
kwaiva nedima risingaiti chero nzira chaiyo
yaisanatsa kuoneka. Ndakatarisa varume
vandaifamba navo wanike ndivana soro
jena vega vega chero mumukanwa mavo
mainge musisina meno. Hapana aimbotaura
neni mukufamba uku, ivo vaitotaura zvavo
varivatatu apa nyaya dzavo ndaisanzwisisa
kuti dzinoenda nepi, pandakazonzwa

votaura zvekwaMujinga ndipo pandakabva
ndanatsa kuvhura nzeve,vaitaura zvavo
hunhu hwaiitwa nababa vaMujinga
munguva yehondo;

Dzaka: Baba vaMujinga vaisazeza kuuraya
varungu nevapanduki munguva yehondo
uye ushingi hwavo ndihwo hwakazoita kuti
ave mambo.Manga muchizviziva here kuti
mugomo matiri kuenda ndimo makafira
baba vamambo Mujinga uye pavakafa
pacho vakanga vataridza vanhu bako
ravaida kuzovigirwa,chakazoita chishamiso
kuvanhu zuva rekufa kwavo nekuti vakabva
kumba vatoeneka vana vavo zvese
nekugova nhaka vachiti vava kundozorora
ndobva vakwira mugomo iri kwakusvika

vakagara pedyo nebako ravaida kuvigirwa vakabva vatofirapo."

"Ndinenge ndakamboinzwa nyaya iyi asi ndaisabvuma ini,zvino nhasi zvazvataurwa nemi kudai ndava kutendeseka manje,ko bvumo raaishandisa randakanzwa kuti rakabaya muti wemuuyu ukadonha ishuwa here?"

Vakadero vamwe sekuru vandaisaziva zita ravo.

Dzaka: Aaagh munotoritaura henyu
zvebvumo racho asi munofunga kuti ririkure
kani,iri rakabatwa natenzi wangu pano dai
arimasikati maitoona mufananidzo wavo."

Ndakashamiswa ndichiona sekuru Dzaka
vachitendeka bvumo randainge ndakabata.

"Aikaka saka kureva ka kuti Majinga
atozvipira,saka tenzi venyu vanofanirwa
kutosunga dzisimbe nekuti kazhinji
panogamuchidzanwa tsvimbo dzeumambo
panotodeuka ropa."

Dzaka: Iyoyo ngatimboisiya zvinozivikanwa chete nevarikundituma,zvamaona ndakadana imi murivaviri kuti tizoita basa iri tose hadzisi pfungwa dzangu asi ndakaita zvekutoudzwa nevari pasi handizivi kuti sei makasarudzwa zvichida pane chirevo.

Havana kuzoramba vachitaura nezvazvo vakabva vatochinja nyaya vakatanga kutaura dzekudunhu ravo kwavaibva ndipo pandakabva ndaziva kuti varume ava vaisava vemaNembudziya.Takazosvika mugomo mataienda patova pakati peusiku,tisati takwira mugomo iri

vakatanga vambopfugama vese varivatatu inini ndobva ndanzi ndimire mberi kwavo ndakasimudza bvumo mudenga. Sekuru Dzaka vakatanga kutaura vachiita kunge munhu aidetemba vachikumbira kupiwa mvumo yekukwira mugomo iri. Vakati vapedza zvavaiita ndobva vati ngatikwirei asi chakandinetsa ndechekuti vakabva vatungamidza ini mberi vakati "ndifambe chero nepandinoda kufamba napo isu tichatevera mumashure mako, nguva yauchanzwa kufefetera kwemhepo inotonhorera ndipo pandinofanirwa kumira ipapo". Vakaudza vamwe vanasoro jena kuti "hapana anotenderwa kukanuka zvaanenge aona mugomo umu chero chiitiko chipi zvacho chichaitika mungava maona shumba kana nyoka hamufanirwe kutiza."

Vapedza kutaura vakabva vabata bata

pachifuva pangu rutatu ndobva vati
ndifambe;

Ndakaita sekudaro ndokutanga kufamba
ndichikwidza mukwidza wegomo,zvinhu
zvacho zvanga zvavakungozviita zvega
ndaitoita kunge munhu anoziva kwaari
kuenda nekuda kwekufambasa kwandanga
ndoita.Rima rakabva rambopera ndobva
paita chiedza zvakutoita kunge masikati
chaiwo zvekuti chero pandaitsika
ndaipaona.Ndakazosvika pane imwe
nzvimbo yaiva isina kana muti chero bundo
pasi painge pakangochena pachitoita kunge
pachivanze panogara pachitsvairwa zuva
nezuva.Pakaita imwe mhopo yaitonhorera

uye ichinatsa kufefetera semhepo irikubva mugungwa,ndakarangarira zvandanga ndataurirwa tichiri pasi ndobva ndamira.

Havana kuda kupedza nguva vakangopfugama zvakare vakadetemba ini ndakamira pamberi pavo sezvatanga taita pekutanga.Vachipedza vakandibata ndobva vaita kucheka hembe dzangu nebakatwa ndobva vadzirasira kwakadaro,ndakada kutaura ndichida kubvunza kuti zvino zvamadzicheka idzo dziridzo dzega ndichapfekei asi handina kuzokwanisa kutaura ndakabva ndavharwa muromo vakati haisi nguva yekuti nditaure ndofana kutevedzera zvese zvavanoda.

Ndakarariswa nemusana ndakashama
kudaro umwe ndobva andibata makumbo
umwe akandibata pachipfuva akaita
zvekunditsimbirira.Nguva yavakangotanga
kundibata bata ndakabva ndatotanga
kunzwa sendirikurwadziwa ndisati
ndatombochekwa.Zvaisava nyore hama
dzangu asi nekuda kwekuti ndaiva ndisina
zvekuita ndakazvishingisa semurume
ndobva ndaita zvekuomesa nyama dzangu
ndakafunda zvibhakerwa.Sekuru Dzaka
vakangondibata kamwe ndobva
vandicheka,ndakaita zvekuridza mhere
chaiyo ipapo,hameno mushonga wavakaisa
wairwadza zvekuti chero aiswa mhiripiri

muziso haarwadziwe
sezvandakaitwa.Ndakanzwa kuti
hapasisina munhu akandibata asi kuti
ndimuke zvakaramba,ndakazongoita kunge
munhu abatwa nedzikirira ndobva ndarara
zvakadaro.

Ndakazopepuka kunze
kwatochena,ndakaita zvekuvhundukira
ndokumuka ndichibata pandaiva
ndachekwa ndichida kuona asi ndakaresva
mabatire ndobva ndazvidzindira
futi.Ndakaridza mhere asi akandinyaradza
ndakamushaya,ndakatomboosheedza

sekuru Dzaka ndichiti zvimwe pane
pavakahwanda vachabudikira asi hakuna
munhu akadavira.Ndakaringa ringa
ndokuona zvinhu zvangu zvose zviripo
padiwi pangu,semunhu aida kudzora
ndangariro ndakatora mbira dzangu
ndokutanga kuridza ndikatofunga karumbo
kaienderana nekuchecheudzwa
kwandainge ndaitwa ndokutanga kuimba
apa misodzi iripamatama.Zuva rakasvika
pakudoka rikabuda rimwe ndakangogara
panzwimbo imwe apa ndakashama ndisina
kana kusimira,zvino changa chondinetsa
ndechekuti sezvo ndakanzi ndigare mazuva
matatu ndiri mugomo umu ko
pandichazoda kuburuka kana mazuva acho
akwana ndichafamba sei inini ndisina kana
hembe.Ndakaona kunge ndaiva ndaitirwa
utsinye chaihwo nemadhara aya ndobva

ndafunga kuita zvemusoro hwangu
ndiburuke ndizame kundotsvaka pamusha
wevanhu pandingaba nhumbi ndozowana
dzekufambisa ndichienda kuMhondoro
sezvo rwendo urwu ndanga ndatozviudza
kuti ndicharwuenda chete Thelma asingadi
achida. Pandakangosimuka ndikangoita
nharu mbiri ndakanzwa kutaura kweinzwi
richiti;

"kasika kudzokera pawanga wakagara
haufanirwe kuburuka gomo rino kusvika
mazuva matatu akwana."

Inzwi raitaura richiita maungira asi handina
kuona munhu wacho aitura. Ndakabvunza
kuti "ndisekuru Dzaka here?" asi handina
kana kupindurwa ndipo pandakaona

shumba yaiva nechezasi kwandanga
ndichida kuenda nako yaiita kunge yaifura
bundo.Ndakadzokera panzvimbo pangu
ndobva ndagara asi misodzi yainge
yavakubuda hana kuvhutira nekurova
ndaive ndotofema kunge dafi.Nzara
yakatanga futi kundibvunza mutupo dumbu
richiti ko watikanganwa here nhai
Tapiwa,dai raiziva kuti nguva yandanga ndiri
yaisaita kuti ndidye pamwe dumbu rangu
raigona kundinzwira tsitsi manje
sezvaranga rajaira mazuva ese raitoona
seraomeserwa.

Zuva retatu rakasvika ende musu uyu
ndakaswera ndakarara,ndakapepuka

kuhope ndichinzwa kusheedzwa kwezita rangu.Pandakamuka ndakaona murume wechikuru aiva akagara nechepamberi pangu akapfunya chisero asi zvipfeko zvaanga akapfeka zvaiva zvechinyakare.

"Ndinoziva kuti haundizivi Mukudzei asi ndini baba vako,zita rekuti Tapiwa harisiro randakakutumidza ini sababa vako rako chairo ndiMukudzei.Zvisinei hazvo ndavakungokuti Tapiwa, ndauya ndakagara pamutumbi wababa vangu nyakunditumbura nekuti ndiye muridzi wegomo rino rawakwira.Ndinokutenda mwana wangu nekuteerera vakuru kwawaita.Upenyu hwako huripatambo uye

uchaona pfumvu, matama ako achagara
achierera mvura yekutambudzika asi nhasi
ndauya kuzokupa masimba kuti
ugogamuchidzwa nhaka yaifana kuuya
muruoko rwangu. Murandakadzi ndamuona
uye ndamutambira, ndataura futi
nevekwake vakakutambira, nhasi izuva rako
rekudzika mugomo muno asi uchasangana
nehurungudo yako pauchange
wavakupedza materu egomo rino. Ndinoziva
kuti pfungwa dzako hadzisati dzanzwisisa
zvirikuitika asi kuti uve nechokwadi chizere
ita zvirimupfungwa dzako, Ruvheneko
achaedza kukurambidza asi iwewe famba
uende uye ndichava newe mukufamba
handikusiye nekuti ndiwe hura hwangu."

Ndakasara ndine mibvunzo hobho asi ndakaona murume uya atonyangarika ndisati ndatomboshama muromo. Pazvose zvainge zvataurwa kutaura chokwadi handina zvandakanzwisisa kunze kwemasho ekupedzisira erwendo rwangu, ndakangozosiya nazvo ndobva ndati chokwadi ndichandochiwana ndasvika kuhama dzangu kwete zvemahumbwe aya andirikuitirwa nevanhu vandisingazivi.

Nguva yekuti ndidzike yakakwana ndobva ndatora zvinhu zvangu kwakutanga kufamba zvizhoma nezvizhoma ndichidzika

gomo ndiri musvo kudaro,ndaíta
zvekunyangira kuti ndisanzwikwa mutsindo
ndaítýa shumba yandainge ndaona zuro
kwacho.Bvumo rangu ndaiva ndakaita
kuribata ndakagadzirira kubaya kana
pakaita chinoda
kundikuvadza.Ndakazovhunduka shiri
yakambururuka kwakubaya mhépo
nebvumo ndobva ndawira pasi
nemberi,ndaífana ndakabva mazino chete
asi ndakaita rombo rakanaka handina
kuwira padombo.

Ndakasimuka kwakuzvipukuta pukuta
nekunonga miseve dzangu dzanga dzadona
ndikatanga kufamba zvakare.Pandainge
ndavakusvika panoperera gomo ndakaona

hembe dzaiva dzakaturikwa
pamuti,ndakatsveta zvinhu zvangu pasi
ndobva ndamboringa ringa ndichiti zvimwe
ndichaona muridzi wembatya idzi asi
handina kana munhu
wandakaona.Ndakatora hembe dziya
ndikapfeka ndokuona dzichinatsa
kundikwana,p andakapedza ndiyo nguva
yakabudira Thelma achimhanya ndobva
asvika achindimbundira.

Thelma: Hande wena hatina nguva ,
parizvino ndavakuziva zvose pamusoro
pako saka ndoda kundoudza sekuru Dzaka
zvandakaona madeko kuhope.

Ini: Handina kuna sekuru Dzaka
kwandirikuenda Thelma,ndoda kuenda
kuMhondoro kuhama dzangu asi
ndinokuvimbisa kuti ndinodzoka.

Thelma: Aiwa kwete Tapiwa hauna
kuMhondoro kwaurikuenda unoda
kundisiya nani?

Ini: Kana usingadi kuti ndiendeko ndiratidze hama dzangu ndaneta ini nekutambiswa bhora risina mweya,izvezvi ndavakugara musango kunge mhuka ko sei usingandinzirowo tsitsi kana uchindida.

Thelma: Ndovawanepi nhai ndosaka ndati ndine zvandakaoneswa zvinoda kutaurwa sekuru varipo,uye ndakugadzirira nyama yehwai yakakora yandinoda kuti usvike uchidya semunhu anga avanemazuva asingadyi.

Ini: Wosara zvakananaka
Thelma, undokwazisa sekuru uvaudza kuti
ndichadzoka ndovaona kana ndichiri
mupenyu. Kana chirichikafu usazvinetsa
hako, ini nenzara tava masahwira ukaona ini
watoona nzara saka zvava muropa izvi
zvekurarama ndisingadyi.

Ndichipedza kutaura ndakabva
ndatotendeuka ndokutanga kufamba
ndananga rwendo rweMhondoro
netsoka, hanzi kune vanhu hakurashe saka
ndaiziva kuti ndinosvika chete chero
ndisingakuzivi. Thelma akaedza

kundisheedza kutodini asi handina kugara
ndada kumudavira,zuva rakadoka
ndavakure zvisingaiti ndipo
pandakasangana nevamwe varume vaiva
nembwa dzavo vachivhima vakabva
vandikomba uku imbwa dzichindihukura
kunge dzirikuona mhuka yemusango.

Ini: Murikudei nhai imi varume,handisi
muvengi wenyu nditori parwendo
rwokuenda kuMhondoro kuhama
dzangu.Ndokumbirawo moyo wenyu
mundirege ndipfuure nemudunhu
menyu.Kana musingandivimbe handei
chero kumusha wamambo wenyu.

Varume tirikunyeperwa,munhu uyu imhondi
ngatimuurayi.....

End of Chapter 14

*MY ENEMIES BECOME FRIENDS*

↑ ♂ ♂ ♂ ♂ ♂

↑ ♂

*WRITTEN BY*

DR KD MAZANI

+27 84 048 8648

TAMARI MURENGA

+263 71 276 8826

AND

PATIE

+27836691280

[https://chat.whatsapp.com/JQII593ENT9C
YK9IkqAdku](https://chat.whatsapp.com/JQII593ENT9CYK9IkqAdku)

LAST FREE CHAPTER

***CHAPTER* 1 5**

*CHIRADZA*

"Chiradza maitiro ako awava kuita handichaanzwisise muno mudunhu,ko sei wamhanyira kuti Staben ishukuviri usati wanzwa nyaya yacho kuti ndeyei apa uchiratidza kuvhundukira kunge une zvaunoziva zvawakafimbika muhana uchitya kuti zvinobuda?"

Vakadaro mambo vakavhura maziso avo zvairatidza kuti vakagumbuka uku vakamisa chipfuva mudenga kunge mhakure inoda kuruma munhu.Hana yangu

haina kumira kurova,ndakatanga
ndambotura befu ndobva ndazopindura
ndichiratidza kuzvinipisa pamberi patenzi
wangu.

Ini: Aiwa mambo wangu handina kana
chimwe zvacho chandakapfimbika muhana
yangu,inga munozviziva wani kubvira kare
zvamakandipa basa iri kuti hapana
kumbobvira pane chiitiko chaitika mudunhu
ndichiziva ndorega kukusumai
sezvazviri.Ndinofunga kana pane
zvamakaudzwa naStaben
chingondirumaiwo nzeve murege
kugumbuka zvakadaro.

Mambo: Handingaregi kugumbuka nekuti
nezuro pawakaperedza vatumwa
vaNembudziya wakanonoka
kudzoka,ukandiudza kuti wambenge
uchifamba nedunhu uchiongorora saka sei
usina kuziva kuti Bwaga akaponda
mukadzi wake akauraya?

Ini: Hezvo zvaari mashura nhai tenzi
wangu,ndakapfuura napo pamusha
paBwaga ndikawana pakati dii pasina kana
munhu.Ruregerero mambo wangu chiregai
ndofunga akatohwanda akazvipfigira
mumba andiona,chiregai ndimhanye

mhanye nemuzinda ruchiri rungwanani
kudai ndiudze machinda andomutora
pamwe chete nekuita zvinoita kuti pawane
anondozivisa hama dzemukadzi.

Mambo: Zvose izvo zvakaitwa naStaben
madeko,uye chirikundishamisa ndecheti
urikuti hauna kuona munhu pamba pake,
asi izvi zvakaitika nguva yacho yawaifamba
nedunhu.Bwaga wacho kutaura kudai
akabatwa ava kuda kutotiza,changosara
chete ndechekuti tichengete mufi kana
hama dzake dzauya tapedza tozopa Bwaga
mutongo wake unoenderana nekuuraya
kwaakaita.

Ndakarwadziwa kusvika pakupedzisira
ndichizvibvunza kuti ko sei Staben ava
kumira mira mberi kwangu achitanga
kusvitsa nyaya kuna mambo asati atanga
nekwandiri sezvaaita kare. Chekumuita
panga pasina ndakangokuvarira mukati
sesokisi nekuti ndakatya kuti ndikaenda
kumba kwake kundomurwisa aigona
kutsamwa akazosvika pakunditengesa.

Ini: Shuwa ndine hurombo mambo, ndoda
kutidimhanye kundotenda Staben nebasa
guru raakaita. Ndiko kushandidzana
kwakanaka uku manje ini ndanga ndafunga

nepasipo ndikati zvimwe auya akasvibisa zita rangu.Zvino ndisingazivi pamwe ndamhanyisa asi ndaida kuziva kuti sezvo munhu watakanga takavimba kuti ndiye achazova mambo sekutaura kwamakaita zvino zvaakafa saka ndeipi imwe pfungwa yamava nayo?

Mambo: Izvozvo tichazotaura nezvazvo kana tapedza hurongwa hwedoro zvichida vadzimu vanogona kutionesa nepamwe.

Ndakaita kupererwa chaiko nemhinduro yamambo,kureva kuti vaisatombozvifunga zvekuzosiira ini basa.Takazotaura dzimwe nyaya asi ndaive nekakutya kuti ko musi wacho watichaenda kumapa ko vanhu vakafunga kushandisa nzira yekusango kwataiva takaviga zvipfuyo zva Tapiwa chii chaizoitika. Ndakatozviudza kuti ndaida kuzonotarisa kuti zvakanga zvichiriko here pasina azvitora. Kana zvekuramba ndichiita nyaya na mambo ndakaona kuti zvinogona kunditorera nguva ndakatooneka ndichiti ndichambofamba ndichidzwa zvakange zviri kuitika muma misha. Ndakangotaurira kuti vasazondi tsvage kana kuzotuma futi vanhu kuzondideedza.

Ndichibva ipapo handina kuda kuenda nekumba kwangu ndichinooneka ndakangotanga kuenda nekune gomo randaive ndasiya zvipfuyo. Ndiri munzira ndaimboita ndichicheuka kuti hapana ainditeerera here asi handina wandakaona ndikaziva kuti ndakange ndatobudirira. Asi kuti zvipfuyo zvacho ndaizoita sei nazvo nekufamba kwenguva kuti mambo asazozvione ndizvo zvaitondishungurudza nekuda kwekuti vamwe vaizviziva saka ndaibva ndatobatwa.

Ndichisvika pandakange ndasiya zvipfuyo
zviye ndakambopukuta maziso angu
ndichifunga kuti zvimwe ndakange ndiri
kukanganisa kuona kana kuti ndaitove
kuhope nezvandaiona kumberi kwangu. Ini
ndaiziva kuti ndakange ndakapfigira
zvipfuyo kwete mhuka dzandakazoona
dzirimo mumatanga aya. Ndakange ndasiya
ndapfigira zvipfuyo asi mudanga remombe
maitove neshumba membudzi mune
mapere.

Handina kuda kumira pakadaro nekuti ndakatoona kuti zvakange zvisina kumira mushe ndikaita chitsoka ndibereke ndichimhanyisana nemhepo .

Ndakatombedonha nguva yandakanzwa kuchema kwebere nguva yandaimhanya ndichienda nekusiko pandaive ndakuti ndidzoke nditore nzira chaiyo.

Ndakatora nguva ndiri panzvimbo imwe chete ndichingotenderera kuri kushaya kwekuti ndiende nako ndakazopedzisira ndazvidzikamisa ndikaita zvinoitwa kana munhu vadzimaizwa kuti ukwanise kuona kwekuenda nako ndipo ndakazokwanisa kudzika mugomo muye. Handina kuda kuenda kumba nekuti kwaisaendeka ndisina kutanga ndabvunzira kuna sekuru vekusvikirwa ndakatoona kuti ndivo vega vaikwanisa kunditsanangudzira pakange pasisina chekuti ndovavanzira nekuti vaiziva zvese.

Ndichisvika kumba kwavo handina kumirira
kuti vandidaire ndakangopinda
ndichimhanya nekuti ndaitononokerwa kuti
ndiudzwe kuti zvakange zvafamba sei kuti
zvivosvika pakudaro kuti zvipfuyo
zvizochinja kuita mhuka dzesango.
Pfungwa yekuti pane munhu mupenyu
akange azvichinja zvakandirambira nekuti
zvaisaitika chero nani zvake nekuda
kwekuti aiwe nemasimba.

sekuru... " Nhai chiradza seiko uchiita kunge mwana mudiki iwe .chii chanetsa chinoita kuti upinde uchimhanya mumba mangu zvakamboitika kupi izvozvo asi pane zvaitika here"

Vakazotaura kudaro asi ndakange ndatogara ndakatsikitsira pasi ndiri kuedza kufunga kuti asi chii chanyatsoitika nekuti ndaitoshaya pekutangira ndaifungira kuti pamwe vaigona kuzviramba vachiti ndinonyepa sezvo zvakange zvisati

zvakanboitika mudunhu medu kubva ndiri mudiki. Ndakazongorovera moyo padombo ndikataura zvese zvandakange ndaona kwandaive ndaenda asi handina kuda kutaura kuti ndakange ndazviona kupi kana vaizozviona chete zvaisava nebasa neni ndaiziva kuti vaisataura nekuda kwemari yangu yandaive ndakavapa. Vakatangira kurovanisa hakata dzavo vachipedza vakambotora nguva vakanditarisa ndikazonzwa vavakuti:

Sekuru... " Nyaya iripano yakaoma vakuru

vangu, zvakwamuri kuzvitambira kana kusazvitambira. Nemivo mega maona zvinhu zvamusati makamboona zvichireva kuti pane vasiri kufara nazvo. Nhasi ndoda kukuudzai kuti chero mukaedza zvakangei hapana chamunokwanisa kumuita muridzi vezvipfuyo izvozvo kana zvipfuyo zvake nekuti chiri paari chihombe kupinda ini chaiye. Kutaura kwandiri kuita kudai pane kwaari kutogara hake asi kudzoka kwake kuchaita kuti zvinhu zvakawanda zvichinje. zvimwe zvacho zvichakushamisai dai muri vamwe matatora zvenyu zorororo nekuti muri kuzvigokera moto muziso umabatisise mashoko angu pamwe ini ndinenge ndatongerwa mhosva dzangu dzandakapara. hapana achaziva nekuti ndinoziva kuti vakandimbunyikidza kutaura zvinhu zvekunyepa kuna mambo izvo

zvandoziva kuti zvinotsamwisa
varikumatenga."

Ndakatoridza tsamwa zvangu
ndichisumuka asati apedza kutaura
mudhara uyu nekuti ndakatoona kuti zvese
zvaitaura kwaive kuri kuda kundityisidzira
chete pakange pasina zvimwe. Manje
aisandiziva mushe ndakasiya ndatomuudza
kuti angoti bufu chete ndaizopedzerana
naye. chero mambo akauya achibvunza
zvakangei zvine chekuita neni hapana
chaizotaura zvekumusekerera ndakatoona

kuti zvaisashanda nekuti apa akange
avakuda kutondipinda nenyaya yekuti
inogona kuzonditsitsirira iye osara achiita
zvaanoda.

Ndakaenda kumba ndakatozviudza kuti
ndaيدا kuzonozvionera ndega kuti
ichokwadi here kuti Tapiwa akange ari
mupenyu paizotumwa vanhu nemhinduro
chero ndaizonzi ndisare ndaisazoshaye
chekutaura kuti ndikwanise kuenda nawo
kunoongorora nekutapa manzwi.
Pamachinda akange akatumwa hapana

aizotadza kundiudza.

Ndakazosvika kumba kunze kwakange
kwatosviba ndikatoona mhuri yarara asi
pakamuka mudzimai wangu ndakanzi
mambo wati mangwana ndimukire
mangwanani apa nekuneta
kwandainyatsonzwa dai pasina kuti ndaive
ndine nyaya dzangu musi uyu ndairamba.

Kuchiedza ndakagadzirira kubuda asi
ndaive ndanonoka ndakasvika vanhu
vatozara. Hapana kuzopera nguva nyaya
yavakanga vaunganidzirwa yakataura
sekuuya kwayainge yakaita. Hapana akada
kumbopikisana nazvo. Pakuti aizoenda
nemhinduro ndiyani ndipo pakamboti netsei
nekuti ini ndakange ndisina kusarudzwa
handizive kuti nekuda kwei ndakazoita
zvekutovaudza kuti hazviite paende
vasingazive nezveko chete asi
ndichavaperekedza nekuti zvaizogona
kunetsa ndipo pavakatozoratidza
kunzwisisa.

Tiri munzira kuenda ndaitofunga kuti chinhu chaigona kuita kuti ndikwanise kuongorora zvandaida kunyepedzera kuda mwana wamambo nekuti zvaigona kuita kuti ndipinde chero nepasingapindwe nevamwe ende zvaigona kundiitira nyore apa ndakatoona ndabudirira kwete zvandaive ndambofunga pakutanga. Hongu ndaigona kuzongovabvunzavo machinda amambo acho kana ndazoshaisisa kune mwana wamambo.

Tichisvika takatambirwa zvakanaka
vairatidza mufaro pachiso pavo izvo
zvakaite ndione kuti ndaigona kubudirira.
Takakwazisana tichivaremekedza sezvo
vaive mambo takanga taendeswa
nemachinda avo kwavaive ndini
ndakazotanga nenyaya yataive tafambira:

"Ishe wangu ndatumwa na mambo wangu
mujinga. ndakavamirira vati shoko renyu
ndakarinzwa ndikaritambira nevanhu vangu
vakaritambira hanzi handisisina chigumbu
nemi nekuti makabvuma mhosva
dzenyu. Hanzi motiudza kuti zvoitwa zvarini

iye chero nguva akasununguka anotoda
kunzwa imi pakakusunungikirai."

Mambo..."Zvakanakai ndinotenda chaizvo
nerudo rwake ini ndaifunga kuti masvondo
maviri anoteera ayo ndofunga tinenge
tapedza kugadzirira regai nditi varipasi
pangu vauye tinyatsoronge mazuva acho.
sunungukai henyu pano takamirira vamwe
hazvizoite kuti vazoita zvekunzwa chero
tambozviti taurei.

Paakadaro ndakatoona kuti ndivo vakange
uri mukana vekuti nditaure naye
nezvemwana vake kuti ndakange
ndapenyerwa naye pandakamuona apa
ndaida kuedza kuti ndione mukana wekuti
nditsvage zvandiri kuda,ndakavaudza kuti
"ndinoda kuona mukunda wenyu" ndakaona
vachiratidza kufarira zvandaitaura.

"Sunungukai henyu munokwanisa kuenda

kunhanga kwake uku munomuona ariko.
munoenda nemachinda angu aya
achakuudzai zvekuita kana masvikako kuti
mukwanise kutaura naye pakaita chinenge
chanetsa munouya kwandiri."

Ndakafadzwa nemashoko amambo
ndikasiya padiki diki kuti ndizviratidze ipapo.
Ndakatozviudza kuti kana ndaizomuona
chete Tapiwa apa ndaida kumusiya
ndanyatsoona kuti afa zvema shuwa here
kana kutomufushira ndirini. Kana
ndaisazonzwa nezvake kwese
kwandaizobvunza zvaireva kuti ndakange
ndanyeperwa chete nasekuru vachida kuti
ndingoomeserwe chete..

Takasvika tikanzi tipfugame pamusuwo
tichiombera achabuda hake mumba make
asi chakandichamisa ndakazoon
mhandara sikana yakamira kushure
kwedu.Pandakatendeuka akabva aona
chiso changu akaratidza kushamisika;

"Ko murikudei pano,ndiwe ka waida
kundipaya nebvumo asi unofunga kuti
ndakukanganwa."

Ini: Muchiona ndauya kudai ndatobva
nekuna mambo,shuwa ndinoziva
ndakatadza ndinokumbirawo kuti utaure

zvaunoda ndiripe.

"Handina chandinoda pauri iwewe,taura
zvako zvawafambira ndinzwe."

Ndakabva ndakwenya umwe wangu
wandanga ndiinaye kuti abve tisare
tirivaviri,akabva asimuka kwakusara
ndikakumbira mukunda wamambo kuti
ndipinde munhanga make ndobva abvuma.

Ini: Ndinoziva kuti munoziva
zvese,ndinokumbirawo kuti mundionese

nekuti ndiri kutsvagana nemuchinda anonzi
Tapiwa,mambo wangu ati arikumuda
nekukasika.

"Hehehede,Chiradza ukati haushuri here
iwe?Handisi kuda kutambisa nguva yangu
ndichitaura.....imi heyi huyai mubudise
munhu uyu mumba muno ndisati
ndagumbuka.Nxaaaa naivo mambo
vanazvo sei vachikasira kuvarairwa
zvakadai"

Akadaro avakutotaura ega zvairadza kuti
haanei nemashoko angu.Ndakasimuka

ndikakotamisa uso hwangu ndobva
ndabuda mumba make.

Ndakazodzokera kwanga kuna mambo
ndikavatenda zvikuru nemukana wavanga
vandipa wekutura nemwana wavo
kunyangwe zvazvo tisina kuzonzwanana.

Mambo vakapira vanhu nyaya vakapedza
ndobva isu taoneka kuti
tavakudzokera. Takaperekedzwa
nemachinda avo, tirimunzira kudaro
ndakavabvunza kwandingawana mushoperi
ane mbiri vakabva vati aripo wavanoziva

ndobva vandiperekedza.

Takasvika pamusha pemukuru uyu ndobva
ndaombera ndikavapira nyaya
yangu.ndakavaudza kuti vakandibetsera
chete nekundizivisa kuna Tapiwa
ndaizovapa muripo wezvose
zvavanoda.Vakatanga kuita mashiripiti avo
ndobva vatora girazi vakatanga kuseka
vakatarira pagirazi paya.

"Ndiye here munhu waurikutsvaga?"

Vakadaro vachitendeka girazi,ndakabva
ndaona Tapiwa achiita kukweva makumbo
achifamba asi kufamba kwaaita zvairatidza
kuti aneta.

Ini: Hongu ndiye chaiye.

"Saka unoda kuti ndiitasei naye nekuti
ndinogona zvese?"

Ini: Ndinoda kuti afe chaiko.

Vakaseka zvavo ndobva vatora banga ravo raipenya vakanditambidza zvikanzi ndibaye girazi iroro ndakanangisa musoro.Ndakaita sekudaro ndichipedza ndakaona mugirazi muya matsvuka ropa rega rega.

"Hehehehehe yaaaaa tapedza naye uyu asi muripo wangu ndinoda mombe gumi"

Ndakafara veduwe ndobva ndavaudza kuti
mombe dzavo ndaizovavigira ndimene
munguva pfupi yaitevera,vakabva
vandisungirira kamwe katambo muruoko
vakati "ukarega chete kuuya nemombe
dzangu muchapedzerana netambo iyeyi."

.....

End of chapter 15